синий красный желтый черный

**1921** **2011**

# НЭХЪРИ ЕФIАКIУЭ, ДИ ХЭКУ ДАХЭ!

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэралыгъуэр нобэ илъэс 90 ирокъу

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ
АДЫГСКОЕ СЛОВО

№№163-164 (22.072) • 2011 гъэм фокIадэм (сентябрым) и 1, махуэку • И уасэр соми 6-щ

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм егъэджэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» цIэ лъапIэр яфIэщыным и IуэхукIэ

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Указ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и егъэджэныгъэ IэнатIэм илъэс куэд хъуауэ хьэлэлу зэрыщылажьэм, къытщIэхъуэ щIэблэр гъэсэнымрэ щIэныгъэ етынымрэ я Iуэхум хэлъхьэныгъэ ин зэрыхуащIам папщIэ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм егъэджэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» цIэ лъапIэр яфIэщын

**Жамырзэ Лидие Сурэждин и пхъум** - Бахъсэн къалэ округым и щыпIэ администрацэм ЕгъэджэныгъэмкIэ и департаментым и унафэщIым

**Къуэдзокъуэ Ритэ Темболэт и пхъум** - Тэрч муниципальнэ районым щыIэ «Тэрч къалэ жылагъуэм курыт щIэныгъэ щрагъэгъуэт и еджапIэ №3» муниципальнэ IуэхущIапIэм и унафэщIым

**Нехорошевэ Светланэ Иван и пхъум** - Май муниципальнэ районым «Май къалэм курыт щIэныгъэ щрагъэгъуэт еджапIэ №3» муниципальнэ IуэхущIапIэм и унафэщIым.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент**
**КЪАНОКЪУЭ Арсен**

*Налшык къалэ*
*2011 гъэм шыщхьэIум и 26-м*
*№130-УП*

## Зыщ ди блэкIари, зыуэ щрет ди къэкIуэнури!

Адыгэ макъ

ЧЕРКЕС ХЭКУ

**Адыгэ газетхэм я къыдэкIыгъуэ зэхэт №88**

### Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэралыгъуэр илъэс 90 зэрырикъум и щIыхькIэ КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен цIыхухэм

# ЗЭРЫЗАХУИГЪАЗЭР

Си хэкуэгъу лъапIэхэ! Нобэ дэ догъэлъапIэ гуфIэгъуэшхуэ - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Къэралыгъуэр илъэс 90 зэрырикъур!

Мы зэманым Къэбэрдей-Балъкъэрыр Урысей Федерацэм псынщIэу зызыужь и щIыналъэщ. Республикэм псэуныгъэ-экономикэ щытыкIэр щыIейкъым, мыхьэнэшхуэ зиIэ унэтIыныгъэ куэдымкIэ Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым пашэныгъэр щиIыгъщ: Къэбэрдей-Балъкъэрыр хагъэкIащ дотацэ куэд зыхуаутIыпщ щIыналъэхэм, мыбы агропромышленнэ комплексым, мэкъумэш хозяйствэм, экономикэм и адрей IэнатIэхэм жыджэру зыщауæь, муниципальнэ районхэмрэ къалэхэмрэ IуэхущIапIэщIэхэр къыщызэIуах, Урысейм, нэгъуэщI къэралхэм къикI инвестицэхэри къагъэсэбэпурэ. Апхуэдэу щыщыткIэ, цIыхухэм IэнатIэщIэхэри ягъуэт. Егъэджэныгъэм, узыншагъэр хъумэным, спортым, щэнхабзэм, зыгъэпсэхуным егъэщIылIа псэуалъэхэу мыхьэнэшхуэ зиIэхэр щрагъэфIакIуэ.

Абы къыдэкIуэу иджыри лэжьыгъэшхуэ къытпэщытщ ауэ жыжьэуи мытынш къалэнхэр зэфIэдгъэкIын папщIэ. Ауэ си фIэщ мэхъу сыт хуэдэ къалэнри зэфIэдгъэкIын, сыт хуэдэ гугъуехьри къызэднэкIын зэрытхузэфIэкIынур. Абы папщIэ дызыхуеину Iэмал псори нобэ диIэщ. Псом япэу апхуэдэ Iэмалыр къыдэзытыр мамырыгъэмрэ зэгурыIуэныгъэмрэ япэ изыгъэщ цIыхубэ гуащIафIэ, лъэпкъ куэду зэхэт дызэриIэрщ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэр куэд щIауэ цIэрыIуэщ лэжьакIуэ IэкIуэлъакIуэхэр, егъэджакIуэхэр, дохутырхэр, къэралым и нэгъуэщI щIыпIэхэми къыщацIыху творческэ интеллигенцэр, жылагъуэ, дин лэжьакIуэхэр, зэфIэкIышхуэ зыбгъэдэлъ спортсменхэр, щIалэгъуалэ акъылыфIэ зэриIэмкIэ. Абы къыхэкIыу лъапIэныгъэ ин дыдэр - ди лъахэ гъуэзэджэм дыщыпсэуну икIи дыщефIэкIуэну Iэмал къытхузэIузыха щIэиныр - къызылъыса дэ дызытетын хуейр зы гъуэгу закъуэщ - дыщалъхуа лъахэм зегъэужьынымрэ зегъэузэщIынымрэ дыхущIэкъунырщ!

Ныбжьэгъухэ, дэ диIэщ дызэрыгушхуэни дызыхущIэкъуни! Си фIэщ мэхъу дэ къэкIуэну зэманыфIым дыхуэзышэ гъуэгум сыт хуэдэ лъэпощхьэпори зэгъусэу лъэныкъуэ зэрыщедгъэзыфынур! ИпэжыпIэкIэ уасэ зимыIэ а фIыгъуэ иныр тхъумэныр икIи гъэбэгъуэныр, ди зэкъуэтыныгъэр гъэбыдэныр, Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэм я лъэщагъым хэгъэхъуэныр ди къалэн нэхъыщхьэу къызолъытэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэу псоми сохъуэхъу ди гуфIэгъуэмкIэ - Республикэм и МахуэмкIэ! Дэтхэнэ унэми мамырыгъэрэ зэгурыIуэрэ, дэтхэнэ унагъуэми узыншагъэ, насып, фIыгъуэ илъыну си гуапэщ!



Дыгъуасэ

Сурэтыр **МАМИЙ Руслан** *трихащ.*

# Ди лъахэгъу пэрытхэр

**КъБР-м щагъэлъэпIэну махуэшхуэхэм я пэ къихуэу республикэм и Президент Къанокъуэ Арсен иригъэблагъэри, медалхэмрэ дамыгъэ лъапIэхэмрэ яритыжащ ди лъахэм и цIэр фIыкIэ зыгъэIу, и Iуэхухэр зезыхьэ, и зыужьыныгъэм зи гуащIэ хэзылъхьэ лэжьакIуэ пажэхэм.**

ПРЕЗИДЕНТЫМ и унафэкIэ пщIэ хуащIащ физическэ щэнхабзэмрэ спортымрэ зегъэужьыным илъэс куэд хъуауэ хьэлэлу хуэлажьэхэм, гъуазджэ, ухуэныгъэ, метеорологие, экономикэ, финанс, щIэныгъэ-егъэджэныгъэ, щэнхабзэ, нэгъуэщI IэнатIэхэми пэрыт ди лъахэгъу цIэрыIуэхэм.

ЗэIущIэр къызэIуихри, къызэхуэса псоми махуэшхуэмкIэ ехъуэхъуащ, мыпхуэдэ зэIущIэхэр иригъэкIуэкIыну зэригуапэр жиIащ **Къанокъуэ Арсен**.

- Нобэ мы пэшым щIэсхэр зи гуащIэдэкIкIэ пщIэ къэзылэжьа, гъащIэм жыджэру, IуэхуфI щызэрихьэу хэткIэрэ УФ-м, КъБР-м я гулъытэ къэзыхьа цIыху гъуэзэджэхэщ. Къыхэгъэщыпхъэщ абыхэм я фIыгъэкIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Къэралыгъуэр илъэс 90 щрикъум ди щхьэр Iэтауэ, пщэдейрей махуэр зэпэщ зэрыхъунумкIэ шэсыпIэ дихьэфын хуэдэу дызэрыIущIэр, - жиIащ Къанокъуэ Арсен. - Финанс щытыкIэ зэпIэзэрыт, экономикэ лъабжьэ зызыужьа диIэу, къэкIуэнум жыджэру, гукъыдэж худиIэу дыIуощIэ илъэс 90-м, абы къищынэмыщIауи къалэнышIэхэр зыху догъэувыж. Абы хохьэ инвестицэ къыхегъэлъхьэн и лъэныкъуэкIэ нэхъыбэ къыдэхьэхыныр, хьэрычэтыщIэ Iуэху цIыкIум, курытым нэхъри зегъэужьыныр, гугъапIэшхуэхэр идопх агропромышленнэ, курорт IэнатIэхэм.

КъэкIуэну илъэситхум мурадышхуэхэр худиIэщ, абыхэм ящыщщ ди лъахэм исхэм я псэукIэр къызэрызэгъэпэщар УФ-м ику иту щыщыIэ щытыкIэм хуэдгъэкIуэныр, дэтхэнэ ди зы лъахэгъури экономикэ Iуэхум къыхэтшэу и щхьэ зэригъэпсэужын къызэрилэжьыжыфын Iэмал къыхуэдгъэпэщыныр. Нэгъуэщ лъэпкъ проект куэд дгъэхьэзыращ егъэджэныгъэр, узыншагъэр хъумэныр, социальнэ IэнатIэр нэхъыфIу зэтеублэным хуэунэтIауэ.

Си фIэщ мэхъу зи гугъу сщIахэр къызыхуэтыншэу къызэрыдэхъулIэнур, абы папщIэ IуэхугъуитIым дытетын хуейщ къуэдейуэ аращ - властымрэ жылагъуэмрэ зэгурыIуэу, купщIафIэу зэдэлэжьэныр; республикэм щыпсэу лъэпкъхэм я зэхуаку зэгурыIуэрэ мамырыгъэрэ дэлъыныр.

Президентыр къызэхуэса псоми ехъуэхъуащ узыншагъэ быдэ, ехъулIэныгъэ яIэну икIи нобэрэ пщэдейрэ екIуэкIыну гуфIэгъуэ зэIущIэхэм хэтыну иригъэблэгъащ.

ЗыIэрагъэхьа ехъулIэныгъэхэм папщIэ КъБР-м и ЩIыхь тхылъыр, УФ-м, КъБР-м щIыхь зиIэ я цIэ лъапIэхэр, медалхэр зыхуэфащэхэм яритыжащ Къанокъуэ Арсен. КъыхуащIа гулъытэр я щхьэ закъуэм зэрырамыхьэлIэр, ар гуп псо лэжьыгъэм къызэрыпэкIуар, щIыхь зыпылъ дамыгъэхэм нэхъыбэжым зэрытригъэгушхуэр, республикэм, къэралым дяпэкIи хьэлэлу хуэлэжьэну зэрыхьэзырыр жаIэу зэIущIэм къыщыпсэлъащ уэрэджыIакIуэ цIэрыIуэ **Ташло Алий**, КъБР-м финансхэмкIэ и министр **Бышэн Азрэт**, УФ-м и Пенсэ фондым и IуэхущIапIэу КъБР-м щыIэм и тхьэмадэ **Щауэжь Хьэсэнбий**, КъБКъУ-м физикэмкIэ и факультетым и кафедрэм и унафэщI **ХъуэкIуэн Мурат**, «Россельхознадзор» федеральнэ центрым и тхьэмадэ **Сэхъурокъуэ Хьэутий** сымэ, нэгъуэщIхэри.

Республикэм и нобэр зыгъэдахэ, и пщэдейм и зэIузэпэщыгъэм телажьэ къулыкъущIэхэм, юристхэм, егъэджакIуэхэм, экономистхэм, артистхэм, сурэтыщIхэм, дохутырхэм, щIэныгъэлIхэм, журналистхэм, ухуакIуэхэм, спортсменхэм Къанокъуэ Арсен и гъусэу сурэт зытрагъэхащ.

**НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ**

синий красный желтый черный

**ГуфIэгъуэ хъуэхъухэр**



## УФ-м и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым щыIэ Хлопонин А. Г. нэщIикIыж гуфIэгъуэмкIэ къазэрехъуэхъур

**ПщIэ зыхуэтщI ныбжьэгъухэ!**

НэщIикIыж гуфIэгъуэ инымкIэ сынывохъуэхъу си гумрэ си псэмрэ къабгъэдэкIыу. Мы махуэм егъэщIылIащ псэкупсэ купщIэшхуэ. Абы гъэсэныгъэ мыхьэнэ ин иIэщ. Дэ абы хыдолъагъуэ гущIэгъумрэ хуэгъэгъуныгъэмрэ, цIыхухэм ядэIэпыкъуным ехьэлIа гупсысэхэр. Абыхэм муслъымэным и мызакъуэу, нэмыс зыхэлъ дэтхэнэ цIыхум и дежкIи мыхьэнэ ин яIэщ.

Мы зэманым апхуэдэ гупсысэхэр зэи хуэмыдэу Кавказым сэбэп щохъу икIи дэ дыхуейщ абыхэм мы щIыналъэм бжьыпэр щаIыгъыну. Нэмысым тещIыхьа лъабжьэ быдэр ди щIэгъэкъуэнущ дэ экономикэ, псэуныгъэ IэнатIэхэм, лъэпкъхэм я зэхущытыкIэхэм яхуэгъэза къалэнхэр зэрызэфIэдгъэкIыфынур.

НэщIикIыжыр зыгъэлъапIэ псоми сигурэ си псэкIэ сохъуэхъу гуфIэгъуэ ин яIэну. Апхуэдэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым и цIыху псоми мамырыгъэ, гуапагъэ яку дэлъыну, фIыгъуэ яIэну сыхуейщ.

*ПщIэ къыфхуэзыщI,*
**УФ-м и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым щыIэ ХЛОПОНИН Александр.**

**Вэсэмахуэ, НэщIикIыж хьид махуэшхуэм, и пщэдджыжьым цIыху куэд щызэхуэсат республикэм и Мэжджыт нэхъыщхьэм. Абыхэм защыхуигъазэм, Къэбэрдей-Балъкъэрым и муслъымэнхэм я дин IуэхущIапIэм и унафэщI Дзасэжь Хьэзрэталий зэхуэсахэм хъыбар яригъэщIащ КъБР-м и муслъымэн псоми гуапэу ехъуэхъуну икIи хьид нэмэз лъапIэр ядищIыну республикэм и Президент Къанокъуэ Арсен къызэрыкIуамкIэ, ягу къигъэкIыжащ абы и мылъкукIэ Мэжджыт нэхъыщхьэр яухуауэ зэрыщытари.**



# Жэмыхьэтым нэмэз ядещI

КЪАНОКЪУЭ Арсени нэщIыр иIыгъащ а мазэм къриубыдэу. Ар республикэм и муслъымэн псоми Хьид махуэмкIэ гуапэу ехъуэхъуащ икIи къыхигъэщащ иджыри республикэм и зы мэжджыт нэхъыщхьэрэ диным и еджапIэ нэхъыщхьэрэ зы комплексу зэхэту Налшык ухуэн зэрыщыщIадзар, абы текIуадэ мылъкур Урысей Федерацэм и Президентым и унафэкIэ, федеральнэ бюджетымрэ КъБР-м еймрэ зэгъусэу зэрыхалъхьэр.

- Дэ дяпэкIи дэтIыгъынущ ислъам динри, адрей дин нэхъыщхьэхэри. Дунейр щымамыр ди зэманым ди цIыхухэр зэрыхэкIуадэр сигу къеуэу, жысIэну сыхуейт дэ, республикэм и муслъымэн псори, дызэкъуэувэу апхуэдэр къэмыгъэхъуным ди къарур етхьэлIэн зэрыхуейр. Дэ дэлъытауэ щыIэ Iуэху псори длэжьыпхъэщ ди щIалэгъуалэр мамыру я дин зэрахьэу псэун папщIэ, - жиIащ Президент Къанокъуэ Арсен.

Республикэм и Президентми, абы и гъусэу КъБР-м и Правительствэм щыщу къэкIуахэми хьид нэмэзыр дащIащ мэжджытым къекIуэлIа муслъымэнхэм.

Нэмэз нэужьым Къэбэрдей-Балъкъэрым и муслъымэнхэм я дин IуэхущIапIэм и унафэщI Дзасэжь Хьэзрэталий къеджащ нэщIым и фIыгъуэр зыхуэдизым теухуа хъутIбэм. Абы зэрыжиIамкIэ, фокIадэ мазэм къриубыдэу иджыри махуихкIэ нэщIыр зыIыгъыр илъэс бжыгъэншэ пIалъэкIэ нэщIа пэлъытэщ. АтIэми, а махуихыр зэкIэлъыкIуэу щымыту, хэчыхьауэ къыхихыу нэщIын у хуитщ апхуэдэ мурад зиIэр.

**ГЪУЩIО Зариф.**

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Унафэ

Гъэпэжэным и IуэхукIэ

*2011 гъэм шыщхьэIум и 23-м №62-РП*

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и егъэджэныгъэ IэнатIэм илъэс куэд хъуауэ хьэлэлу зэрыщылажьэм, къытщIэхъуэ щIэблэр гъэсэнымрэ щIэныгъэ етынымрэ я Iуэхум хэлъхьэныгъэ ин зэрыхуащIам папщIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым мыпхуэдэ цIыхухэм яхуищI фIыщIэр къэгъэнэIуэн:

**Борчаевэ Анжелэ Шамшудин и пхъум** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм «Курыт щIэныгъэ щрат школ-интернат №7» и къэрал еджапIэм пэщIэдзэ классхэм щезыгъаджэм

**Уэркъуасэ Ларисэ Мурат и пхъум** - Аруан муниципальнэ районым «Нарткъалэ дэт курыт школ №2» муниципальнэ еджапIэм и унафэщIым зи школ кIуэгъуэ мыхъуахэр щаIыгъ и IэнатIэмкIэ и къуэдзэм

**Голубцовэ Ольгэ Михаил и пхъум** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм и «Къэбэрдей-Балъкъэр агропромышленнэ лицей» къэрал еджапIэм и къудамэм и унафэщIым еджэныгъэ-гъэсэныгъэ лэжьыгъэмкIэ и къуэдзэм

**Гузеевэ Iэсият Урысбий и пхъум** - Шэджэм муниципальнэ районым «Шэджэм къалэм дэт курыт щIэныгъэ щрагъэгъуэт еджапIэ №1» и муниципальнэ IуэхущIапIэм балъкъэрыбзэмрэ литературэмкIэ щезыгъэджым

**Лосэн Ларисэ Бекъал и пхъум** - Бахъсэн муниципальнэ районым «Зеикъуэ къуажэм курыт щIэныгъэ щрагъэгъуэту щыIэ школ нэхъыщхьэ №4» и муниципальнэ IуэхущIапIэм тхыдэр щезыгъэджым

**Моллаевэ ФатIимэт Чэбал и пхъум** - Iуащхьэмахуэ муниципальнэ районым и «Тырныауз къалэм и гимназие №5» муниципальнэ еджапIэм и унафэщIым

**Непочатых Иринэ Владимир и пхъум** - Прохладнэ къалэ округым «Пушкин А. С. и цIэр зезыхьэ, курыт щIэныгъэ щрагъэгъуэт школ №8» и муниципальнэ IуэхущIапIэм тхыдэмрэ жылагъуэм и зэхэтIыкIэмрэ щезыгъэджым

**Слъон Замирэ Мухьэмэдин и пхъум** - Лэскэн муниципальнэ районым «Дол Хь. Хь. и цIэр зэрихьэу Хьэтуей къуажэм дэт курыт школ» и муниципальнэ IуэхущIапIэм урысыбзэмрэ литературэмрэ щезыгъэджым

**Тхьэгъэпсо Татьянэ Александр и пхъум** - Налшык къалэ округым «Курыт щIэныгъэ щрагъэгъуэт и школ №11» муниципальнэ IуэхущIапIэм и унафэщIым

**Хъуран ФатIимэт Хьэсэн и пхъум** - Дзэлыкъуэ муниципальнэ районым «Малкэ къуажэм курыт щIэныгъэ щрагъэгъуэт и школ нэхъыщхьэ №2» муниципальнэ IуэхущIапIэм и унафэщIым.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен**

# КъыдэкIыгъуэ щхьэхуэ

**Республикэр къызэрызэрагъэпэщрэ илъэс 90 щрикъум ирихьэлIэу дунейм къытехьэнущ Урысейм нэхъ пщIэ щызиIэу къалъытэ «Философие щIэныгъэхэр» журналыр.**

МЫ КЪЫДЭКIЫГЪУЭМ ихуа тхыгъэхэр Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIэныгъэлIхэм ягъэхьэзыращ икIи ахэр теухуащ Урысей лъэпкъ политикэр ухуэным ехьэлIауэ этносхэм яIэ мыхьэнэм.

Журналыр къызэIуех КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен щIэджыкIакIуэхэмрэ урысей щIэныгъэ-гуманитар зэгухьэныгъэхэмрэ зэрызахуигъазэмкIэ. КъыдэкIыгъуэ щхьэхуэр щагъэхьэзырым, академие журналхэр хабзэ хъуауэ зытет жыпхъэм къытекIри, илъэс 90 гъуэгуанэм къриубыдэу КъБР-м и псэукIэр, и теплъэр, и щэнхабзэр къэзыгъэлъэгъуэж сурэт щхъуэкIэплъыкIэхэмкIэ ар ягъэщIэрэщIащ.

Журналыр Урысейм и мызакъуэу, СНГ-ми, хамэ къэралхэми щызэбграгъэкIынущ. Мы махуэхэм журналым и электроннэ теплъэр интернетым кърагъэхьэнущ.

Редакцэм и лъэIукIэ, «Философие щIэныгъэхэр» журналым и къыдэкIыгъуэ щхьэхуэр гъэхьэзырынымкIэ лэжьыгъэхэр зэщIэзыгъэуIуар философие щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор Тхьэгъэпсо Хьэжысмелщ.

***КъБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэ.***




*Сурэтыр* **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

**Темыркъан Юрэ и псалъэ**

# Бзэр фхъумэ!

**КъБР-м щыпсэухэм махуэ лъапIэмкIэ къехъуэхъуащ СССР-м и цIыхубэ артист, Санкт-Петербург Академическэ симфоническэ оркестрым и унафэщI Темыркъан Юрий.**

«Дыкъыщалъхуа Къэбэрдей-Балъкъэрым и къэралыгъуэр илъэс 90 зэрырикъумкIэ си гуапэу сохъуэхъу си лъахэгъу псоми. Дэтхэнэ зы унагъуэри мамыру, узыншэу, зэIузэпэщу псэуну си гуапэщ. Фхъумэ ди Щэнхабзэр, Бзэр, ЩIыналъэр. ЩIы хъурейм и дэнэ щIыпIэ сыщымыIами, фэ сыт щыгъуи си гум филъщ!», - щыжеIэ Темыркъаным къигъэхьа хъуэхъу телеграммэм.

## КъБР-м и хабзэхъумэ IуэхущIапIэхэм зыуэ щыт я хъыбарегъащIэ IэнатIэм къет

ЦIыхухэр куэду щызэхуэс щIыпIэхэм террорист щIэпхъаджагъэхэр щалэжьынкIэ шынагъуэ иджыри зэрыщыIэм къыхэкIыу, хабзэхъумэ IуэхущIапIэхэм республикэм щыпсэухэр къыхураджэ сакъыну икIи шынагъуэншагъэ къэмыгъэхъуным егъэщIылIа Iуэхухэр зэрагъэзащIэм кIэлъыплъыну.

Жылагъуэ зэхуэсыпIэхэм я деж шэч зыхуэфщI цIыхухэу, машинэхэу е хьэпшыпхэу гу зылъыфта псомкIи фыкъэпсалъэ мыпхуэдэ телефонхэмкIэ:

- КъБР-мкIэ МВД-м: **40-49-10** (дежурнэ IэнатIэ), **49-50-62** (дзыхь зэрыхуащI телефон);
- УФ-м и ФСБ-м КъБР-м щиIэ къудамэм: **48-16-02** (дежурнэ IэнатIэ), **48-15-81** (дзыхь зэрыхуащI телефон);
- УФ-м и МВД-м Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым щиIэ къудамэ нэхъыщхьэм и «Э» Центрым: **42-70-52** (дежурнэ IэнатIэ);
- «Налшык» гъущI гъуэгу станцым и ЛОВДт-м: **77-54-46** (оперативнэ дежурнэ);
- «Налшык» аэропортым и ЛОВДт-м: **91-19-46** (оперативнэ дежурнэ);
- Урысейм и МЧС-м КъБР-м щиIэ къудамэм: **39-99-99** (дежурнэ IэнатIэ).

***КъБР-м и хабзэхъумэ IуэхущIапIэхэм зыуэ щыт я хъыбарегъащIэ IэнатIэ.***

1921 2011

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и УнафэщIхэр



# Абы нэхъыщхьэ щыIэкъым

### КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен и псалъэ

**Къанокъуэ Арсен: Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентщ. Адыгэщ, илъэс 54-рэ мэхъу. Илъэс тIощIым щIигъукIэ Москва щыпсэуащ. Политикэм хьэрычэт Iуэхум къыхэкIри къыхыхьащ. Президент къулыкъур и пщэ къралъхьэн и пэкIэ псапащIэ Iуэхухэмкiэ цIэрыIуэ хъуащ. Тхылъ зыбжанэ и IэдакъэщIэкIщ, экономикэ щIэныгъэхэм я докторщ.**

**Си хабзэр:** нобэрей махуэм нэхърэ нэхъыфI щыIэкъым, сыту жыпIэмэ, фIыр дигу къэдгъэкIыжу, нэхъыфIым дыщыгугъыурэ езы гъащIэр блокI. Нобэ пщIэращ насыпыфIэ узыщIыр. БлэкIам щыщу сызыхущIегъуэжыр зыщ: сцIыхухэм нэгъэсауэ гулъытэ щахуэзмыщI къызэрыхъуарщ. Апхуэдэ щыуагъэхэр щыпхуэмыгъэзэкIуэж къохъу.

**Си гъащIэм** си щхьэ и унафэ сщIыжащ сыт щыгъуи, ауэ Алыхьри къыздэIэпыкъуащ. Сэ зыри къыздэмыIэпыкъуу Москва еджапIэ нэхъыщхьэм сыщIэтIысхьащ, абы адэкIи зыми сыщыгугъакъым.

**Москва сыщыIэу хьэрычэтыщIэ Iуэхухэм сыщыхэтым** си дежкIэ мыхьэнэшхуэ иIэт цIыхухэм къысхужаIэнумрэ сщIэр си адэ-анэм къазэрыщыхъунумрэ. Си щхьэм илъ зэпытт, дауэ сыщымытми, си фэ адыгэ псоми зэрыраплъынур. Абы щхьэкIэ узыкIэлъымыплъыжу хъуртэкъым.

**ЦIыху губзыгъэхэм** укъаухъуреихьын хуейщ, ахэр арэзы пщIыну нэхъ гугъуми. Зэхэпхыну узыхуэмейр къыбжезыIэфын къыббгъэдэмыту хъунукъым.

**Ныкъуэкъуэгъу** уимыIэмэ, укъызыфIэщIыжынкIи мэхъу. Дауи, башыр къэIэтауэ, уигу иримыхь щхьэм техуэн хьэзыру пIыгъыну нэхъ тыншщ, ауэ итIанэ пэжыр пIэщIэхунущ.

**Ущхьэх хъунукъым.** ЩIалэгъуалэм сытым дежи яжызоIэ: мурадышхуэхэр фщIы, нэхъыфIым фехъуапсэ. Зыужьыныгъэм ухуеIэ зэпыту ущытын хуейщ. Илъэс 20-ми, 50-ми, гъащIэр иухыху. Ауэ уеззэшамэ, цIыхухэм я фэр иумыхыу, IэнатIэр къэгъэнауэ тIысыжын хуейщ.

**Япэ мелуаныр** 1989 гъэм къэзлэжьащ. Япэу ахъшэ къыщызлэжьам ебланэ классым сыщIэст. Си адэ-анэм тIэкIу къысхухалъхьэжри, си ныбжьэгъу гуэрым и мопедыр къэсщэхужауэ щытащ.

**Щапхъэу** сыт щыгъуи сиIар си адэ-анэращ, абыхэм яку дэлъ хуабагъырщ. Дэ дыунагъуэшхуэт, гугъу дыщехьаи къэхъуащ, ауэ зэгъусэу бгъэва гугъуехьым нэхъри нэхъ зэкъуэт уещI.

**Си фондым** и IыхьэфI, сыбзыщIыркъым, фэуэ къызаплъынум тызогъэлажьэ. Ауэ абы хэслъхьэну зы соми зыми къеIысхыркъым. Зыщыгугъын зимыIэ цIыхухэм защIэзгъэкъуэн сфIэфIщ. Куэдрэ къохъу сабийр икIэщIыпIэкIэ операцэ щIын хуейуэ, арщхьэкIэ ахъшэ бюджетым къыхэбгъэкIыху узыр къомыжьэну. НэгъуэщIым и мылъку къыщIыхезмыгъалъхьэр си щхьэ и унафэ сщIыжу сыкъэнэн папщIэщ.

**Хэт и лъэпкъыр нэхъыфI** жыпIэу уздэуэныр сфIэгубзыгъагъэкъым. Зэпеуэн зэрыхуейр укъызыхэкIаракъым - нобэ узэрыщытращ. Уи адэжьхэр къыптемыукIытыхьын хуэдэу упсэумэ, фIыщIэ пхуэфащэщ.

**ГъащIэр -** цIыхум Алыхьым къыIиха щIыхуэщ. Упсэуху ар упшыныжыну ухунэсын хуейщ. Сэ хуитыныгъэм и уасэр сощIэ. Нобэ лъэпкъым сригъэр хуэдэу щытщи, сыщхьэхуиткъым. СхузэфIэкIыху си напэ къызэрихькIэ сылэжьэнщи, итIанэ пщIэ хъунум сегупсысынщ.

# Лъэужь махуэ



КПСС-м и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым и япэ секретарь Мэлбахъуэ Тимборэ *(1917 - 1999)*

**Хэкум махуэшхуэ щигъэлъапIэм и деж, абы и тхыдэм нэхъ къыхэнэхукI цIыху зырызхэр уигу къокIыж. Ди щIыналъэм дежкIэ апхуэдэхэм языхэзщ Мэлбахъуэ Тимборэ Къубатий и къуэр. Зи гъащIэ гъуэгур республикэм и тхыдэм къыпхугуэмых а лIы щэджащэр нобэ жьантIэм дэс дэтхэнэ зыми и нэгум щIэтщ гъащIэ блэкIам и дамыгъэу.**

«Тхыдэми къыхэнэнущ, цIыхухэм ягуми Мэлбахъуэ Тимборэ игъащIэкIи илъынущ лъэпкъым и хабзэфIхэм хуэпэжа, езыр щыпсэу лъэхъэнэм и купщIэр губзыгъэу къэзыубыдыфа цIыхуу», - жиIащ Къанокъуэ Арсен Мэлбахъуэ Тимборэ къызэралъхурэ илъэс 90 зэрырикъуар щагъэлъапIэм. Президентым и псалъэхэм лъабжьэ яхуэхъуар а лIы щэджащэм и гъащIэ купщIафIэрщ.

Мэлбахъуэ Тимборэ Тэрч куейм хыхьэ Мэртэзей къуажэм 1917 гъэм къыщалъхуащ. Мэртэзей дэт еджапIэр къиуха нэужь, ар инженер IэщIагъэм хуеджэн и мураду Новочеркасск дэт институтым щIэтIысхьащ. ИужькIэ а зэманым Дзауджикау (Владикавказ) дэта мэкъумэш институтым зригъэдзыжри, агроном IэщIагъэр иIэу абы къыщIэкIащ.

Дзэм къулыкъу щищIэу Хэку зауэшхуэр къэхъейри, Мэлбахъуэр фронтым Iууващ. Вагъуэ Плъыжь орденымрэ медаль зыбжанэрэ и бгъэм хэлъу ар 1946 гъэм Хэкум къэкIуэжащ. А илъэс дыдэм Мэлбахъуэм партым и Къэбэрдей обкомым и мэкъумэш къудамэм и унафэщIым и къуэдзэу лэжьэн щIидзэри, 1986 гъэ пщIондэ парт къулыкъущIэу екIуэкIащ. А зэманым щыщу илъэс 30-кIэ ар КПСС-м и япэ секретару лэжьащ.

УнафэщI IэнатIэр зыхуагъэфащэр цIыхум ягу къызэринэр Iуэху зехьэкIэрэ езым и шыфэлIыфэмкIэщ. Республикэм и илъэс 90 нобэ дгъэлъапIэм и нэхъыбэр ди цIыхухэм Мэлбахъуэм и жьауэм щIэту ирахьэкIащ.

«Утыку узэрихьэр лъапэщи, укъызэрикIыжыр напэщ», - жеIэ адыгэм. 1985 гъэм илъэс 68-рэ хъууэ Мэлбахъуэ Тимборэ пенсэм кIуэри тIысыжащ, ауэ абы и ужькIи и псалъэм пщIэ имыIэу щытакъым. 90 гъэхэм республикэм къыщыхъея Iуэху зэхэзэрыхьахэр гуащIэ щыхъум Мэлбахъуэ Тимборэ и ущиеми цIыхубэр щIэдэIуауэ щытащ.

Мэлбахъуэ Тимборэ и зэманращ республикэм щIэныгъэм зыщиубгъуар, а лъэхъэнэм къызэIуаха еджапIэхэм я нэхъыбэр нобэми мэлажьэ. Гукъинэжщ укъызыхэкIа лъэпкъыр къыпфIэмыIуэхунымрэ уи анэдэлъхубзэр умыщIэжынымрэ шэрыуэрэ уигъэукIытэу ар зэрытепсэлъыхьу щытар. А псалъэхэм ноби я чэзу икIауэ пхужыIэнукъым:

«Лъэпкъыр къызэрыпцIыхур и бзэмрэ и псалъэмкIэщ. Дэ езым ди бзэм, ди лъэпкъым пщIэ хуэдмыщIыжынумэ, сыт лъэпкъ гъуазджэти лъэпкъ щэнхабзэти жытIэу къыщIэджыхьынур, анэдэлъхубзэкIэ апхуэдиз тхылъ къыщIыдэдгъэкIынур? Хэт абы хуейр? Зи бзэр зымыщIэжхэмрэ зыщIэну хуэмеиххэхэмрэ?! ИIэ-тIэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ жыдмыIэу, ди щIыналъэм «Налшык куей» фIэдвгъэщ, дэри гугъу демыхьу къэралри апхуэдизу къыдэмылIалIэу»

БлэкIам пщIэ щIыхуащIыр япэ итахэм къащIэна акъылымрэ зэфIэкIымрэ зыфIамыгъэкIуэду я нобэм трагъэлэжьэн щхьэкIэщ. Мэлбахъуэ Тимборэ хуэдэ цIыхушхуэхэр щIагъэлъапIэр и Хэкум мурадыфI хуэзыщIа дэтхэнэ зыри и къарум щымысхьын, IуэхуфIхэр иукъуэдиифын, гугъуехьхэм къапимыкIуэтын папщIэщ. Дунейм ехыжами, Хэкум и зыужьыныгъэм и нэщэнэу тхыдэм къыхэна Мэлбахъуэ Тимборэ и лъэужь махуэр пэжу къыдгурыIуэн Тхьэм дищI.

**ЖЭМЫХЪУЭ Марьянэ.**



КъБР-м и япэ Президент КIуэкIуэ Валерий *(1941 - 2005)*

# Хэкум и пащхьэ щиIэ фIыщIэр

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и япэ Президенту щыта КIуэкIуэ Валерий Мухьэмэд и къуэр 1941 гъэм жэпуэгъуэм и 18-м къыщалъхуащ Тырныауз къуажэм (иджы къалэм). 1959 гъэм абы Тэрч мэкъумэш техникумыр къиухри, КъБКъУ-м и экономикэ факультетым щIэтIысхьауэ щытащ. ИужькIэ ар заочнэу щеджащ КПСС-м и ЦК-м деж щыIэ парт школ нэхъыщхьэм, экономикэмрэ мэкъумэш хозяйствэмкIэ ВНИИ-м и аспирантурэм, экономикэ щIэныгъэхэм я кандидату щытащ. 1964 гъэм щыщIэдзауэ Бахъсэн куейм щыIа «Бгырыс лэжьакIуэ» колхозым и агроном нэхъыщхьэу, 1970 гъэм щегъэжьауэ КъБАССР-м Мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министерствэм экономист нэхъыжьу щылэжьащ, 1972 гъэм ягъэуващ «Лэскэн» совхозым и унафэщIу. Парт лэжьыгъэм щыхыхьар 1974 гъэращ - ар Аруан куейм ягъэкIуащ КПСС-м и райкомым и япэ секретару.

1990 гъэм и мазаем ар хах Къэбэрдей-Балъкъэрым и обкомым и япэ секретару, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Совет Нэхъыщхьэм и депутатуи щытащ. 1991 гъэм, къэралым властыр щахъуэжыну хуежьа нэужь, КIуэкIуэ Валерий республикэм и Совет Нэхъыщхьэм и УнафэщI къулыкъум текIри, 1991 - 1992 гъэхэм лэжьащ КъБАССР-м и Министрхэм я Советым и УнафэщIым и япэ къуэдзэу.

1992 гъэм щIышылэм и 5-м зэхэта хэхыныгъэхэм щытекIуэри, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент къулыкъум теуват. Абы и кандидатурэр даIыгъыу Iэ яIэтат хэхакIуэхэм я процент 88,86-м. ИужькIи, 1997 гъэм щIышылэм и 12-м зэхэта хэхыныгъэхэм, ар етIуанэ пIалъэкIэ Президенту хахыжауэ щытащ. Абы щыгъуэ КIуэкIуэ Валерий и телъхьэу Iэ зыIэтахэр хэхакIуэхэм я процент 98-рэ хъурт.

Ещанэ пIалъэкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президенту ар щыхахыжар 2002 гъэм щIышылэм и 13-ращ. А хэхыныгъэхэми КIуэкIуэм и телъхьэу Iэ щаIэтат хэхакIуэхэм я процент 87-м щIигъум. Президент хэхыныгъэхэм хэтат кандидатитху, хэхыныгъэхэм къекIуэлIат хэхакIуэхэм я процент 85-р.

2005 гъэм КIуэкIуэ Валерий сымаджэ хъури, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент къулыкъум текIауэ щытащ.

1993 - 1995 гъэхэм КIуэкIуэр щытащ УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым ФедерацэмкIэ и Советым и депутату, абы дунейпсо IуэхухэмкIэ и комитетым хэтащ. 1996 гъэм щыщIэдзауэ УФ-м ФедерацэмкIэ и Советым и УнафэщIым и къуэдзэу щытащ. 2001 гъэм а къулыкъум текIащ, Урысейм и Парламентым ухуэкIэщIэ зэригъуэтам и хабзэхэм ар Iэмал зимыIэ Iуэхуу къигъэувырти.

И къару емыблэжу ирихьэкI лэжьыгъэм къыпэкIуэу КIуэкIуэ Валерий къыхуагъэфэщащ къэралым и дамыгъэ лъапIэ куэд: Октябрь Революцэ, Лэжьыгъэм и Бэракъ Плъыжь, «ЩIыхьым и Дамыгъэ», Лъэпкъхэм я зэныбжьэгъугъэ орденхэм къиищынэмыщIа, абы кърататащ «Хэкум и пащхьэ щиIэ фIыщIэм папщIэ» орденым и II, III, IV нагъыщэхэр.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и япэ Президенту щыта, Урысей Федерацэм и властым къулыкъу лъагэхэр щIыхь пылъу щезыхьэкIа КIуэкIуэ Валерий Мухьэмэд и къуэр дунейм ехыжащ 2005 гъэм жэпуэгъуэм и 29-м.

Урыс станицэм и щапхъэ

# Колхоз тыгъэ, е Узэкъуэтмэ, улъэщщ

Колхоз цlэр зэрихьэу Къэбэрдей-Балъкъэрым итыжыр Прохладнэ муниципальнэ районым хыхьэ Екатериноградскэ станицэм щызэхэт мэкъумэш хозяйствэм и закъуэщ. Къызэрызэрагъэпэщрэ нэгъабэ илъэс 80 зэрырикъуар къэплъытэмэ, зи къэралыгъуэм ныбжьышхуэ имыlэ Къэбэрдей-Балъкъэрым ар гъэкlэ къыдэбжэу жыпlэ хъунущ.

АБЫ КЪЕЖЬАПIЭ хуэхъуар 1930 гъэм кхъухьхэр зэзыгъэпэщыж Балт заводым и лэжьакlуэхэм Екатериноградскэ станицэм пэмыжыжьэу щызэхашауэ щыта «Тэрч» совхозырщ. Хозяйствэм и унафэщlт парт ячейкэм и секретарь Петренкэ Николай. Станицэм щыщу япэу комсомолым хыхьа Петров Дмитрий абы и дэlэпыкъуэгъут. Тlури жыджэрти, псэукlэщlэм и телъхьэхэр псынщlэу зэщlагъэуlуэрт, я лъэныкъуэ къащlырт. Ар ягу темыхуэу, 1930 гъэм накъыгъэм и 17-м и жэщым совет властым и бийхэм Петренкэрэ Петроврэ хьэкlэкхъуэкlагъэ хэлъу яукlащ. Ахэр щыщlалъхьа махуэм «Тэрч» совхозыр «Балтым и рабочэ»-у зэрахъуэкlащ, мэкъумэш артелым цlэуэ Петровхэ фlащащ. 1932 гъэм и дыгъэгъазэм станицэм щыlа хозяйствиплlыр зыуэ зэгухьэри, япэ къызэгъэпэщакlуэхэм я фэелъу Петровхэ я цlэр къащтащ.

Абы лъандэрэ дэкlа зэманым лэжьыгъэшхуэкlэ гъэнщlа гъуэгуанэ дахэ колхозым къикlуащ. Хэку зауэшхуэм и лъэхъэнэ хьэлъэми, иужькlи станицэдэсхэм lуэхум зыкърагъэлакъым. Хозяйствэм хуэм-хуэмурэ зыкъиужьыжырт, и зэфlэкlым нэрылъагъуу хэхъуэрт. Абы и щыхьэтщ тхущl гъэ хэм еджапlэ, сабий гъэсапlэ, правленэм и унэ, къэкlылъыкlуэ илъэсипщlым Щэнхабзэмкlэ унэ, псы къыщlэшыпlэхэр, псы кlуапlэхэр, щхьэл, щlакхъуэ гъэжьапlэ, гъэш фермэ зыбжанэ езым и мылъкукlэ зэриухуар, гъуэгухэм асфальт зэрытрилъхьар, уэрамыщlэхэм уэздыгъэ зэрыфlидзар.

70 - 80 гъэхэм хозяйствэм псынщlэу зеужь. Джэдкъаз, кхъуэ фермэхэр, машинэ-трактор станц къызэрегъэпэщ, нэгъуэщl lэнатlэщlэхэр къызэlуех. А лъэхъэнэм колхозым и зэфlэкlыр хэlущlыlу хъуат: гъавэ, лы, гъэш къалэжьынымкlэ республикэм щыпашэхэм ящыщт, хэхъуэшхуэ иlэти, и lэщыхъуэхэм папщlэ псэупlэхэр, спорт комплекс иухат, станицэм музей къыщызэlуихат.

Илъэс зэмылlэужьыгъуэхэм хозяйствэм и lуэхур яунэтlащ унафэщl lэзэхэу Терехов Андрей, Удовиченкэ Михаил, Дьяченкэ Михаил, Павленкэ Михаил, Федорущенкэ Николай, Говоров Анатолэ сымэ. Абыхэм ящыщ дэтхэнэми станицэмрэ колхозымрэ я зыужьыныгъэм хэлъхьэныгъэшхуэ хуащlащ.

Къыхалъхьа зэхъуэкlыныгъэм хозяйствэхэр щытыкlэ хьэлъэм иригъэ уват. Псом хуэмыдэжу, бгъущl гъэхэм и кlэухым къалъыкъуэкlа гугъуехьхэм щlагъэтlысыкlырт. Абы щыгъуэ Говоров Анатолэ я колхозыр къызэтригъэнам и мызакъуэу, къабгъурыс Приближнэ станицэм и хозяйствэ зэпкърыхуар къищтэри, езыхэм яйм гуигъэхьащ. Абы нобэ вапlэу гектар 13471-рэ, lэщышхуэу 2000 зэрехьэ, мэкъумэш техникэу 170-м щlигъу иlэщ. Цlыху 418-рэ щылажьэ хозяйствэм и экономикэм иужьрей илъэси 3-м инвестицэу сом мелуан 50-м щlигъу къыщагъэсэбэпащ. 2004 гъэ лъандэрэ колхозым и унафэщlщ мэкъумэш щlэныгъэхэм я кандидат, КъБР-м и Парламентым и депутат Говоров Сергей.

- Дэ ди lуэхум хэгъэзыхьи, баш текъузи хэлъкъым. Дэтхэнэ зыри и къалэнхэм фlыуэ щыгъуазэщи, ахэр дагъуэншэу егъэзащlэ. Ди хозяйствэр инщ: lэщ фермэу 6, мэл пщыlэу 2, гъавэу тонн мин 20-м тещlыхьа хьэм, лъэщапlэ, автопарк, дагъэ щlэхупlэ, щхьэл, нэкулъ щыдгъэхьэзыр, lэфlыкlэ щытщl, бдзэжьейм дыщелэжь цеххэр, щlакхъуэ гъэжьапlэ диlэщ. Гупитхум мэкъумэш къэкlыгъэхэр зэрахьэ, мэкъумылэр ягъэхьэзыр, зым хьэсэхэр псыкlэ егъэнщl, ухуакlуэ бригадэм дызыхуей lуэхутхьэбзэхэр зэфlегъэкl. Дэтхэнэми агроном, механик, учетчик егъэбыдылlащ. Узэкъ уэмытмэ, нобэрей зэманым а lэнатlэхэр тэмэму пхузэгъэуlунукъым, - жеlэ Говоров Сергей.

Нэгъабэ гъавэрэ джэшхэкlыу тонн 14604-рэ, абы щыщу нартыхуу тонн 1237-рэ, сэхурану тонн 1079-рэ кърахьэлlащ, гъэшу тонн 1870-рэ, лыуэ тони l185-рэ къалэжьащ.

- Мы илъэсми икlэ дыкъихуэнукъым. Мэкъумэшхэкlрэ lэщхэкlыу тщэм къапэкlуэу сом мелуан 5-рэ мин 450-м щlигъу хэхъуэ къабзэу зыlэрыдгъэхьэну ди мурадщ. Колхозым и илъэс 80 юбилейр нэгъабэ и щэкlуэгъуэ мазэм дгъэлъэпlауэ щытащ. Ди гуфlэгъуэм къытхуеблэгъат КъБР-м и Парламентым и Тхьэмадэ Чеченов Ануаррэ Правительствэм и Унафэщlым и къуэдзэу лэжьа Гертер Иванрэ зи пашэ хьэщlэхэр. Абыхэм хозяйствэм и ветеранхэмрэ и лэжьакlуэхэмрэ ягъэгушхуащ, lэнатlэм щыпэрытхэр ягъэпэжащ. Къапщтэмэ, ди механизаторрэ lэщыхъуэу 28-м тыгъэ лъапlэхэр хуащlащ, 18-м щlыхь тхылъхэр хуагъэфэщащ. Дэри япэ ита ди нэхъыжьыфlхэр зыщыдгъэгъупщакъым, - къигъэлъэгъуащ колхозым и lэтащхьэм. - Абы щыгъуэ республикэм и унафэщlхэр къызэрагъэгугъам хуэдэу, зэрыгушхуэн ехъулlэныгъэ нэрылъагъухэр яlэу ди гъавэгъэкlхэмрэ lэщыхъуэхэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Къэралыгъуэм и махуэм ирохьэлlэ. Ар республикэм и гуфlэгъуэм ди колхозым хуищl тыгъэщ.


Колхозхэтхэр ягъэпажэ.

АРУАН Алий.
*Прохладнэ район.*

---

● Сату

## Къуэжокъуэ Артур: Цlыху 800-м нэблагъэ ди деж щолажьэри, дагъуэншэу, егугъуу я къалэнхэр ягъэзащlэ

*Налшык Лениным и цlэкlэ щыlэ уэрамым тет «Вестер» гипер-маркетыр къызэрызэlуахрэ мы гъэм фокlадэм и 7-м илъэсиплl ирокъу. Ар ящыщщ республикэм и сату щlыпlэ нэхъ ин дыдэхэм, щэхуакlуэхэр уэру щызэблэкl, иджырей зэманым сыткlи хуэщlа тыкуэн екlухэм.*

*Абы и зэфlэувэкlам, илъэсиплlым къриубыдэу я lуэхур зыхуэдам тедгъэпсэлъыхьыну дэ зыхуэдгъэзащ гипер-маркетыр зыхыхьэ «Алика К» ООО-м и тхьэмадэ Къуэжокъуэ Артур.*

- Артур, мы дызыщlэт сату унэм хуэдэ къепхьэжьэныр, бухуэныр къызэрыгуэкlкъым. Абы дауэ фытегушхуа?

**- Мэзкуу е нэгъуэщl къэралхэм лэжьыгъэ lуэхукlэ дыщыкlуэкlэ, абыхэм щытлъагъу мыпхуэдэ тыкуэнхэм дызэlэпашэрт. Дахэт, екlут, щэхуакlуэхэр зыхэдэн щыгъунэжт, я lуэхутхьэбзэ щlэкlэм дыдихьэхырт. Арати, илъэсих и пэкlэ дегупсысащ «ярэби, мыпхуэдэ тыкуэн къытхузэlухамэ, сыту фlыт, цlыхухэм lэнатlэ щагъуэтынт, республикэм и бюджетым хуэщхьэпэнт», жытlэри. Къэбэрдей-Балъкъэрым и унафэщlхэм, зэфlэкl зиlэ lэнатlэхэм ди мурадыр къыщыддаlыгъым, деувалlэри, пlалъэ кlэщlым къриубыдэу ухуэныгъэр зэфlэдгъэкlащ. Абыкlэ хуабжьу зыкъытщlагъэкъуащ Урысей Федерацэм и Хъумапlэ банкым и щlыналъэ къудамэмрэ «Бум-банк» коммерцэ банкымрэ.**

- Сату lуэхур дауэ фыунэтlрэ, абы пыщlа лэжьыгъэхэр дауэ къызэвгъэпэщрэ?

**- И лъабжьэм щыlэри хэту, тыкуэныр къатитху мэхъу. И ныкъуэр бэджэнду ттащ, адрейр дэ тlыгъщ. И щlагъым щlэтым иджырей электрон lэмэпсымэхэр, унагъуэ хьэпшыпхэр куэду щащэ. Псори фирмэ цlэрыlуэхэм щащlащ. Етlуанэ къатым ерыскъы зэмылlэужьыгъуэхэр щыдогъэхьэзыр. Щlакхъуэхэкlхэм я деж къыщыщlэдзауэ, сыт хуэдэ шхынри ди деж хуабэу щагъуэт. lэфlыкlэхэр къыщlыдогъэкl. Псы, гъэшхэкl, бдзэжьейхэкl, фlэlугъэ, консерв, нэкулъ лlэужьыгъуэ псори пэрыхьэту диlэщ. Тщэ ерыскъыхэкlхэр хэплъыхьауэ фlэкlа къеlытхыркъым. Урысейм и къалэшхуэхэмрэ ди республикэмрэ я lуэхущlапlэхэм, унагъуэ хозяйствэхэм зэгурыlуэныгъэхэр яхудиlэу дадолажьэ, къытхуашэхэм я фlагъым, я къабзагъым теухуа щыхьэт тхылъхэр ящlыгъущ. Нэгъуэщlхэр къедгъэкlуалlэркъым. Абы ди менеджерхэр ткlийуэ кlэлъоплъ. Ещанэ къатым дуней псом щыпашэ фирмэхэм щад щыгъынхэр щащэ, еплlанэр «Сабийм и дуней» зыфlаща тыкуэнырщ. Еплlанэ къатыр ди пщэфlапlэщ икlи ди шхапlэщ.**

- lуэхур тэмэму дэкlын папщlэ lэщlагъэлl, лэжьакlуэ lэзэхэм, рынокым и хабзэхэм кууэ щыгъуазэхэм ухуейщ. Ахэр дауэ къыхэфрэ?

**- Шэч хэмылъу, апхуэдэхэр уимыlэу зэманым удэхъунукъым. Хэзыщlыкlхэм я чэнджэщкlэ, ухуэныгъэм щыщlэддзэм ирихьэлlэу дызыхуеину lэщlагъэлlхэр Мэзкуу, Волгоград, Воронеж, Ярославль, Белгород, Калининград къалэхэм ди мылъкукlэ щедгъэджащ. Абыкlэ дигу мызагъэу, здэдгъакlуэ щlыпlэкlэ зэдгъэхъуажэурэ, дэтхэнэри а зы lуэхум хэхауэ тlэунейрэ хуэдгъэсащ. Ди пщафlэхэми щlэныгъэ хъарзынэ яlэщ. Зэрыжаlэу, махуэ къэс лэжьыгъэм щlэ гуэрхэр къыхохьэ. Зэманым дыпэхъун щхьэкlэ, пlалъэ пыухыкlам тету абыхэми зэпымыууэ худогъаджэ. Псори зэхэту цlыху 800-м нэблагъэ ди деж щолажьэри, дагъуэншэу, егугъуу я къалэнхэр ягъэзащlэ, дэри ахэр ди гулъытэм щыдгъащlэркъым. Я мазэ улахуэр ику иту республикэм зэрыщыхъум щlегъу.**

- Ди жагъуэ зэрыхъунщи, хуэмыщlахэр, зыхулъэмыкlхэр, нобэрей зэманыр къызытехьэлъэхэр ди мащlэкъым. Апхуэдэхэм сыткlэ защlэвгъэкъуэфрэ, Артур?

**- Къэбэрдей-Балъкъэрым Лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкlэ и министерствэмрэ Налшык къалэ округым и администрацэмрэ я лlыкlуэхэр хэту илъэсищ и пэкlэ къызэдгъэпэща комиссэм а lуэхур зэфlех. Ди дэlэпыкъуныгъэр ялъоlэс интернатхэм щыlэ сабийхэм, унагъуэшхуэхэм, ветеранхэм, зи lэпкълъэпкъыр къыдэмыбзхэм, нэгъуэщlхэми. Мазищ къэс а lуэхум сом мини 150-рэ хухыдох. Ар комиссэм зэрегъэзахуэ, зэтыпхъэхэр егъэбелджылы. Я щхьэкlэ къыдбгъэдыхьэхэри дгъэщlэхъуркъым.**

**Къимыдэкlэ, налогхэр, пенсэ фондым хэтлъхьэн хуейхэр зэпlэзэрыту и чэзум дот. А лэжьыгъэр хъарзынэу зэтеублауэ йокlуэкl.**


Къуэжокъуэ Артур зэlущlэ ирегъэкlуэкl.

- Дяпэкlэ фи мурадхэм теухуауэ сыт къыджепlэнт?

**- Занщlэу къыхэзгъэщынщи, лэжьыгъэшхуэ къытпэщытщ. Мы тыкуэным хуэдизрэ нэгъуэщl нэхъ цlыкlурэ Налшык щыдухуэну ди мурадщ. Дыпэлъэщмэ, ещанэри тщlынущ. Нобэ дбгъэдэлъ зэфlэкlым а lуэху инхэм дытрегъэгушхуэ. Иджыпсту ди къудамэхэр къалэм и щlыпlэ зыбжанэм щолажьэ. Абыхэм зедгъэубгъунущ. Хэхауэ фlыщlэ яхуэсщlыну сыхуейщ къызэгъэпэщакlуэ lэзэхэу, си къуэдзэхэу Польшэм щыщ Грушецкий Витольд Анджейрэ Зэкlуу Зауррэ. Ахэр зыфlэкlышхуэ зыбгъэдэлъ lэщlагъэлlхэщ. Я лэжьыгъэр дагъуэншэу яунэтl экономикэмкlэ къудамэм и унафэщl Хьэтlэф Ксенэ, сатум и хабзэхэмрэ бэджэнд lуэхухэмрэ зыунэтl lэнатlэм и нэхъыжь Маремкъул Эммэ, ерыскъыхэкlхэр щащэ тыкуэным и администраторхэм, менеджерхэм я lэтащхьэхэу Пlаз lэсиятрэ Лэкъун lэсиятрэ, нэгъуэщlхэми.**

- Артур, уэ Налшык къалэ округым Щlыпlэ самоуправленэмкlэ и советым уридепутатщ. Уи лэжьыгъэмрэ а къэлэнымрэ дауэ зэхуэбгъэхъурэ?

**- Гугъуехьхэм ущышынэмэ, жэуаплъыныгъэшхуэ зыпылъ lуэхухэм ухэмыхьэмэ нэхъыфlщ. Иджы етlуанэу а дзыхьыр къызэрызагъэзам сыхущlегъуэжакъым. Зэманыфl хъуауэ депутат къалэныр изохьэкlри, а лэжьыгъэм мыlейуэ хызощlыкl. Советым хабзэм тетынымкlэ, ар къызэгъэпэщынымкlэ, цlыхухэм я хуитыныгъэмрэ нахуагъэмрэ хъумэнымкlэ комиссэм сриунафэщlщи, республикэм и Парламентым пыщlэныгъэ быдэ худиlэу, 131-нэ Федеральнэ законым къызэригъэувым тету, ди пщэрылъхэр зэрыдгъэзэщlэным дыхущlокъу.**

**Къэбэрдей-Балъкъэрым Къэралыгъуэ щигъуэта махуэм мурадыфlкlэ дыlуощlэри, ахэр къыдэхъулlэну, ди цlыхухэм фlы къахудэкlуэну си гуапэщ.**

***Епсэлъар***
ХЬЭЖЫКЪАРЭ Аликщ.

☆ Адмирал Головко Арсений

# И цIэр кхъухьым зэрехьэ



**1941 - 1945 гъэхэм екIуэкIа Хэку зауэшхуэм ТекIуэныгъэ къыщызыхьа дзэзешэхэм ящыщщ Ищхъэрэ Флотым и унафэщI адмирал Головко Арсений.**

КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрыр зэрыгушхуэ и лIыхъужьхэм ящыщ Головко Арсений 1906 гъэм Прохладнэ къалэм къыщалъхуащ. КъулыкъущIэ унагъуэм къыщыхъуа щIалэм Фрунзе Михаил и цIэр зезыхьэ Дзэ-тенджыз еджапIэр къиухащ. Къыхиха IэщIагъэм нэхъри хэзэгъэн папщIэ, еджэным щыпищащ курс щхьэхуэхэм, къыкIэлъыкIуэу - Дзэ-тенджыз академием. Головко къулыкъур щрихьэкIащ тенджыз ФIыцIэ, Каспий, Балтикэ, хы Хуэм, Ищхъэрэ флотхэм. Дзэ-тенджыз базэм и унафэщIым и къуэдзэр хэтащ Испанием щекIуэкIа лъэпкъ-революцэ зауэм. 1938 - 1939 гъэхэм Головко Арсений Каспий, Амур дзэ флотилиехэм я унафэщIу щытащ. 1940 гъэм щIидзэри 1946 гъэ пщIондэ Ищхъэрэ флотым и Iэтащхьэ къулыкъум пэрытащ. Хэку зауэшхуэм щыщIидза 1941 гъэм и мэкъуауэгъуэм ди лъахэгъур контр-адмиралт.

Головко зи унафэщI Ищхъэрэ флотыр Хэку зауэшхуэм и лъэхъэнэм бийм ерыщу пэщIэтащ. Мурманск къебгъэрыкIуэ фашистхэм япэуващ, Баренц тенджыз IуфIэр яхъумащ. Ахэр я щIэгъэкъуэну щытащ Заполярьер, Печенег областымрэ Норвегие Ищхъэхэмрэ бийм къаIэщIэзыгъэкIыжа 14-нэ армэм и дзэхэм. Абыхэм яхъумащ совет тенджыз зэпыщIэныгъэхэр, коммуникацэхэр къызэрагъэпэщащ, абы къыдэкIуэу, бийм и апхуэдэ Iэмалхэр зэтракъутащ.

1944 гъэм Головко Арсений флотым и адмирал цIэр къыфIащащ. Абы къыхуагъэфэщащ Лениным и ордену 4, Баракъ Плъыжь орденуи апхуэдиз, Ушаков и орденым и япэ нагъыщэу 2, Нахимовым и орденым и япэ нагъыщэр, Вагъуэ Плъыжь ордени 2, медалхэр, Югославиемрэ Норвегиемрэ я орденхэр.

Хэку зауэшхуэр иуха нэужь, ди лъахэгъум къулыкъу зэхуэмыдэхэр ирихьэкIащ. Ар Тенджыз генштабым и унафэщIу, дзэ-тенджыз министрым и къуэдзэу щытащ. 1952 - 1956 гъэхэм 4-нэ, Бэракъплъыжьзехьэ Балтие флотым я унафэщIу, 1956 гъэм щыщIэдзауэ Дзэ-тенджыз флотым и командующэ нэхъыщхьэм и къуэдзэу лэжьащ. СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и 4-нэ зэхуэсыгъуэм и депутату хахащ. Абы Дзэ-тенджыз флотыр ухуэным, ар сыт хуэдэ Iуэхуми хуэхьэзыру щытыным, офицер кадрхэр гъэсэнымрэ ахэр гъэхьэзырынымрэ хэлъхьэныгъэшхуэ хуищIащ.

Зи гъащIэм и нэхъыбэр тенджыз, хы куэщIхэм щезыхьэкIа Головко Арсений сыт хуэдэ къулыкъу пэрытами, къалэн, пщэрылъ игъэзэщIами къыхиха IэщIагъэм зэрыхуэIэзэр игъэнаIуэу, хахуагъэрэ лIыгъэрэ къигъэлъагъуэу, сыт хуэдэ щытыкIэри зэпилъытрэ, хэкIыпIэхэр иубзыхуфу къэгъуэгурыкIуащ. Ар флотилием пщIэшхуэ щызиIэ, къэрал щIыхь зыгъуэта цIыху телъыджэщ.

Головко Арсений куэдрэ сымэджа нэужь, 1962 гъэм дунейм ехыжащ. А гъэ дыдэм и дыгъэгъазэм «Доблестный» цIэр зезыхьа ракетнэ крейсерым «Адмирал Головко» фIащащ.

**УАРДЭ Женя.**

☆ Совет Союзым и ЛIыхъужь Байсултанов Алим

# «Къуршхэм я къуэ - Балтием и бгъэ»

Ди къэралым фашист Германиер къыщытеуам япэу бийм пэщIэувахэм икIи ар къэзыгъэ увыIахэм яхэтащ кхъухьлъатэзехуэ Байсултанов Алим. А лъэхъэнэм ар илъэс 22-рэ ирикъуа къудейт. И ныбжькIэ щIалэми, ар фин зауэм хэтати, зауэлI хьэзырт. Алим ящыщщ фин тенджыз къуэпсыр яхъумэу Ханко деж лIыхъужьыгъэшхуэ къыщызыгъэлъэгъуа ди зауэлI хахуэхэм.



**ЗАУЭМ и пэкIэ Байсултанов Алим Налшык дэта аэроклубым зыщигъэсащ, иужьыIуэкIэ щеджащ кхъухьлъатэзехуэхэр щагъэхьэзыру Бийск щыIа еджапIэм. Ар къиуха нэужь, къулыкъу ищIэну Прибалтикэм ягъакIуэ икIи тенджызыр зыхъумэ дзэхэм хагъэхьэ.**

1941 гъэм и мэкъуауэгъуэ мазэм, зауэри къэхъея къудейуэ, Байсултанов Алимрэ нэгъуэщI щIалитIрэ къалэн къыщащIащ я кхъухьлъатэхэмкIэ заIэту бийм дзэшхуэ щиIыгъ Тарку къалэм теуэну. Байсултановыр я пашэу гуп цIыкIур гъуэгу техьащ. Здежьа щIыпIэм гъунэгъу хуэхъуауэ Алимрэ и гъусэхэмрэ ялъэгъуащ фашист кхъухьлъатэу плIы къазэрыхуэкIуэр. Балъкъэр щIалэм и гъуситIым я зым еджащ: “КъызэдаIуэ, къызэдаIуэ: япэ итым сэ сытеуэнущ, уэ си щIыбымкIэ сыкъыщыхъумэ!”

ЗэрыжиIам хуэдэуи ищIащ. Бий кхъухьлъатэр, шэ зытехуа къуаргъыжьу, и дамэхэмкIэ адэкIэ-мыдэкIэ ещIэу хуежьащ, къэлыдри, Iугъуэ фIыцIэр къыщхьэщихыу, ехуэхащ. И гъуситIми зы бий кхъухьлъатэ я кум даубыдэри, кърагъэпсыхащ. Алим сымэ зыри яхэмыщIауэ къагъэзэжащ икIи “Фи япэ ехъулIэныгъэмкIэ!” - жаIэу щIалэхэм я Iэхэр къаубыдащ.

... Уэгум зы мэскъалкIэ ущыщыуамэ е зы напIэдэхьеигъуэкIэ ущыбэлэрыгъамэ, бийм къыпхуигъэгъунукъым. КъимыдэкIэ, гуп ухъумэ, зыр адрейм удэIэпыкъужыфу ущытын хуейщ. А псоми фIыуэ щыгъуазэт Алим икIи зиIэтрэ зауэм Iухьамэ, къашыргъэм хуэдэу, ябги нэ жани хъурт, и гупсысэр асыхьэтым къэхъуну Iуэхум триуху эфырт. Апхуэдэу зэщIэкъуауэ зэрыщытым и сэбэп езым къекIыжырт, и ныбжьэгъухэм дежкIи мыхьэнэшхуэ иIэт.

Зэгуэрым Балтикэм и тенджыз къарухэр зи унафэм щIэт генерал-лейтенант Самохиныр полкым къэкIуат. Командир нэхъыщхьэхэр зэхуишэсауэ, абы къариIуэтылIэрт бийм и кхъухьлъатэхэр нэхъыбэ зэрыхъуар, абыхэм ди кхъухьхэм хэщIыныгъэ къызэрыратыр. “НтIэ, сыт щIэн хуейр?” - псори гупсысэрт. “Псом япэу, - жиIащ генералым, - къэщIэн хуейщ а кхъухьлъатэхэр зэрыхъур зыхуэдизыр. Ар къэтщIа нэужь, а щIыпIэм деуэнщ”.

Генералыр картэм теIэбащ: “Мыбы сурэт щытрихыну гъэкIуэн хуейщ нэхъ Iэзэ дыдэу икIи лIыгъэ зыхэлъу фиIэр”.

- Байсултанов Алим абы дгъэкIуэнщ, - къыхилъхьащ полкым и командирым.

Алим сурэт зытрихын хуей щIыпIэм уащхъуэдэмыщхъуэу щхьэщыхьащ. Фашистхэр къэуIэбжьат, я зениткэхэмкIэ задзащ. Трагъапсэ, “Дэнэ укIуэ эжын, улъахъшэщ”, жыхуаIэу. Ауэ сыт а ялъагъур? Совет кхъухьлъатэм тIысын мурад иIэу и дамэхэр къахущIеупскIэ, и шэрхъхэри къызэкIэщIех. Абы къикIырт: “Фыкъызэмыуэ, гъэру зызот”. Нэмыцэхэм ар я гуапэ хъуат... ТIысыпIэм зыхуигъэхьэзыр щIыкIэу кхъухьлъатэм зэ хъурейуэ къиуфэрэзыхьри, зигъэлъахъшэу хуежьащ. ЗытетIысхьэн хуея лъагъуэм хуимыгъэзэфа зищIри, сэмэгурабгъумкIэ иунэтIащ. Фашистхэм хьэрэкIытIэхэр худрагъэуейуэрэ къыздэтIысыну лъэныкъуэр кърагъэлъагъурти, Алим ар къыгурыIуа хуэдэ зигъэлъахъшэри, аэродромым и ижьырабгъумкIи сурэт трихащ. И Iуэху зэрызэфIэкIыу трикъузэщ, и шэрхъхэр зэщIикъуэжри, уэгум ихьэжащ...

Тегушхуэныгъэ зыхэлъ щIалэм и цIэр фIыкIэ Iуащ. Зы махуэ къанэртэкъым абы Ленинград и уафэм зыщимыIэту. Абы и бгъэм къыхалъхьат Бэракъ Плъыжь ордену тIу, медалхэр, эскадрильем и унафэщIым и дэIэпыкъуэгъуу ягъэуват. 1942 гъэм и гъэмахуэм къабжати, Байсултановыр уэгум зэрихьа бжыгъэр 277-м нэсат, 45-рэ хъуат уэгу зауэу иригъэкIуэкIар, бий кхъухьлъатэу кърихудыхат и ныбжьэгъухэм ягъусэу 13, езым и закъуэу 8, тIур бий аэродромхэм щикъутат.

БАЛТИКЭ щIыналъэм адэжкIэ щыIуат гвардием и капитан Байсултановым и цIэр. Абы теухуа тхыгъэхэр газетхэм традзэрт, фронтым Iухьа зауэлIхэр Алим ещхьу щытыну къыхураджэрт. 1942 гъэм СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и УнафэкIэ ар Совет Союзым и ЛIыхъужь ящIащ.

Абы и ужькIи Байсултановыр зэхэуэ куэдым хэтащ. 1943 гъэм фокIадэм и 23-м Алим фин тенджыз къуэпсым щхьэщыту кърраудыхащ. Абы щыгъуэ ар илъэс 24-рэт зэрыхъуар...

Хэкуми щыгъупщакъым и хуитыныгъэм зи псэр щIэзыта и быныр. ЛIыхъужьым и цIэр зэрахьэ Налшык и уэрам нэхъ дахэхэм ящыщ зым, щалъхуа Яныкъуей къуажэм и уэрамыщхьэм абы и фэеплъ сын щагъэуващ. Апхуэдэу абы и цIэр фIащащ Шэджэм аузым метр 3600-м щIигъу зи лъагагъ и щыгум. Урысейм и Журналистхэмрэ ТхакIуэхэмрэ я зэгухьэныгъэхэм хэт Занкишиев Хъусейн «Къуршхэм я къуэ - Балтием и бгъэ» зыфIища документальнэ повестыр Байсултанов Алим зэрихьа лIыгъэм теухуащ.

ЗАНКИШИЕВ Хъусейн.

☆ ЩIыхь орденым и нагъыщищри зрата Мусэ Менлы

# Лъэ быдэ

Зи цIэр мыкIуэдыжыну тхыдэм къыхэна зауэлI хахуэхэм, Къэбэрдейм и лIыхъужьхэм ящыщщ Мусэ Менлы. Хэку зауэшхуэм и илъэс лыгъэхэм пхыкIа ди лъахэгъур къэгъазэ имыIэу фашист зэрыпхъуакIуэхэм япэщIэтащ.

**КЪАРМЭХЬЭБЛЭ щыщ мэлыхъуэ щIалэм зэуэн щыщIидзащ Москва и Iэгъуэблагъэхэм. Япэ дыдэу абдежым бийм и танк щикъутащ. Ар щытащ снайперу, тIасхъэщIэхыу.**

**КIыхьт адыгэ щIалэм и зауэ гъуэгуанэр. Хахуагъэрэ лIыхъужьыгъэрэ къигъэлъагъуэу фашистхэм япэувахэм ящIыгъуу абы Москва къыщыщIэдзауэ Одер нэсыху зэпичащ.**

**Сыт хуэдэ къалэн пщэрылъ къыщащIами, Менлы ар къикIуэт имыщIэу зэфIихырт, сыт щыгъуи зыхэт гупым къахэжаныкIырт. ТIасхъэщIэх хахуэу зэрыщытам и зы щапхъэщ мы зи гугъу тщIынур.**

**ЩIымахуэт, дунейр зэщIэщтхьат. Белоруссием и щIыналъэм зауэ гуащIэ щекIуэкIырти, а уаер зыхащIэну ди сэлэтхэр хунэсыртэкъым. Бийм и зауэлIхэм зыхуейхэр къызэрыхуашэ гъуэгур къызэпыудын хуейт. Абы хэкIыпIэу иIэр Гнилушкэ псым телъ лъэмыжыр къутэнырт. ТIасхъэщIэх щIалиплI хъууэ я пщэ иралъхьащ Iуэхур зэфIагъэкIыну. Жэщищрэ махуищкIэ Менлы зыхэт гуп цIыкIур мэз, чыцэ защIэкIэрэ кIуэцIрыкIри Горячий Ключ къуажэм нэсащ. ЕплIанэ махуэм щIалэхэм къалэн къыщащIар ягъэзэщIащ - лъэмыжыр якъутащ, ар зыхъумэ нэмыцэхэр зэтраукIэри. А щIалиплIым я фIыгъэкIэ ди дзэхэм Iэмал ягъуэтащ ипэкIэ кIуэтэну, бийр абдеж щызэтракъутэну.**

**Иджы Мусэр снайпер Iэзэу зэрыщытам и зы щапхъэ. Вислэрэ Одеррэ я зэхуакум зауэ гуащIэ щекIуэкIырт. Мыри къыщыхъуар щIымахуэущ. Снайпер Мусэ Менлы псори фIыуэ щыплъагъу щIыпIэ къигъуэтащ. Абы къиукIыурэ гвардием и ефрейторым нэмыцэ офицеррэ сэлэту 65-рэ иукIащ.**

**Зэкъым-тIэукъым апхуэдэ лIыгъэрэ хахуагъэрэ абы къызэригъэлъэгъуар. ЗауэлI щхьэмыгъазэм, шынэ зымыщIэ адыгэ щIалэм нэмыцэ зэрыпхъуакIуэхэм Хэкур къаIэщIэгъэкIыжыным, цIыхухэм я мамырыгъэм псэемыблэжу зэрыщIэзэуар гульытэншэу къагъэнакъым. Абыхэм папщIэ Мусэ Менлы къыхуагъэфэщащ ЩIыхь орденым и нагъыщищищри.**



**ЗАУЭ ГУБГЪУЭМ зи псэр щызытахэр, биишэм зи гъащIэр къызэпиудахэр, хъыбарыншэу кIуэдахэр мин бжыгъэ куэд мэхъу. Зи насып текIуэу лъахэм къэзыгъэзэжахэм, зауэм и лъэужьхэр гъэкIуэдыжыным, зэфIэгъэувэжыныгъэ лэжьыгъэхэм зи гуащIэ хэзылъхьахэм ящыщщ Мусэ Менлы. КъэкIуэжа нэужь, ар колхозым и фермэхэм я унафэщIу щытащ, къуажэм и зыужьыныгъэм зи гуащIэ хэзылъхьа лэжьакIуэшхуэщ. 1963 гъэм дунейм ехыжащ.**

**Гугъуехьхэм пхыкIами, гъащIэ гъуэгуанэ купщIафIэ къэзыкIуахэм ящыщщ Мусэр. Абы сыт щыгъуи пщIэшхуэ хуащIырт, республикэм и Совет Нэхъыщхьэм, район Советым я депутату хахауэ щытащ. ИщхьэкIи къызэрыхэдгъэщащи, ар зи цIэр мыкIуэдыжыну тхыдэм къыхэна лIыхъужьщ. Къэбэрдей-Балъкъэрым и къалащхьэ Налшык и уэрамхэм ящыщ зым Мусэ Менлы и цIэр зэрехьэ. Апхуэдэ щIыхьым ирогушхуэ ар къызыхэкIа лъэпкъыр, и бынхэмрэ абы къатепщIыкIыжахэмрэ. Я нэхъыжь Iумахуэр сыт щыгъуи фIыкIэ ягу къагъэкIыжу, ар я щапхъэу гъащIэм зэрыхэзэгъэным, лъэ быдэкIэ зэрыщыувыным яужь итщ.**

АЛЭЩОКЪУЭ Мухьэмэд.

ХЬЭХЪУПАЩIЭ Амырхъан

## *ГъущIынэ Гъузер*

Зи мыажалыр хышхуэм зэримытхьэлэ,
ЛIыхъужь дамыгъэкIэ зэщIэбла щIалэм,
ЛъагапIэм тету, шэр къытолъалъэ.
МазиблкIэ зауэм ухэтри,
Зы махуэ ухутыкъуакъым.
«Пэцану» шы гъуабжэ дахэр
Хышхуэм нызэпрыплъырт,
ДзитIыр щызэпэувым,
Гъузерыр шыщхьэмыгъазэт.
Гъузерым и нэ дахитIыр
Хышхуэм зэхригъадзэщ.
Гъузерым, джатэ къэплъати,
Дзапэм лъыпсыр щигъажэрт.
«Пэцанурэ» шы гъуабжэ кIэхур
Бийм и щIыгум къыщыбгъэхъущIэрт,
«Бийм я тIасхъэр къэзыщIэфын» жаIэм,
Гъузерым дамэ къытекIэрт,
Уи ныбжьыр щIалэт,
Уи лIыгъэр къытхуэбгъэнахуэрт.
Выборг къалэр къыщащта махуэм
Гъузерыр дзэшхуэм и хахуэт.
Орден лъапIэу Хэкум къуитахэр
Кремлым щыпхуфIадзэжащ.

СССР-м и цIыхубэ егъэджакIуэ Къанщыкъуей Риммэ

# Езым жиIэр уэ зэхэх



ЕгъэджакIуэ Iэзэ Къанщыкъуей Риммэ Хьэмид и пхъум и цIэр зэхэзымыха, и Iуэху зехьэкIэ дахэм, хэлъ цIыхугъэ лъагэм щымыгъуазэ куэд искъым Аруан куейми ди республикэми. А бзылъхугъэ щыпкъэм и закъуэщ «СССР-м и цIыхубэ егъэджакIуэ» цIэ лъапIэр зэрихьэу ди щIыналъэм исыр. Апхуэдэ къэрал гулъытэ иныр Риммэ къыихьащ щIэблэр гъэсэным, щIэныгъэ куу ябгъэдэлъхьэным хуищIа хэлъхьэныгъэ инымкIэ, лэжьэкIэ пэрытымкIэ, и гъащIэ щапхъэ екIумкIэ.

КЪЫЩАЛЪХУА Хьэтуей къуажэм дэт курыт школыр къыщиухым, Риммэ къыхихыну IэщIагъэр иубзыхуакIэт. Абы и адэ Хьэмиди и анэ Абчари егъэджакIуэу я гъащIэр ирахьэкIащ, лэжьыгъэм ехъулIэныгъэ лъагэхэр щызыIэрагъэхьэу. Абчарэ щытащ Урысей Федерацэм, Къэбэрдей-Балъкъэрым щIыхь зиIэ я егъэджакIуэу. Анэм и щапхъэр гъуэгугъэлъагъуэ нэс хуэхъуащ Риммэ икIи КъБКъУ-м хамэ къэралыбзэхэр щадж факультетыр фIы дыдэу къиуха нэужь, 1961 гъэм егъэджакIуэу лэжьэн щIидзащ.

- Студент илъэсхэр блэлъэ ту, сызыщIэхъуэпса IэщIагъэр зэзгъэгъуэта нэужь, лэжьыгъэм си гур хузэIухауэ, жыджэрагъ ин схэлъу егъэджакIуэ IэнатIэм сыпэрыхьауэ щыташ, - и егъэджакIуэ гъуэгуанэм топсэлъыхьыж Риммэ. - Дэтхэнэ лэжьыгъэми хуэдэу, егъэджэнми езым и щэхухэр иIэжщ, абыхэм нэхъ щIэхыу щыгъуазэ ухъунымкIэ щIэгъэкъуэн къыпхуэхъу цIыхур зэи пщыгъупщэркъым. Апхуэдэт си дежкIэ лэжьэн щыщIэздзауэ щыта Нарткъалэ курыт еджапIэ №3-м и унафэщIым и къуэдзэ къалэныр а лъэхъэнэм зыгъэзащIэу щыта Бекъалды Мухьэмэд. Аращ зи фIыщIэр сызыхунэса лъагапIэхэм я нэхъыбэр. Къалэм дэт курыт еджапIэ №1-м сыкъэзышэжари арат, езыр а IуэхущIапIэм и унафэщI хъуа нэужь.

ЕгъэджакIуэ IэщIагъэр къызыдалъхуауэ жыпIэ хъуну бзылъхугъэ ныбжьыщIэр щIэх дыдэу хэзэгъащ Iуэхум икIи бгъэдэлъ щIэныгъэ куумрэ зэфIэкI лъагэмрэ, лэжьыгъэм хуиIэ жэуаплыныгъэмрэ и цIыху хэтыкIэ дахэмрэ я фIыгъэкIэ ехъулIэныгъэфIхэр зэман кIэщIым къриубыдэу зыIэригъэхьащ. Анэм и щапхъэм зытриша лъагъуэ цIыкIур гъуэгу бгъуфIэу къыхущIэкIащ Къанщыкъуейм. Лэжьыгъэм зэрыпэрыта илъэс 40-м къриубыдэу абы зэи щыгъупщакъым анэм къызыхуриджэу щытар. «ЖыпIэр сабийм зэхихыну ухуеймэ, япэ щIыкIэ езым жиIэр уэ зэхэх. Сабиипсэм нэсыф егъэджакIуэрщ IэщIагъэлI нэсу ялъытэр», - апхуэдэт анэм и ущиер. А псалъэхэр Риммэ гъуэгугъэлъагъуэ зэрыхуэхъуам и щыхьэт наIуэщ «зи гу хуабагъыр сабийхэм езыта егъэджакIуэ нэсу» езыр къызэралъытэр. Аращ ар егъэджэныгъэм лъэужьыфIэ щIыщыхъуари. Къанщыкъуейм и мащIэкъым и щапхъэм ирикIуа гъэсэнхэр. Апхуэдэхэщ, псалъэм папщIэ, Хьэмгъуокъу Лидэ, Хъанычэ Рустам, Былымгъуэт Лидэ, ТIымыжь Мухьэмэд сымэ, нэгъуэщI куэди. ЕгъэджакIуэр иропагэ абыхэм, я ехъулIэныгъэхэм и псэр догуфIэ, я цIэхэр фIыкIэ къраIуэмэ, и гур хохъуэ.

И IэнатIэр псэ хьэлэлкIэ езыхьэкIа, зи къалэнхэр нэкъусаныгъэншэу зыгъэзэщIа Къанщыкъуей Риммэ абы фIыщIэ куэд къыхудэкIуащ. Абы къыхуагъэфэщащ Бэракъ Плъыжь орденыр, «ГуащIэдэкI хьэлэлым папщIэ» медалыр, щытхъу, фIыщIэ тхылъхэр, СССР-м и цIыхубэ депутатуи щытащ. 1981 гъэм Къанщыкъуейм къэралым гулъытэ лъагэ къыхуищIащ - абы СССР-м и цIыхубэ егъэджакIуэ цIэ лъапIэр къыфIащащ. Хэкум, лъэпкъым я зыужьыныгъэм папщIэ и къаруи, зэмани, щIэныгъи, зэфIэкIи щымысхьу езыхьэлIа Риммэ нобэ щIэблэм я ущиякIуэщ, егъэджакIуэ ныбжьыщIэхэм я чэнджэщэгъуфIщ.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.
*Аруан район.*

БИЦУ Анатолэ

***Сокъур хузотх***

СоцIыху сэ егъэджакIуэ,
ЦIыху дахэ сэ соцIыху.
Къэгъуэтыгъуейщ нэхъ жьакIуэ,
Нэхъ хэзыщIыкI зи Iуэху.

И щэхухэм тхэн IэщIагъэм
Къысхуищiми сэ и гугъу,
Уэгу къащхъуэм сихьэу вагъуэ
Къэсхьыну си гур мэхъу.

Анэдэлъхубзэрщ и псэр,
Ар хэти щещ гунэс.

***Мусэрбий***

Лъэпкъ тхыдэр тету набдзэу
КъэкIуэным йогупсыс.

Яхоплъэ щIэблэ къэхъум,
Яретыр Iэзэу дерс.
КъахэжаныкI илъагъум
КъыфIокIуэр гуфIэ нэпс.

Къиплъамэ зэ уи нэгум
ИщIэнкъым уи псэм псэху.
СоцIыху сэ егъэджакIуэ,
ЦIыху дахэ сэ соцIыху!

Урысей Федерацэм и цIыхубэ егъэджакIуэ Мэлбахъуэ Борис

# Iулыдж лъагэ зиIэ



«Зэманым декIур лIыфIщ» жиIэгъащ Къэзанокъуэ Жэбагъы. И щхьэкIэ зэманым декIуу къызэрыгъуэгурыкIуэм и мызакъуэу, и IуэхущIафэкIи цIэрыIуэщ Налшык къалэ дэт 2-нэ лицейм и унафэщI Мэлбахъуэ Борис Къасболэт и къуэр. Ар унафэщI цIэрыIуэщ, зыужьыныгъэм и хэкIыпIэхэр наIуэу зылъагъу IэщIагъэлIщ. Абы и унафэм щIэту мэлажьэ зи школ кIуэгъуэ мыхъуа сабийхэр щагъасэ, щрагъаджэ IуэхущIапIэр зыхэт, лъэныкъуэ куэдкIэ зызыужьа лицейр. Лъэпкъ 34-м къахэкIа еджакIуэ 1800-м щIигъу зэкIуалIэ лицейм лъэпкъ, урысей, дунейпсо щэнхабзэхэр кууэ щрагъэдж.

МЭЛБАХЪУЭ Борис 1946 гъэм шыщхьэIум и 21-м Тэрч къалэ къыщалъхуащ. Курыт школ нэужьым, КъБКъУ-м тхыдэмкIэ и факультетым щIэтIысхьэри, егъэджакIуэ IэщIагъэр зригъэгъуэтащ. IэнатIэ щыпэрыуващ Дей (Мэртэзей) курыт еджапIэм, иужькIэ школ зыбжанэм егъэджакIуэу, унафэщIым и къуэдзэу, унафэщIу щылэжьащ. Зэрылажьэм хуэдэурэ кандидат, доктор лэжьыгъэхэр пхигъэкIащ, профессорщ.

Мэлбахъуэр сыт хуэдэ лъэпощхьэпоми тыншу пэлъэщ, зи гупсысэр пхызыгъэкIыф, зи щапхъэхэмкIэ коллективым гъуазэ яхуэхъу IэщIагъэлIщ. Апхуэдэ щэнхэр сэбэп къыхуохъу и нэIэ щIэт лэжьакIуэ 200-р зэгурыIуэрэзэдэIуэжу игъэлэжьэнымкIэ. Лъабжьэ лъэщ щызэфIигъэуващ Борис зи унафэщI лицейм. Кабинетрэ классу 100-м щIигъум иджырей унэлъащIэхэр щIигъэуващ, телевизор, аудио-видео аппаратурэхэр яIэщ, компьютери 148-рэ щIэтщ.

Лицейм и «Узыншагъэ» центрыр сэбэп яхуохъу абы щылажьэхэми щеджэхэми. Спортзалищым, тренажер пэшым, бассейным хуей псори къокIуалIэ. Абыхэм мыхьэнэшхуэ яIэщ щIалэгъуалэр Iуэху мыщхьэпэхэм дамыхьэхынымкIэ.

Лицейм щIэс псоми пщэдджыжьым еджэн щIадзэу къызэригъэпэщри, сэбэпынагъ зыпылъ Iуэхушхуи щызэтриублащ Мэлбахъуэр зи унафэщI IуэхущIапIэм. Борис и жэрдэмкIэ, 2-нэ лицейр «Урысейм и школ нэхъыфIхэр» къэралпсо зэпеуэм 2005 гъэм хэтати, пашэныгъэр къыщихьащ, къищынэмыщIауэ ИнтернетымкIэ ирагъэкIуэкIа цIыхубэ IэIэтым щытекIуэри, «ЦIыхубэ школ» цIэ лъапIэр къыфIащащ. Лицейм и интернет-сайтыр УФ-м и школ сайт нэхъыфIхэм хабжэри, саугъэт нэхъыщхьэр къыхуагъэфэщащ.

КъБР-м и щIэблэм щIэныгъэ лъагэ зэрабгъэдилъхьэр, и лэжьыгъэр иджырей технологиещIэм тету зэрырагъэкIуэкIыр, лицейр сыткIи щапхъэу зэрыщытыр къалъытэри, «Гъэм и еджапIэ нэхъыфI» урысейпсо зэпеуэм 1995 - 2002 гъэхэм лауреат щыхъуащ, «ЛIэщIыгъуэм и школ» цIэр къыхуагъэфэщащ, Сорос и саугъэтыр къратащ, «Урысейм щIэм тету лажьэ и школхэр. ЗэрызэфIэувамрэ зэрызиужьымрэ» тхылъым иратхащ.

Егъэджэныгъэ IэнатIэм хуищIа хэлъхьэныгъэхэм къадэкIуэу, тхыдэр фIыуэ зылъагъу IэщIагъэлI Iэзэ Мэлбахъуэ Борис и Iэдакъэ къыщIэкIащ «Средневековая Кабарда», «Сквозь столетия», «Кабарда во взаимоотношении России с Кавказом, Поволжьем и Крымским ханством», «Кабарда в период от Петра I до Ермолова», «Кабарда на этапах политической истории» монографиехэр. Къэбэрдейр курыт лIэщIыгъуэхэм зэрыщытам, Кавказ Ищхъэрэм теухуа тхыгъи 100-м щIигъу къытрыригъэдзащ.

Мэлбахъуэм и лэжьыгъэфIхэм папщIэ 1992 гъэм «КъБР-м цIыхубэ егъэджэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ», 1999 гъэм «Урысей Федерацэм щIыхь зиIэ и егъэджакIуэ» цIэ лъапIэхэр къыфIащащ, егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмрэ заужьыным хэлъхьэныгъэфIхэр зэрыхуищIам къыпэкIуащ ЮНЕСКО-м и щIыхь тхылъыр, «Сабийхэр гъэсэным, егъэджэным илъэс куэд щIауэ зэрыхуэлажьэм папщIэ» КъБР-м и Президентым и ЩIыхь тхылъ 2006 гъэм къыхуагъэфэщащ. А гъэ дыдэм щэкIуэгъуэм и 13-м УФ-м и Президентым къыдигъэкIа унафэм ипкъ иткIэ, егъэджэныгъэм хэлъхьэныгъэфI зэрыхуищIам папщIэ, «Урысей Федерацэм и цIыхубэ егъэджакIуэ» цIэ лъапIэр къыфIащащ унафэщI зэчиифIэм.

Сыт хуэдэ Iуэхушхуэми тегушхуэу, зыужьыныгъэм и хэкIыпIэхэр иубзыхуфу, зэпIэзэрыту, цIыхугъэ хэлъу зэрыщытым папщIэ, Мэлбахъуэ Борис ди республикэм и мызакъуэу, нэгъуэщI щIыналъэхэми фIыкIэ къыщацIыху, жылагъуэ гъащIэм Iулыдж иIэу хэтщ. Апхуэдэхэракъэ лъэхъэнэм и лIыхъужь хъури?!

ШЫПШ Даянэ.
*Налшык къалэ.*

КъБР-м и цIыхубэ егъэджакIуэм и псалъэ

# Насып Iыхьэ

Къытщ1эхъуэ щIэблэм анэдэлъхубзэр егъэджыныр мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхугъуэщ икIи щIыхь зыпылъ къалэнщ, сыту жыпIэмэ лъэпкъ тхыдэр, хабзэхэр, нэщэнэхэр, гупсысэкIэмрэ псэукIэмрэ къозыгъащIэу щыIэр а зы Iэмалырщ - бзэращ а псоми я хъумакIуэр. Къэралыгъуэ хуит зыухуа, абы и ехъулIэныгъэм хуэлажьэу псэу дэ нобэ зыри зэран къытхуэхъуркъым ди бзэр зетхьэжын, абы адэкIи зедгъэужьын, едгъэфIэкIуэн папщIэ.

АНЭДЭЛЪХУБЗЭМ нэхърэ нэхъ IэфIрэ лъапIэрэ зэрыщымыIэр сыщысабийм си лъым хыхьауэ щытакIэщ сэ. Абы къыхэкIыуи балигъ сыхъуу гъащIэм IэщIагъэ къыщыщыхэсхын щыхъум, адыгэбзэмрэ литературэмрэ нэхъ кууэ здзжыну, иужькIэ, IэщIагъэ зэзгъэгъуэтмэ, бзэм и IэфIагъыр сабиипсэм зыхищIэным, абы пщIэ хуищIу къэгъэтэджыным си къару псори есхьэлIэну мурад сщIат. Си гуращэхэр къызэхъулIащ икIи илъэс плIыщIым щIигъуауэ псэ хьэлэлу сыпэрытщ щIэблэр егъэджэн IэнатIэм. Си гъащIэ насыпым и зы Iыхьэшхуэущ си IэщIагъэр къызэрызбжыр.

КъызэрыслъытэмкIэ, егъэджакIуэм, псом хуэмыдэу анэдэлъхубзэр сабийм езыгъащIэм, и къалэныр щIэблэм щIэныгъэ куу етыным и закъуэкъым, атIэ апхуэдэу ныбжьыщIэхэм лъэпкъ гъэсэныгъэ екIу яхэлъхьэнымкIи, щалъхуа щIыналъэр, Хэкур фIыуэ ялъагъуу къэгъэтэджынымкIи, пщIэ-нэмыс жыхуэтIэхэр зэрахьэнымкIи лэжьыгъэ ин дыдэ зэфIихыпхъэщ. Аращ ди усакIуэшхуэ КIыщокъуэ Алим апхуэдэ IэщIагъэлIхэр игъэлъапIэу щIыжиIар: «Бзэр дэзыгъащIэр Тхьэм иузэщI, Дунейм и фIыгъуэм щремыщIэ».

Тхыдэ гъуэгуанэ кIыхь икIи гугъу зиIа ди лъэпкъым и нэхъыжьхэм нобэм къахьэсыфащ ди хабзэ дахэхэр, тхуахъумэфащ ди анэдэлъхубзэр. Ауэ щыхъукIэ, ди адэжь-анэжьхэм къащIэна бзэм дэ IупщIэ хуэтщIыжыныр икIагъэщ. Нобэ, Тхьэм и фIыщIэкIэ, ди анэдэлъхубзэм гулъытэ хуэтщIыну дыщыхуит зэманщ. Мы дунеишхуэм зы къэрали теткъым ди деж лъэпкъ мащIэхэм я бзэм щиIэ пщIэм хуэдиз щигъуэт. АбыкIэ диIэ хуитыныгъэхэр къэдгъэсэбэпу долажьэ адыгэбзэмрэ литературэмрэ езыгъэджхэр. Методикэ пэрытхэр Iуэхум хэтпщэным дыхущIэкъуу, дерс зэIухахэмрэ урок нэужь лэжьыгъэхэмрэ ящIыгъуу, компьютерым и Iэмал зэмылIэужьыгъуэхэри дерсхэм хыдогъэхьэ. Сызэрылэжьа илъэсхэм зэзгъэпэщащ класс щIыб лэжьыгъэ зэхуэмыдэхэм я сценарий куэд. Абыхэм яхэтщ литературнэ пщыхьэщхьэхэм, тхылъеджэхэм я зэIущIэхэм, кружокхэм я лэжьыгъэхэм, диспутхэм, конференцхэм ятеухуахэр.

ЕгъэджакIуэ ныбжьыщIэхэр бзэм, литературэм нэхъри дихьэхынымкIэ хуабжьу сэбэп мэхъу егъэджакIуэхэм я зэхыхьэхэр, еджакIуэхэм папщIэ къызэдгъэпэщ зэпеуэ зэмылIэужьыгъуэхэр. Абыхэм ящыщу къыхэзгъэщыну сыхуейт Iуэху зехьэкIэ хьэлэмэт куэд зи утыку кърахьэ «Си бзэ - си псэ, си дуней» республикэпсо зэпеуэ-фестивалыр. Апхуэдэу адыгэбзэр езыгъэджхэр, адрей предметхэмкIэ IэщIагъэлIхэм яхуэдэу, жыджэру дыхэтщ «Егъэджэныгъэ» къэралпсо проектым ипкъ иткIэ екIуэкI зэхьэзэхуэм икIи щIэх-щIэхыурэ пашэ дыщохъу.



«Си анэдэлъхубзэр фIыуэ солъагъу», - жыпIэу ущыскIэ зэфIэкIыркъым - ар уи гъэсэнхэми я псэм хэлъу къэбгъэхъун хуейщ, абы папщIи фи къаруи, щIэныгъи, зэфIэкIи фемыблэж», - яжызоIэ егъэджакIуэ ныбжьыщIэхэм. Апхуэдэ жэуаплыныгъэ лэжьыгъэм хуиIэрэ бзэм и къэкIуэнум папщIэ и гур, и псэр пIейтеймэщ, анэдэлъхубзэр езыгъэджхэм цIыхубэ гулъытэ лъагэрэ жылагъуэ щIыхьрэ къыщахьынур. Зи лъэпкъыр, къэралыр, адыгэ щIыналъэр фIыуэ зылъагъухэм аращ я лэжьэкIэ мардэр.

ДЫЩЭКI Марие,
*КъБР-м и цIыхубэ егъэджакIуэ.*
*Шэджэм район,*
*Лашынкъей къуажэ.*

# Ди къэралыгъуэр нэхъ лъэщ хъун папщIэ

Дэтхэнэ лъэпкъри щIэныгъэ иным пыщIауэ зэрыщыт мардэм къегъэлъагъуэ абы бгъэдэлъ акъылым и кууагъыр, иIэ зыужьыныгъэм и лъагагъыр, и зэфIэкIым и лъэщагъыр. ЩIэныгъэхэмкIэ Урысей Академием (ЩIУА-м) и щIэныгъэ къудамэ 1993 гъэм и щIыналъэм къызэрыщызэIуихамкIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэм Iэмал игъуэтащ дунейпсо зыужьыныгъэм и зы Iыхьэ (мыинми, пщIэ зиIэ) хъуну. ЩIы хъурейм щыпсэу лъэпкъхэм тхуэфэщэну дазэрыхэтыфынури дунейпсо щэнхабзэм, абы и щыгум щыIэ щIэныгъэ куум нэсу щыгъуазэ зыхуэтщIурэщ. Аращ зыужьыныгъэм, зэIузэпэщыгъэм дыхуэзышэ гъуэгу захуэр.

Ди РЕСПУБЛИКЭМ, Кавказ Ищхъэрэ щIыналъэм зэрыщыту щIэныгъэм нэхъри зыщиужьынымкIэ шэсыпIэ хъуащ ЩIУА-м и Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэ центрыр Налшык къызэрыщызэрагъэпэщар. Абы лъандэрэ илъэс 20-м нэсащи, ди лъэпкъ щIэныгъэр лъагапIэщIэхэм хуэкIуащ, ди щIэныгъэлIхэми унэтIыныгъэ зэхуэмыдэхэмкIэ зэфIах къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэми я лъабжьэр нэхъ куу, я купщIэр нэхъ ин хъуащ. 1994 гъэм щIэныгъэ центрым къызэIуихащ Бгылъэ щIыпIэхэм я экологиемкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр институтыр (унафэщIыр Тембот ФатIимэщ). ИлъэситI нэхъ дэмыкIыу КъБЩIЦ-м къызэригъэпэщащ Информатикэмрэ щIыналъэ управленэмкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр институтыр (унафэщIыр Иуан Пётрщ), ТхыдэмкIэ, филологиемкIэ, экономикэмкIэ институтыр (иджыпсту Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр институтыр (унафэщIыр Бгъэжьнокъуэ Барэсбийщ), апхуэдэу Прикладной математикэмрэ автоматизацэмкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр институтыр (унафэщIыр Нэхущ Iэдэмщ). Ахэр академическэ IуэхущIапIэ хъуахэщ икIи КъБЩIЦ-м и къудамэ щхьэхуэхэу уващ.

Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэ центрым и нэIэм щIэт щIэныгъэ IуэхущIапIэхэм ящыщщ Ядернэ къэхутэныгъэхэмкIэ Урысей Академием ди щIыпIэм щиIэ Бахъсэн нейтриннэ обсерваторэр, абы и Президиумым егъэщIылIащ ГеографиемкIэ къудамэр. Апхуэдэу ди IэнатIэм епхауэ мэлажьэ ЩIУА-м АстрономиемкIэ и институтым Терскол щиIэ къудамэр.

Зи къэхутэныгъэхэмкIэ къэралым, хамэ щIыпIэхэм цIэрыIуэ щыхъуа а щIыналъэ щIэныгъэ IэнатIэхэм щолажьэ ди лъэпкъ щIэныгъэлI пажэхэр. Мы зэманым ди щIэныгъэ центрым псори зэхэту щолажьэ IэщIагъэлI 617-рэ. ЩIэныгъэ лэжьакIуэу 285-м ящыщу ЩIУА-м и член-корреспонденту зы яхэтщ, щIэныгъэхэм я доктору 56-рэ, щIэныгъэхэм я кандидату 131-рэ. Апхуэдэу ди институтхэм щыIэ докторантурэхэм, аспирантурэхэм я щIэныгъэм щыхагъахъуэ IэщIагъэлIи 130-м щIигъум. ИригъэкIуэкI щIэныгъэ-къэхутэныгъэхэмкIэ ЩIУА-м и КъБЩIЦ-р япыщIащ УФ-м, хамэ къэралхэм щыIэ щIэныгъэ зэгухьэныгъэ куэдым. ЗэфIэтх лэжьыгъэхэм къызэщIаубыдэ щIэныгъэ унэтIыныгъэ зыбжанэ. Апхуэдэхэщ, псалъэм папщIэ: астрофизикэр, математикэр, информатикэр, кибернетикэр, щIым епха щIэныгъэр, географиер, экологиер, экономикэр, гуманитар къэхутэныгъэ зэмылIэужьыгъуэхэр.


Иуан Петр

Центрым и Президиумым епхауэ лажьэ редакцэ-тхылъ тедзапIэм «Известия КБНЦ РАН» щIэныгъэ журналыр къыдегъэкI. Ар хохьэ диссертацэ лэжьыгъэхэр зытрадзэ урысейпсо академическэ къыдэкIыгъуэхэм икIи ди щIыпIэм щрагъэкIуэкI къэхутэныгъэхэм, методикэ лэжьыгъэхэм, щIэныгъэ центрым и Iуэху зехьэкIэхэм ятеухуа тхыгъэхэм ящыщ куэд абы и напэкIуэцIхэм къытохуэ. Ди деж щыIэщ щIэныгъэ лэжьакIуэхэм я зэфIэкIым щыхагъахъуэ IэнатIи. Абы и къызэгъэпэщакIуэхэм ящыщщ КъБКъУ-р, АКъУ-р, КъШКъУ-р, МКъТУ-р, нэгъуэщI еджапIэ нэхъыщхьэхэр. Апхуэдэу ди центрым къепхащ экологиемкIэ, географиемкIэ егъэджэныгъэ-щIэныгъэ стационархэр. Ахэр къыщызэдгъэпэщащ Балъкъ псыщхьэм, Iуащхьэмахуэ лъапэ, Абхъазым и щIыналъэм.

Ди къэхутэныгъэщIэхэр зи лъабжьэ щIэныгъэ конференцу, симпозиуму 10-м нэс едмыгъэкIуэкIыу зы илъэси дэкIыркъым. Абыхэм ящыщ куэдым дунейпсо мыхьэнэ яIэщ икIи ди къэралым, хамэ щIыналъэхэм я щIэныгъэлI цIэрыIуэхэр хэтщ.

Ди къэралыгъуэм зиужь, ефIакIуэ зэпыту зэрыщытым и щыхьэтщ, гуапэ зэрыхъущи, иужьрей лъэхъэнэм къэрал властым и гупэр щIэныгъэм къыхуигъэзэжа зэрыхъуар. Нобэ гъащIэм и лъэныкъуэ псоми (езгъэлей си гугъэкъым) компьютеррэ технологие пэрытхэмрэ нэсащ. Техникэм адэкIи зиужьын папщIэ, щIэныгъэр абы япэ иту бэкъуэн хуейщ. А псоми мылъку хуейщ, къинэмыщIауэ, (абы нэхъ мыхьэнэшхуэ иIэщ) къэхутэныгъэхэр езыгъэкIуэкIыфын, щIэныгъэ Iуэхур адэкIэ зыгъэкIуэтэн щIалэгъуалэ дыхуэныкъуэщ. Хэку псор ипэкIэ зыгъэкIуэтэфын лэжьыгъэ купщIафIэ яхузэфIэхынущ ди щIыналъэм и щIэныгъэлIхэм. Абыхэм къащIэувэ щIэныгъэлI ныбжьыщIэхэм Iэмал псори етын хуейщ ябгъэдэлъ зэчийр нэсу къызыкъуахын, я зэфIэкIхэр утыкушхуэхэм щагъэлъэгъуэфын папщIэ. Догугъэ щIэныгъэм и зыужьыныгъэм, зэрежьам тету, хуэфэщэн къэрал гулъытэ игъуэтыну, гъунэ зимыIэ а фIыгъуэр ди Хэкум, абы и цIыхухэм я ехъулIэныгъэм нэсу хуэлэжьэфын папщIэ.

Си тхыгъэм и кIэухыу, ди республикэм и цIыху псоми сохъуэхъу ди къэралыр, дыщалъхуауэ зи къэралыгъуэр дгъэлъапIэ Хэкур, нэхъри ефIэкIуэну, абы щIэблэ зэчиифIэ къихъуэну! КъБР-м и Къэралыгъуэм и махуэшхуэр угъурлы тхурехъу!

ИУАН Петр,
*ЩIэныгъэхэмкIэ Урысей Академием и Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэ центрым и унафэщI, техникэ щIэныгъэхэм я доктор, УФ-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ.*

# ЩIДАА-м и президент Нэхущ Iэдэм

Физико-математикэ щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор, ЩIДАА-м и президент, Естественнэ ЩIэныгъэхэмкIэ Урысей академием, ЩIэныгъэмрэ ГъуазджэмкIэ Петровскэ академием я действительнэ член, ЩIэныгъэхэмкIэ, ТехнологиемрэIэщIагъэ езыт егъэджэныгъэмкIэ Испан академием, ЩIэныгъэхэмкIэ Абхъаз академием щIыхь зиIэ я академик, УФ-м, КъБР-м, КъШР-м, АР-м щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ Нэхущ Iэдэм и IэдакъэщIэкIхэмкIэ ди республикэм, Урысей Федерацэм я мызакъуэу, щIыналъэ, къэрал куэдым къыщацIыхуащ.

ГЪУНЭ зимыIэ и щIэныгъэр и лъабжьэу, лэжьыгъэ купщIафIэ куэд зэфIигъэкIащ Iэдэм. Зеикъуэ курыт школым егъэджакIуэу къыщыщIидзэри, и щIэныгъэмрэ IэщIагъэмрэ хигъахъуэурэ, профессор хъуащ, КъБКъУ-м физикэмрэ математикэмкIэ и къудамэм зиужьыным и гуащIэ куэд зэрыхилъхьам къыдэкIуэу, езым и институт къызэригъэпэщыжащ.

Махуэ 11 и пэкIэ илъэс 20 ирикъуащ Нэхущым Прикладной математикэмрэ автоматизацэмкIэ институтыр къызэрызэIуихрэ. А зэманым къриубыдэу абы и лэжьакIуэхэр куэдым хунэсащ, езыми лэжьыгъэ купщIафIэ мымащIэ зэфIихащ. Нэгъабэ Iэдэм унафэщI къулыкъур зыщхьэщихри, хабзэм къызэригъэувым тету, институтым щIэныгъэхэмкIэ и советым къигъэлъагъуэщ, ЩIэныгъэхэмкIэ Урысей Академием и щIэныгъэ центру КъБР-м щыIэм и президиумыр арэзы техъуэри, а къулыкъур пщэрылъ щащIащ институтыр къызэрызэIуахрэ абы щылажьэ, математикэ щIэныгъэхэм я доктор Нэхущ Викторие.



Абы лъандэрэ Iэдэм нэхъ хэкъузауэ щолажьэ ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ Академием, апхуэдэуи Математикэмрэ нанотехнологиехэмкIэ дунейпсо институтым и унафэщIщ.

- А институтым и къызэгъэпэщакIуэр ЩIДАА-ращ, - къыддогуашэ Iэдэм. - Институтым и щIэныгъэ советым къыхыхьэну жэрдэм яIэщ дуней псом щыIэ апхуэдэ институтхэм я щIэныгъэлI цIэрыIуэ куэдым. Си мурадщ иджыри къэс математикэмкIэ дызэлэжьа Iуэхухэм нэхъри зедгъэужьыну, щIэныгъэ-къэхутэныгъэ лэжьыгъэ куу едгъэкIуэкIыну. Узбекистаным, Къэзахъстаным, нэгъуэщI хамэ къэрал куэдым щыIэщ си еджакIуэу щыта щIэныгъэлI лъэрызехьэхэр. Къыхэбгъэщмэ, сэ езгъэджахэр цIыху 50 мэхъу. Абыхэм ящыщу 10-р математикэ щIэныгъэхэм я докторщ, адрейхэр кандидатщ. Мис ахэри къыщызэдлэжьэнущ Математикэмрэ нанотехнологиехэмкIэ институтым. КъищынэмыщIауэ, а си еджакIуэхэм езыхэм ягъэсэжа щIэныгъэлIхэри щыIэщ.

Нэхущ Iэдэм щIэныгъэ гъуэгум лъагъуэ бгъуфIэ щыхишащ. Ар щIэныгъэ IуэхущIапIэхэм я унафэщIу къокIуэкI, абы щыгъуэми а псори къызэзыгъэпэщыр езыращ. Еджэн къиухыу, лэжьыгъэм хэгъуэза нэужь, езым и кафедрэ иIэжу Новосибирск къикIыжри, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым ар къыщызэIуихащ, зэрылажьэм хуэдэурэ, иджыри кафедритI къыщызэригъэпэщащ КъБКъУ-м, абыхэм я унафэщIуи щытащ. ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ академиер, Прикладной математикэмрэ автоматизацэмкIэ институтыр, Математикэмрэ нанотехнологиехэмкIэ институту иджы къызэIуихар - куэд мэхъу Iэдэм зыхунэс Iуэхухэр.

Гулъытэншэу къэнакъым Нэхущым и зэфIэкI къызэрымыкIуэр. Урысей щIэныгъэм хьэлэлу зэрыхуэлэжьам папщIэ, Iэдэм къыхуагъэфэщащ Урысей Академиемрэ абы и профсоюзымрэ я ЩIыхь тхылъыр, КъБР-м и Президентым и ЩIыхь тхылъыр, «Адыгэ Республикэм и пащхьэм щиIэ фIыщIэм папщIэ» медалыр, Зэныбжьэгъугъэм и орденыр.

НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.


Тембот Аслъэнбий


Тембот ФатIимэ

# Узытет гъуэгум утемыплъэкъукI

Ди къэралым и щIэныгъэм хэлъхьэныгъэ купщIафIэхэр хуэзыщIхэм яхэтщ адыгэ бзылъхугъэхэри. Апхуэдэ цIыхубз акъылыфIэхэм ящыщщ ЩIэныгъэм и дунейм гъуэгу бгъуфIэ щыхэзыша, биологие щIэныгъэхэм я доктор, профессор, Урысейм щIэныгъэхэмкIэ и Академием и Къэбэрдей-Балъкъэр центрым Бгылъэ щIыпIэхэм я экологиемкIэ и институтым и унафэщI Тембот ФатIимэ. И адэ Тембот Аслъэнбий и щапхъэрщ ФатIимэ гъуазэ хуэхъуар, абы зэтриубла лэжьыгъэ дахэрщ нобэ зыпищэр...

ИСАБИИГЪУЭМ щегъэжьауэ адэм экспедицэхэм дришэ, кафедрэм щылажьэ егъэджакIуэхэм, студентхэм яхэту зыгъэпсэхугъуэ пIалъэхэм деж къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэр езыгъэкIуэкI пщащэм курыт школыр къиуха нэужь, куэдрэ емыгупсысу IэщIагъэ хуэхъунур къыхихащ.

Налшык къалэ дэт 2-нэ лицейр къиуха нэужь, КъБКъУ-м химиемрэ биологиемкIэ и факультетым щеджащ ФатIимэ, диплом плъыжькIи ар къиухащ. ЕплIанэ курсым щынэсым, и адэм и чэнджэщкIэ, заочнэ зригъэщIри, лэжьэн щIидзащ. КъБКъУ-м общэ биологиемкIэ и кафедрэм бгылъэ экологиемкIэ и лабораторэрщ ар япэу здэувар. А IэнатIэм зэрыпэрытым хуэдэурэ, Псэущхьэхэмрэ къэкIыгъэхэмрэ я экологиемкIэ институту Свердловск дэтым аспирантурэр къыщиухащ, занщIэуи кандидат лэжьыгъэр пхигъэкIащ. Петрозаводск дэт къэрал университетым доктор диссертацэр щыпхигъэкIащ 1999 гъэм.

- Си адэр си егъэджакIуэ нэхъыщхьэт. Ещанэ курсыр къызэрызухыу IэнатIэм сыпэрыувэмэ нэхъ къищтат абы икIи езым биологиемкIэ факультетым экологиер щригъэджырти, сэри абы сыуващ. Ар лекцэ къеджэмэ, сэ семинар езгъэкIуэкIын хуейуэ - апхуэдэущ къызэрыщIэздзар. А дерсхэр ебгъэкIуэкIын щхьэкIэ, профессорым и лекцэхэр фIы дыдэу пщIэн хуейт, къызыхуэтыншэу зыбгъэхьэзырыныр Iэмал зимыIэт. Пщэдджыжьым сыхьэти 3-4-м сыкъэтэджурэ седжэрт, сытхэрт, сыхьэти 9-м студентхэм я пащхьэ сиувэн хуейт езгъэкIуэкIыну дерсым ситкIи сыхуэхьэзыру, - игу къегъэкIыж ФатIимэ.

Апхуэдэ щIыкIэкIэ, адэм и гъуэгур и гъуазэу лаборанту къыщIидзащ ФатIимэ и лэжьыгъэр. Аслъэнбий иригъэгъэзэщIа лэжьыгъэ гугъухэрщ, зыхуригъэджахэрщ нобэр къыздэсым и IэнатIэм щиIэ ехъулIэныгъэхэм я лъабжьэу ибжыр.

Иджыпсту зи унафэщI институтыр къызэзыгъэпэщар ФатIимэ и адэ Аслъэнбийщ. Иджыри къыздэсым игу къегъэкIыж, куэд щIауэ республикэм щылажьэ пэтми, лэжьакIуэхэр зэхуишэсыным Аслъэнбий гугъу дехьауэ зэрыщытар. Ауэ сыт хуэдэ гугъуехьми фIы гуэр къыпокIуэ. Я бжыгъэкIэ мащIэми, зэфIэкIышхуэ зыбгъэдэлъщ Бгылъэ щIыпIэхэм я экологиемкIэ институтым щылажьэ гупыр. Нэхъыжь дыдэхэм я деж къыщыщIэдзауэ, университетыр къэзыуха къудейуэ лажьэ лаборантхэр я IэнатIэм егугъуу пэрытщ. ЛэжьакIуэхэм я процент 40-р щIалэгъуалэщ. Ар унафэщIым гулъытэ хэха зыхуищI Iуэхугъуэхэм ящыщщ. Сытым дежи и ужь итщ зи щIалэгъуэхэр лэжьыгъэм къызэрыришэлIэным, абыхэм я зэфIэкIым зэрызригъэужьыным.

И IэнатIэ нэхъыщхьэм къыдэкIуэу Адыгей къэрал университетым (Мейкъуапэ) Псэущхьэхэмрэ цIыхухэмрэ я физиологиемкIэ и кафедрэм щрегъаджэ Темботым. 3-4-нэ курсхэм лекцэ къахуоджэ, практикэ лэжьыгъэ ядрегъэкIуэкI. И жэрдэмыр АКъУ-м и унафэщIхэм къыдаIыгъри, зэрыригъаджэ программэр езыр зэрыхунэсым хуэдэу яубзыхуащ.

А псори къызыхуэтыншэу къызэрегъэпэщри, и пщэ къыдэхуэ сыт хуэдэ къалэнми полъэщ щIэныгъэхэм я доктор, профессор бзылъхугъэр. Ар, дауи, адэм къыхилъхьа хьэлщ.

- Ерыщу уи мурадым ухуэкIуэу, сыт хуэдэ Iуэху урихьэлIэми укъимыкIуэту ущытмэ, уи хъуэпсапIэхэр зыIэрыбгъэхьэфынущ, - къыддогуашэ ФатIимэ. - Гугъуехь гуэр упэщIэхуамэ, ар IубгъэкIуэткIэ зэфIэкIынукъым, атIэ къохъулIэхукIэ уемызэшу уелэжьын хуейщ. Апхуэдабзэу мыхьэнэ иIэщ узытехьа гъуэгум утемыплъэкъукIынми. Ахъшэ нэхъыбэ къыщыблэжь, пщIэ нэхъ ущиIэ къулыкъу гуэрым уехъуапсэмэ, уэ узыпэрытым хъер къыуитынукъым. Абы ипкъ иткIэ, узыхуейр пщIэжу, я нэхъ мащIэмкIи арэзы ухъуу ущытын хуейщ. ЗыщыбгъэгъупщэхъунукъЫм: къулыкъу нэхъ лъахъшэ дыдэм деж щебгъажьэрэ удэкIуэтеймэщ зэфIэкIи ущиIэнур, хъери къыщыпхудэкIуэнур.

Апхуэдэу Iущу гъащIэм зэрыкIуэцIрыплъыфыр, адэм и гуащIэр зыхищIэу, абы къыхуигъэна IэнатIэр зэрыригъэфIакIуэр арагъэнщ ФатIимэ и ехъулIэныгъэхэм лъабжьэ яхуэхъур.

КЪЭБАРТ Санэ.

1921 · 2011

Япэ лъэбакъуэхэр

# АфIэунэ Исмел и вагъуэр

Къэбэрдей-Балъкъэрым къэралыгъуэ щигъуэта лъэхъэнэм ди щIыпIэм къыпэщылъ къалэн нэхъыщхьэхэм ящыщт цIыхубэр щIэныгъэншагъэм къыхэшыныр. Къэралпсо мыхьэнэ зиIэ а Iуэхушхуэр зэфIэхыным и гуащIэ куэд хилъхьащ адыгэ лъэпкъ еджагъэшхуэ, хэкупсэ нэс АфIэунэ Исмел ТIулэ и къуэм. ГъащIэ кIэщIт Исмел, ауэ абы и дэтхэнэ сыхьэтри Iуэхугъуэ инхэмкIэ гъэнщIауэ, купщIафIэу щытащ.

АФIЭУНЭ Исмел 1904 гъэм Куба къуажэм къыщалъхуащ. Абы и адэ-анэм я нэ щIэныгъэм апхуэдизкIэ къыхуикIырти, уеблэмэ революцэм и лъэныкъуэ щIэхъуам и щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэри арат - я бынхэм еджэну Iэмал зэраIэнур.

- Ди адэр гъукIэ Iэзэт: дэп жьэражьэм къыпэрих гъущIыр зэрыхуейуэ игъэIурыщIэрт, арщхьэкIэ щIэныгъэ гуэри бгъэдэлътэкъыми, тхылъым пэIэщIэт, - жеIэ Исмел и шыпхъу нэхъыщIэ дыдэ, УФ-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ АфIэунэ Рае. - Абы къыхэкIыу зэрыбынипщIым ди нэхъыжь дыдэ Исмел щIэныгъэм и нэхум нэхъуеиншэу хуишийрт.

Рае зэрыжиIэжымкIэ, уней егъэджакIуэ къызыхуищта щIалэм и зэфIэкIхэр щилъагъум, адэм лъэкI къигъанэркъым абы и щIэныгъэм адэкIи хригъэгъэхъуэн папщIэ. Налшык дэта реальнэ училищэм щеджа нэужь, Исмел «Коммунэ школым», итIанэ совпарт школым еджэным щыпищащ. А лъэхъэнэм адыгэхэм яхэтыр зырызыххэт щIэныгъэ нэхъыщхьэ зригъэгъуэтыфу. АфIэунэ Исмел ящыщащ апхуэдэ щIэныгъэ лъагэ зиIахэм. КъуэкIыпIэм щыпсэу гуащIэрыпсэухэм я коммунист университету (КУВТ) Москва щыIэм щеджа нэужь, абы и щIэныгъэм щыхигъэхъуащ Москва дэт къэрал университетым и юридическэ къудамэм икIи 1929 гъэм ехъулIэныгъэкIэ ар къиухри, къэралыгъуэ зыгъуэтагъащIэ и Хэкум къигъэзэжащ, абы и зыужьыныгъэм и щIэныгъэрэ и зэфIэкIрэ ирихьэлIэну, хьэлэлу хуэлэжьэну.

Исмел хуэдэ IэщIагъэлI щыпкъэхэм щIыналъэм и дэтхэнэ IэнатIэри хуэныкъуэти, зи къару илъыгъуэ, хэкупсэ нэс щIалэщIэм къулыкъу зыбжанэ зэдихьу щылэжьа куэдрэ къэхъуащ. Апхуэдэу ар щытащ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым щэнхабзэмкIэ и къудамэм и унафэщIу, областной судым и унафэщIым и къуэдзэу. ИужькIэ АфIэунэр ягъэувауэ щытащ Ленинным и цIэр зезыхьэ еджапIэ къалэ цIыкIуу Налшык дэтым и ректору. А зэманым а еджапIэм хуабжьу иригушхуэрт ди Хэкур. ЩIэныгъэ лъагэ зыбгъэдэлъ АфIэунэм и зэфIэкI куэд ирихьэлIащ лъэпкъ IэщIагъэлIхэм я кIыщ а еджапIэ къалэ цIыкIум и лэжьыгъэр нэхъри егъэфIэкIуэнымкIэ.

Жэуаплыныгъэ ин зыпылъ нэгъуэщI къулыкъушхуэ куэдми пэрытащ Исмел. Ар щытащ «Социалистическая Кабардино-Балкария» газетым жэуап зыхь и редактору, Къэббалъкълъэпкъ тхылъ тедзапIэм и редактору. ЩIэныгъэ куу зыбгъэдэлъ, дунейпсо литературэми урыс классикэми фIыуэ щыгъуазэ АфIэунэм апхуэдэу пщэрылъ къыщащIауэ щытащ ди щIыпIэм ТхакIуэхэм я союз къыщызэригъэпэщыну. 1935 - 1937 гъэхэм ар лэжьащ ЦIыхубэм щIэныгъэ егъэгъуэтынымкIэ областной къудамэм и унафэщIу. Иджырей министр къулыкъум хуэкIуэ а къалэным щIыхьрэ щытхъурэ иIэу пэлъэщащ АфIэунэ Исмел. Абы и нэIэм щIэтыр егъэджэныгъэгъэсэныгъэ IэнатIэхэм я закъуэтэкъым, атIэ щIэныгъэкъэхутакIуэ, щэнхабзэ IуэхущIапIэхэми музейхэми я лэжьыгъэр унэтIыныр и пщэ илът Исмел.



И лъэпкъым хуищIэну и мурада псоми и гъунэ ирилъа къудейт, адыгэлI щэджащэр дунейм щехыжам щыгъуэ. 1937 гъэм къэралым и дэнэ щIыпIи щекIуэкIауэ щытащ парт «гъэкъэбзэныгъэхэр». А илъэсым и пэщIэдзэм къыщыщIэдзауэ и кIэм нэс ди республикэм и закъуэ партым къыщыхагъэкIыжауэ щытащ цIыху 366-рэ. «Властым и бий» дзыр фIащу партым къыхадза, совет властым и лъабжьэр къэзыгъэтIасхъэ Iуэхугъуэхэр илэжьауэ зыхужаIэу иужькIэ ягъэтIысахэм яхэтащ АфIэунэ Исмел. 1937 гъэм и бадзэуэгъуэм и 25-м, мазитIкIэ тутнакъэщым иса нэужь, СССР-м и суд Нэхъыщхьэм и военнэ коллегием и унафэкIэ АфIэунэр яукIауэ щытащ. Абы щыгъуэ ар илъэс 33-рэ хъуауэ арат. Исмел ящыщщ властым лажьэншэу IэщIэкIуэда цIыху минхэм.

ИпэжыпIэкIэ жыпIэнумэ, АфIэунэм игукIи и псэкIи къищтат властыщIэр икIи и къару псори ирихьэлIэрт цIыхубэр щIэныгъэм хуэшэным, абы и гупсысэм, дуней еплъыкIэм, къэухьым зригъэужьыным. Зэманым зихъуэжу а лъэхъэнэм нэгъуэщIынэкIэ еплъ хъужа нэужь, АфIэунэр хей ящIыжащ.

Апхуэдэ гъащIэ кIэщI, ауэ купщIафIэ иIащ ди лъэпкъэгъу щэджащэ, адыгэ узэщIакIуэ, еджагъэшхуэ, щIэныгъэлI икIи хэкупсэ АфIэунэ Исмел. УафэхъуэпскIым хуэдэт абы и гъащIэ кIэщIыр: зэуэ къэлыдщ, щIэныгъэм и нэхур бэм ятрыригъадзэри, хьэршым хыхьэжащ. Езыр щымыIэжми, щIэныгъэ куу зыбгъэдэлъа, акъыл жан зиIа, хэкум ифI къызэрыкIын мурад дахэр зи плъапIэу псэуа цIыху щыпкъэм и фэеплъыр зэман кIыхькIэ жылагъуэм щымыкIуэдыжынщ. Ди къэралыгъуэр ефIэкIуэн папщIэ щIэныгъэлI щэджащэм зэфIиха Iуэхухэр, и псэм щигъэфIа и гурылъхэр нобэрей щIэблэм ящремыгъупщэ.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

Адыгэ тхыбзэм и тхыдэ

# ЛъагапIэщIэ

Лъэпкъым и блэкIари и нобэри къэзыгъэлъагъуэу, и тхыдэр, хабзэр, щэнхабзэр къэкIуэну щIэблэхэм яхуэзыхъумэу щыIэр тхыбзэрщи, абы сыт щыгъуи гулъытэ хуэщIыпхъэщ. Адрейхэм еплъытмэ, адыгэ тхыбзэм къикIуа гъуэгуанэр кIыхькъым, ауэ абы зыкIи игъэлъахъшэркъым абы и лъапIагъыр, игъэмащIэркъым и IэфIагъыр.

АДЫГЭХЭМ тхыбзэ диIэу къызэралъытэрэ илъэси 160-м нэсащ. Пасэ зэманым абы елэжьахэщ лъэпкъ узэщIакIуэхэу Хъанджэрий СулътIан, Нэгумэ Шорэ, ХьэтIохъущокъуэ Къазий сымэ. Абыхэм къэрахьэжьа Iуэхум пищэу, адыгэбзэм и зэфIэгъэувэным елэжьащ лъэпкъ еджагъэшхуэ Бырсей Умар икIи 1853 гъэм гъатхэпэм (мартым) и 14-м абы къыдигъэкIауэ щытащ адыгэбзэкIэ тха япэ тхылъыр - «Адыгэбзэ псалъалъэр». Анэдэлъхубзэм елэжьыныр абы и ужькIи къызэтеувыIакъым. XIX лIэщIыгъуэм и 90 гъэхэм адыгэбзэ алыфбейм жыджэру елэжьахэм ящыщщ Тамбий Пагуэрэ Къэшэж ТIалибрэ. Еджагъэшхуэ Лопатинскэр и дэIэпыкъуэгъуу, Тамбийм 1906 гъэм зэхилъхьауэ щытащ адыгэ алыфбей, ар зэрыт хьэрфылъи къыдигъэкIащ. XX лIэщIыгъуэм и пэщIэдзэхэм адыгэ тхыбзэм и Iуэхум елэжьащ ЦIагъуэ Нурий, Фэнзий Мэжид, Елбэрд Хьэсэн, ЩэрэлIокъуэ Талъостэн сымэ. Абыхэми зэхагъэуващ адыгэбзэм и алыфбей, къыдагъэкIащ хьэрфылъэхэр, арщхьэкIэ ди лъэпкъым тхыбзэ нэс щигъуэтар Жэпуэгъуэ революцэ иным и ужькIэщ.

1920 гъэм адыгэбзэм и алыфбейр икIэм-икIэжым зыхуей хуэгъэзэжын хуейуэ къалъытащ. Абы ирихьэлIэу ар щыIэт хьэрып, урыс тхыкIэхэм тету. Ди къэралыгъуэр щызэфIэувэ япэ илъэсхэм алыфбеитIри зэгъусэу къагъэсэбэпащ. ИужькIэ, 1923 гъэм и пэщIэдзэм, адыгэбзэм и зыужьыныгъэм хуэунэтIа зэIущIэ ин Псыхуабэ щрагъэкIуэкIащ. Абы унафэ къыщащтащ адыгэбзэр дяпэкIэ латин графикэм тегъэувэн хуейуэ. Лъэпкъыбзэу дунейм тетхэм я нэхъыжьхэм хабжэ ди адыгэбзэр иджы латин хьэрфхэмкIэ къэгъэлъэгъуэным яужь ихьауэ щытащ адыгэ щIэныгъэлI, еджагъэшхуэ, хэкупсэ нэс Хъуран Батий. А зэманым ар Налшык округым щIэныгъэмкIэ и къудамэм и унафэщIу лажьэрт. Хъураным и алыфбейр 1925 гъэм иригъэфIэкIуауэ щытащ Борыкъуей ТIутIэ, абы зэхъуэкIыныгъэ инхэр хилъхьэу, арщхьэкIэ илъэси 5 дэкIри, абыи зэхъуэкIыныгъэ игъуэтащ икIи къыкIэлъыкIуэ илъэс зыбжанэм абы тетащ.

1935 гъэм адыгэбзэр латин графикэм къырахри урыс тхыкIэм ирагъэзэгъащ. А лэжьыгъэри зыгъэзэщIар Борыкъуей ТIутIэщ. Иджырей ди анэдэлъхубзэм иужьрей зэхъуэкIыныгъэхэр щыхалъхьар 1939 гъэрщ. Абы елэжьауэ щытащ еджагъэшхуэ Яковлев Николай зи пашэ щIэныгъэ комиссэ щхьэхуэ.

Абы лъандэрэ бзэм зегъэужьыным, ар егъэфIэкIуэным щIэныгъэлI куэд елэжьащ, абы ехьэлIа къэхутэныгъэ куэди ирагъэкIуэкIащ. Къэбэрдей-шэрджэсыбзэм щIэныгъэм тегъэпсыхьа грамматикэ 1970 гъэм Москва къыщыдэкIауэ щытащ. Ауэ абы щыгъуэми Iуэхур и кIэм намыгъэсыфу къэувыIэжат: фонетикэмрэ морфологиемрэ зэрыт япэ Iыхьэр ягъэхьэзырри, абы къыкIэлъыкIуэн хуей етIуанэ тхылъыр - синтаксисым тепсэлъыхьын хуейр - ныкъуэтхыу къэнащ. Синтаксис зэрыт грамматикэ 1957 гъэ лъандэрэ - лIэщIыгъуэ ныкъуэ хъуауэ - диIэтэкъым! ГурыIуэгъуэкъэ апхуэдиз зэманым щIэныгъэр и пIэм зэримытар: къэхутэныгъэщIэу щэ бжыгъэхэр - ахэр тхылъ щхьэхуэ ирехъу е статьяуэ щрет - къыдэкIащ адыгэбзэхэми абыхэм я Iыхьы бзэхэми ятеухуауэ, абыхэм я фIыгъэкIи япэм зэхэмыбзу щыта Iуэхугъуэ куэдыкIей зэхагъэкIащ, нэгъуэщIынэкIэ еплъ хъуащ. А псори къызэщIэзыкъуэжын, зэгъэуIуа зыщIын лэжьыгъэ дызэрыхуэныкъуэрэ куэд щIат, ар зэрыдимыIэми хуабжьу дыкъилъахъэрт.



БищIо Борис

БзэщIэныгъэм и хабзэхэм тету адыгэбзэр джын зэрыщIадзэрэ дунейм къытехьа лэжьыгъэ нэхъыфIхэм ящыщу плъытэ хъунущ 2006 гъэм и кIэм томитI хъууэ къыдэкIа «Адыгэбзэ» («Кабардино-черкесский язык») тхылъышхуэр (печатнэ листу 104-м щIегъу). ИщхьэкIэ зи гугъу щытщIа ныкъусаныгъэр игъэзэкIуэжыну и къалэнщ «Адыгэбзэ» монографием и япэ томым. Нэхъапэм щыIа грамматикэхэмрэ мыбырэ зэплъытмэ, гу лъумытэнкIэ Iэмал иIэкъым адыгэ бзэщIэныгъэм фIы и лъэныкъуэкIэ зэрызихъуэжам - дэтхэнэ зы пычыгъуэми, дэтхэнэ зы напэкIуэцIми щынэрылъагъущ ар.

Ар нэхъыбэу щагъэхьэзырари зи жьауэм щIэту къыдэкIари Урысейм щIэныгъэхэмкIэ и Академиемрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэмрэ Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ я институтырщ. Мы лэжьыгъэ гугъур, ауэ щхьэпэр гъэхьэзырыным теухуа жэрдэмыр къыхэзылъхьари, тхылъым и редактор нэхъыщхьэри еджагъэшхуэ цIэрыIуэ, Урысейм щIэныгъэхэмкIэ и Академием БзэщIэныгъэмкIэ и институтым и къудамэм и унафэщI, профессор Къумахуэ Мухьэдинщ.

«АДЫГЭБЗЭР» щIэныгъэлI гупышхуэм я гуащIэщ. ФIагъ, щхьэпагъ я лъэныкъуэкIэ мыпхуэдэхэр къызэралъытэ пщалъэхэм зэкIэ я гугъу тщIынкъым. Ди гугъэщ тхылъыр зи Iэдакъэщ1экIхэм я цIэ къитIуэмэ, ар зыхуэдэр наIуэ хъуну. Урысей Федерацэм ис лъэпкъ куэдым иджыри я хъуэпсапIэ щIэныгъэ лэжьыгъэшхуэр ятхащ адыгэбзэм и къэхутакIуэ нэхъ цIэрыIуэхэу Апажэ Мухьэмэд, БищIо Борис, Быж Зарэ, Джаурджий Хьэтыкъэ, Дзыгъуанэ Ритэ, ЗекIуэрей Нурдин, Къэмбэчокъуэ Iэдэм, КIуащ Тамарэ, КIуэкIуэ Жэмалдин, Къумахуэ Мухьэдин, Къумахуэ Зарэ, Рогавэ Георгий, Тау Хьэзешэ, Темыр Рае, Урыс Хьэталий, ХъутIэжь Заудин, Щэрдан Iэбу, Шэру Нинэ сымэ.

Лэжьыгъэм и Iэрытхыр ирагъэфIэкIуащ Къумахуэ Мухьэдин я пашэу Апажэ Мухьэмэд, БищIо Борис, ЗекIуэрей Нурдин, Тау Хьэзешэ сымэ зыхэт редактор гупым. Тхылъым и зэхэгъэувэкIам и гугъу пщIымэ, ар иджырей бзэщIэныгъэм и мардэхэм йозагъэ. ЗэрыжытIащи, абы щызэгъэуIужащ лъэпкъыбзэр джыным хуэунэтIауэ нобэ ирихьэлIэу къахутахэм я фIыпIэхэр.

Ди алыфбейри пэжырытхэм и хабзэхэри зэрыхъукIэ зэтшэлIэжыныр Iэмал зимыIэщ. Апхуэдэ гупсысэ купщIафIэхэр абы щыгъуэ къыхилъхьауэ щытат Къумахуэ Мухьэдин. Абы ягу къигъэкIыжат адыгей, къэбэрдей тхыбзэхэр зэщхь (унификацэ) щIын жэрдэмыр нэхъапэми къаIэтауэ зэрыщытар. Псалъэм папщIэ, щэнхабзэмрэ щIэныгъэмрэ пыщIа Iуэхухэр Кавказ Ищхъэрэм къыщыIэтынымкIэ 1925 гъэм екIуэкIауэ щыта етIуанэ конференцым абхъаз-адыгэ бзэ гупым я алыфбейхэр зэгъунэгъу щIыным теухуауэ унафэ къыщащтат.

А Iуэхур зэIубз ящIын мурадкIэ, 1950 гъэми Мейкъуапэ щIэныгъэлIхэр щызэхыхьауэ щытат, арщхьэкIэ Iуэхур зэрыщытам хуэдэу къэнэжри, ящIа унафэхэри яхуэгъэзэщIакъым. Ауэ иджы ди къэралым къыщыхъуа зэхъуэкIыныгъэхэм япкъ иткIэ, дэ Iэмал нэхъыбэ диIэ хъуащ мы Iуэхур зэфIэтхынымкIэ. Иужьрей зэIущIэ екIуэкIам Къумахуэм щыжиIат адыгэ тхыбзэхэр унификацэ щIыным и проектыр зэхэлъхьэныр езым и пщэ зэрыдилъхьэжыр. ИкIи зэман кIэщIым къриубыдэу ар щIэныгъэлIым и Iэдакъэ къыщIэкIащ. КъыкIэлъыкIуэу Къумахуэ Мухьэдин абы теухуа псалъэмакъ купщIафэ ядригъэкIуэкIащ республикищми щыщ бзэ щIэныгъэрылажьэхэмрэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм Iуэху щызыщIэхэмрэ.

Къыхэгъэщыпхъэщ мы Iуэхур зэфIэхыным Адыгейми, Къэбэрдей-Балъкъэрми, Къэрэшей-Шэрджэсми я унафэщIхэм хуэфэщэн гулъытэ зэрыхуащIар. Абы къырикIуат 1999 гъэм щэкIуэгъуэм и 12-м Налшык щекIуэкIауэ щыта щIэныгъэ конференцыр. «Адыгэбзэм и алыфбеймрэ пэжырытхэмрэ я системэхэр зэщхь щIыным пыщIа проблемэхэр» фIэщыгъэцIэм щIэт а зэIущIэм кърихьэлIат адыгэбзэм елэжь еджагъэшхуэ, щIэныгъэлI лъэрызехьэ куэд. Ахэр тепсэлъыхьащ Къумахуэм къыхилъхьа проектым икIи адыгэ республикищым я президентхэмрэ я парламентхэмрэ зэдэарэзыуэ зыхуагъэзащ адыгэ тхыбзэр зэщхь щIыным теухуа унафэ щхьэхуэхэр къэщтэным хэплъэну. Тхыбзэм теухуа унафэр къыдэкIмэ, итIанэ къыдэгъэкIыжыпхъэщ ди пэжырытхэ хабзэр, унафэ къащтам къигъэув зэхъуэкIыныгъэхэр пэжырытхэм хагъэувэжауэ.

Ди лъэпкъым бгъэдэлъ щIэныгъэм, гъэсэныгъэм, щэнхабзэм я лъапсэ ди анэдэлъхубзэм хуэфэщэн пщIэрэ гулъытэрэ сыт хуэдэ зэмани хуэщIын хуейщ. Адыгэпсэ зыIут дэтхэнэми лъэкI лъэпкъ къигъанэ хъунукъым а фIыгъуэр къэкIуэну щIэблэхэм яхуэхъумэн, ар адэкIи егъэфIэкIуэн, и пщIэр къэIэтын папщIэ.

БИЩIО Борис,
*филологие щIэныгъэхэм я доктор, Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр институтым адыгэбзэмкIэ и къудамэм и унафэщI.*

## БЕЩТОКЪУЭ Хьэбас

Бзэр тIэщIэкIмэ, дылъэпкъкъым.
Акъыл ин ухуэмей
КъыбгурыIуэу а тIэкIур
Утетыну дунейм.

Бзэр тIэщIэкIмэ, досыкIыр,
ТIэщIэкIами дрикъунт.
КIуа лIэщIыгъуэм лъыкIпсыкIым
Хипщэжар сыт хъужын.

Бзэм и макъхэм ди тхыдэр,
Ди лъыр, ди псэр хэпщащ.
Бзэр тхъумэну зымыдэр
Ди бийм къагъэщIащ.

Бзэр тIэщIэкIмэ, докIуэдыр,
Лъы зыщIэтыр фысакъ.
Псы зыщIэтыр текIуэту,
ВгъэIу бзэ хуабэм и макъ.

# КъызэгъэпэщакIуэ телъыджэ



Балъкъэр Мухьэмэд

Медицинэ щIэныгъэхэм я доктор, профессор Балъкъэр Мухьэмэд Исмэхьил и къуэр Тэрч районым хыхьэ Курп Ищхъэрэ къуажэм 1912 гъэм дыгъэгъазэм и 15-м къыщалъхуащ. Мэртэзей курыт школым щIэныгъэ щызригъэгъуэта нэужь, рабфакым щIэтIысхьащ. Ар къызэриухыу, Ростов къэрал медицинэ институтым кIуэри, 1938 гъэм ехъулIэныгъэхэр иIэу къиухащ.

**ДОХУТЫР IэнатIэм япэу щыпэрыхьар Бахъсэн район сымаджэщырщ. Хэку зауэшхуэр къызэрыхъейуэ, абы дзэ комиссариатым мызэ-мытIэу зыхуигъэзэзащ фронтым ягъэкIуэну, арщхьэкIэ къыхуадакъым. 1941 гъэм шыщхьэIум и 1-м Балъкъэрыр куэдрэ зэжьа повесткэр къыIэрыхьащ икIи зы мазэ нэхъ дэмыкIыу, Маньчжурием и гъунапкъэм къыщыхутащ. Абы щыгъуэми езыр зыхуеяр къехъулIакъым: фронтым и гупэ зэуапIэхэрт щылэжьэну нэхъ къищтэр, армыхъумэ, а щIыпIэм пыIудза дзэ госпиталь цIыкIуртэкъым.**

**Аргуэру емытIысэхыу дзэ Iуэхущ IапIэхэм рапорт итхын щIидзащ, арщхьэкIэ зыхуейр къемыхъулIэурэ, илъэсищ дэкIащ. А пIалъэм къриубыдэу абы игъэхъужащ зауэм уIэгъэ щыхъуа ди сэлэт минхэр. Госпиталым и хирург пашэ, медицинэ службэм и капитан Балъкъэрым совет зауэлI минищым щIигъу операцэ ищIащ а лъэхъэнэм.**

**1944 гъэм и пэщIэдзэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и Правительствэр щIэлъэIури, Балъкъэр Мухьэмэд Налшык къигъэзэжащ. Абдеж щегъэжьауэ 1948 гъэм нэсыху КъАССР-м узыншагъэр хъумэнымкIэ и министрым и къуэдзэу лэжьащ. Абы и унафэм щIэту сымаджэщ куэд къызэрагъэпэщыжащ, щIэи яухуащ. Мухьэмэд республикэм и къалэхэм, куейхэм щыIэ сымаджэщхэм щекIуэкI лэжьыгъэми жыджэру хэтт. Гулъытэшхуэ хуищIырт курыт щIэныгъэ зиIэ медицинэ лэжьакIуэхэр гъэхьэзырыным икIи абы и жэрдэмкIэ, фельдшер-акушер школым лэжьэн щIидзэжауэ щытащ.**

**Узыншагъэр хъумэн IэнатIэм зэрыпэрыта илъэс 35-м щыщу илъэс 22-р курорт Iуэхум хухихащ Балъкъэрым. А лъэхъэнэм къриубыдэу «Налшык» зыгъэпсэхупIэм къыпхуэмыщIыхужын хуэдизу зихъуэжащ, къэрал псом къыщалъытэ Iуэхущ IапIэ хъуащ.**

**Апхуэдиз Iуэху щхьэпэм къыдэкIуэу, щIэныгъэ-къэхутэныгъэ лэжьыгъэ купщIафIэхэри иригъэкIуэкIырт Балъкъэрым. Ар 1954 гъэм медицинэ щIэныгъэхэм я кандидат хъуащ, илъэсипщI дэкIри, 1964 гъэм и диссертацэр пхигъэкIри, адыгэхэм ящыщу япэ дыдэу медицинэ щIэныгъэхэм я доктор хъуащ. И щIэныгъэ лэжьыгъэхэр занщIэу и IэщIагъэм къыщигъэсэбэпын щIидзэрт абы. 1970 гъэхэм я пэщIэдзэхэм щIэныгъэ лэжьыгъэу 90 къытрыригъэдзащ, абыхэм ящыщщ Мухьэмэд и Iэдакъэ къыщIэкIа монографии 4-ри. Медицинэм, курортым ехьэлIауэ абы къыдигъэкIа тхылъхэмрэ и къэхутэныгъэхэмрэ иджы хуабжьу сэбэп къахуохъу а IэнатIэхэм пэрытхэм.**

**Лэжьыгъэшхуэ иригъэкIуэкIырт щIэныгъэлI ныбжьыщIэхэр гъэхьэзырыным теухуауи. Абы и унафэм щIэту «Налшык» курортым щылажьэу цIыхуийм доктор, кандидат лэжьыгъэхэр пхагъэкIащ. Курорт Iуэхум щыхэтми, ар пыщIауэ щытащ КъБКъУ-м медицинэмкIэ и факультетым икIи 1970 гъэм абы лэжьакIуэ кIуащ. Абыи мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхухэр щригъэкIуэкIащ Балъкъэрым - профессор-егъэджакIуэ гуп лъэщ къызэригъэпэщащ, лабораторэм къыщагъэсэбэп Iэмэпсымэхэр къызэращэхун мылъку къыдихащ, нэгъуэщI куэди зэфIигъэкIащ.**

**Иджыри зы IэнатIэм увыпIэшхуэ щиубыдащ Мухьэмэд и гъащIэм - ар жылагъуэ лэжьыгъэрщ. Илъэс 20-м щIигъукIэ партым и къалэ комитетым хэтащ, къалэ советым и депутату щытащ.**

**И зэфIэкI къызэрымыкIуэм папщIэ абы къыхуагъэфэщащ Ленин орденыр, нэгъуэщI орденрэ медалу 8. Ар РСФСР-м щIыхь зиIэ и дохутыру, КъБАССР-м щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэу щытащ.**

**Курорт Iуэхум и къызэгъэпэщакIуэ телъыджэ, IэщIагъэлI Iущ, гулъытэшхуэ зыхэлъ, цIыху хьэлэл Балъкъэр Мухьэмэд Исмэхьил и къуэр 1988 гъэм жэпуэгъуэм и 27-м дунейм ехыжащ.**

ШЫПШ Даянэ.

## ○ Япэ итахэр

# Гуимыхуж Гъащтэ Абдул

«КъигъэщIар мащIэми, хузэфIэкIар гъунэншэщ» зыхужыпIэ хъунухэм ящыщщ Гъащтэ Абдул. И лэжьыгъэкIэ, и щIэныгъэкIэ къехъулIам и гугъу умыщIми, и цIыху хэтыкIэкIэ, и хьэлщэн екIумкIэ, и гушыIэ дахэмкIэ ар иджыри куэдрэ ягу илъынущ къэзыцIыхуу щытахэм. Абы теухуа гукъэкIыжхэм ущедаIуэкIэ, апхуэдэ цIыху телъыджэр зи гъащIэм хэтахэм уохъуапсэ икIи фIэщ пщохъу «ЦIыхуфIыр гъащIэ мащIэщ» псалъэхэм пэж зэрыхэлъыр.

**ГЪАЩТЭ** Абдул ХьэмотI и къуэр Аруан куейм хыхьэ Дохъушыкъуей къуажэм къыщалъхуащ. Курыт еджапIэр ехъулIэныгъэкIэ къиуха нэужь, ар щIэтIысхьащ Дагъыстэн къэрал медицинэ институтым. Ар фIы дыдэу къиухри, и лъахэм къигъэзэжащ икIи Iуащхьэмахуэ куей сымаджэщым хирургыу лэжьэн щыщIидзащ дохутыр нэхъыщхьэм и къуэдзэу. Абы илъэсиплIкIэ щылэжьауэ, Гъащтэр Налшык Республикэ клиникэ сымаджэщым хирургыу къашэжащ. 1966 гъэм Абдул щIэтIысхьащ Бакулев А. Н. и цIэр зэрихьэу гум, лъынтхуэхэм я хирургием и институту Москва дэтым и аспирантурэм. А еджапIэм 1969 гъэм и кандидат лэжьыгъэр, 1980 гъэм и доктор диссертацэхэр щыпхигъэкIащ.

1969 гъэм щегъэжьауэ Гъащтэ Абдул щылэжьащ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым хирургие узыфэхэмкIэ и кафедрэм - ассистенту щIидзэри медицинэ щIэныгъэм я доктор, профессор, кафедрэм и унафэщI хъуауэ. Гъащтэм и Iэдакъэм къыщIэкIащ щIэныгъэ лэжьыгъэу 152-рэ, «Щхьэ лъынтхуэхэм лъыр тэмэму щыземыкIуэмэ, хирургием и Iэмалхэр къэбгъэсэбэпу абы узэреIэзэнур» зыфIища монографиер итхащ. Абдул ди республикэм япэу щызэтриублащ ангиографиекIэ лъынтхуэ узыфэхэр къэхутэныр: абы и фIыгъэкIэ ди лъахэм къыщыщIагъэкI хъуащ лъыр зыгъапцIэ сывороткэр, нэхъапэхэм хуэдэу, ар нэгъуэщI щIыпIэхэм къыщамыщэхуу.

Дохутыр IэщIагъэр къыхэзыхахэр егъэджэнымкIи Абдул зэфIигъэкIахэр къэлъытэгъуейщ. Нобэ абы и гъэсэнхэм ящыщ куэдым зыпэрыт IэнатIэм ехъулIэныгъэхэр щаIэу я егъэджакIуэм хиша гъуэгуанэм ирокIуэ. Студентхэм фIыуэ къалъагъурт Абдул, и лэжьэгъухэм я деж пщIэ щиIэт. НэгъуэщIуи ухущытыфынутэкъым а цIыху щыпкъэм. Иригъаджэхэр абы зыщигъэшынэртэкъым, дэтхэнэми гуапэу хущытт, студентым бгъэдэлъ щIэныгъэр гупсэхуу къихутэрт, зыгуэр къагурымыIуамэ, ар зэхэхауэ я пащхьэ ирилъхьэжырт. И лэжьэгъухэрати, псоми я чэнджэщэгъут, дэтхэнэми зэ- рыхъукIэ дэIэпыкъурт, езым ищI операцэ хьэлъэхэм кIэлъигъэплъурэ, абыхэм щIэ куэд къаригъащIэрт, сытым дежи и щIэныгъэм, Iэзагъэм хигъахъуэу апхуэдэти, абыхэмкIи ядэгуашэрт. Абы и фIыгъэкIэ медицинэ щIэныгъэхэм я кандидат, доктор хъуахэр куэдщ. Ящыгъупщакъым и лэжьэгъуу щытахэми и гъэсэнхэми Гъащтэр. Абы и щыхьэтщ гу-лъынтхуэ хирургиемкIэ медицинэ щIэныгъэхэм я доктор япэ дыдэу ди республикэм щыхъуам и фэеплъу щIэныгъэ-практикэ конференцхэр илъэс зэхуэмыдэхэм зэрырагъэкIуэкIар.



Сымаджэхэми езым и бгъэдыхьэкIэ щхьэхуэ къахуигъуэтыжырт а цIыху телъыджэм. Псом япэрауэ, узым зэщIиубыда цIыхум фIэщхъуныгъэ иритыжырт, сытым дежи нэхъыфIым хуэплъэу, гъащIэр фIыуэ ялъагъуу зэрыщытыным къыхуриджэрт.

Медицинэр IэщIагъэу къыхихами, нэгъуэщI унэтIыныгъэ куэдми Абдул хъарзынэу хищIыкIырт. Абы фIы дыдэу ищIэрт математикэр, тхыдэр, литературэр. Сыт хуэдэ Iуэху утепсэлъыхьми, уэршэрэгъу гъэщIэгъуэн къыпхуэхъуфынут. Егъэлеяуэ гурыхуэт. Абы гукIэ ищIэрт Пушкин Александр, Лермонтов Михаил, Некрасов Николай, Есенин Сергей, ЩоджэнцIыкIу Алий, КIыщокъуэ Алим, Кулиев Къайсын сымэ, нэгъуэщI куэдми я усэхэр, я тхыгъэхэм щыщ пычыгъуэхэр.

Гъащтэ Абдул и ныбжьэгъухэм ягу къинащ гушыIэ дахэ зыхэлъ, хъыбар жыIэжынкIэ зыхуэдэ щымыIэ цIыху нэжэгужэу. «Ар сытым дежи и псалъэм тебгъуэтэжырт. И ныбжьэгъухэм къызэрытхущытыр щIэныгъэлIым хуэдэутэкъым, атIэ цIыху къызэрыгуэкIыут. Iуэху гуэркIэ абы убгъэдыхьауэ зэи укъигъэщIэхъунутэкъым, уи гузэвэгъуэми уи гуфIэгъуэми къыпкъуэувэу апхуэдэт. ЖыпIэнурамэ, адыгагъэшхуэ хэлът», - жаIэ абыхэм.

И унагъуэм, благъэ-Iыхьлыхэм я дежкIэ ар жьауэшхуэт. «Сыт хуэдэ гугъуехь къытлъыкъуэкIами, абы хэкIыпIэ гуэр къызыхуимыгъуэтыф щыIэтэкъым. Дэтхэнэми гуапэу, гущIэгъулыуэ хущытт», - апхуэдэу ягу къагъэкIыж Абдул.

Унагъуэ дахи къызэринэкIащ Абдул. И щхьэгъусэ Александрэрэ абырэ зы щIалэрэ зы хъыджэбзрэ зэдапIащ. Я къуэ Аслъэн адэм и лъагъуэм ирикIуэжащ, и IэщIагъэкIэ дохутырщ, япхъу Аурикэ Къэбэрдей-Балъкъэрым СтатистикэмкIэ и къэрал комитетым и унафэщIщ.

Iыхьлыхэм, благъэхэм, ныбжьэгъухэм, иригъэджахэм, къыдэлэжьахэм зыхалъхьэ щымыIэу фIыуэ ялъэгъуа цIыхур, шэч хэмылъу, гуимыхужщ.

ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэ.


КъБР-м и цIыхубэ сурэтыщI Абей Виктор


КъБР-м щIыхь зиIэ и сурэтыщI Аккизов Екъуб


КъБР-м и цIыхубэ сурэтыщI Аккизовэ Сиярэ


КъБР-м и цIыхубэ сурэтыщI Акъсырэ МуIэед


Урысей Федерацэм щIыхь зиIэ и сурэтыщI Крымшамхалов Хьэмзэт


КъБР-м щIыхь зиIэ и сурэтыщI Жэрыщты Аслъэнбий


КъБР-м щIыхь зиIэ и сурэтыщI Зэхъуэхъу Валерэ


КъБР-м щIыхь зиIэ и сурэтыщI Индрис Залымхъан

# Ерчэнымрэ Теувэжымрэ пхаша лъагъуэ

Гъуазджэ

Режиссер пщэрылъ гугъум хуэIэкIуэлъакIуэ, зи лэжьыгъэм фIыуэ хэзыщIыкI IэщIагъэлIхэр щыIащ ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым. Апхуэдэщ спектакль куэд лъэпкъ театрым и сценэм щызыгъэувахэу, актерхэм я гъуэгугъэлъагъуэ пажэхэу, зи IэдакъэщIэкI купщIафIэхэмкIэ зыдэлэжьахэми гъуазджэм и лэжьакIуэхэми я гум къинахэу, театрым и режиссер нэхъыщхьэу илъэс зыбжанэкIэ лэжьахэу Ерчэн Леонидрэ Теувэж СулътIанрэ.

Къыхэгъэщыпхъэщ ахэр щылэжьар ди лъэпкъ театрым зэримызакъуэр. Зэман зэхуэмыдэхэм тIури Музыкэ, Урыс театрхэми щыIащ, зэми режиссер нэхъыщхьэу, зэми ирагъэблэгъа IэщIагъэлIу. Теувэж СулътIан мызэ-мытIэ къызжиIащ ар зи фIыщIэр а зэманым КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министру лэжьа Ефэнды Джылахъстэну къызэрилъытэр. Абы я Iуэхухэр ядиIыгъырт, зэфIэкI зэраIэр, я IэщIагъэм зэрыхуэIэижьыр ищIэрти.

Урысей Федерацэм и цIыхубэ артист Ерчэн Леонидрэ УФ-м, КъБР-м гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ, Къэрал саугъэтым и лауреат Теувэж СулътIанрэ театрхэм зэблэхъуу зэрыщылажьэм къыдэкIуэу, зы спектаклыр театритIми зэгъусэу щагъэувырт. ТIуми кIуэуэрэ спектаклыр адыгэбзэкIи урысыбзэкIи зэзыгъэлъагъуухэр гъунэжт. Апхуэдэу, псалъэм папщIэ, «Рядовые», «Тринадцатый председатель» спектаклхэр Къэбэрдей театрым Ерчэным щигъэуват, ардыдэхэр Урыс театрым и сценэм Теувэж СулътIан кърихьат.


Ерчэн Леонид


Теувэж СулътIан

Опернэ режиссер IэщIагъэ зиIэ Ерчэн Леонидщ япэ дыдэ лъэпкъ оперэр, Балэ Мухьэдинрэ Къардэн Хьэсэнрэ макъамэр зыхуатха «Мадинэр» (либреттэр ХьэхъупащIэ Хьэжбэчыр ейщ) Музыкэ театрым щызыгъэувар. А утыкум хуигъэхьэзырат Бизе и «Искатели жемчуга» спектаклыр, нэгъуэщIхэри. Урыс театрым Толстой Лев и «Власть тьмы», Къэбэрдей театрым Вишневскэм и «Оптимистическая трагедия» гуимыхужыр щигъэуват.

Теувэж СулътIан ЩоджэнцIыкIум и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей драмэ театрым япэ дыдэу щигъэуващ IутIыж Борис и «Тыргъэтауэм» къытращIыкIа спектаклыр. КъапщтэмэI, IутIыжым и пьесэ нэхъыбэ дыдэ зыгъэувар СулътIанщ. Абы и щыхьэтщ «Эдип»-р, Теувэжым щригъаджэ ГъуазджэхэмкIэ Кавказ Ищхъэрэ къэрал институтым и студентхэм ядигъэува «Хьэцацэ дахэр» (иужькIэ театрми щагъэлъэгъуат), IутIыжыр дунейм ехыжа иужь, абы и фэеплъу Урыс драмэ театрым «Эдипы»-р зэрыщигъэувыжар, нэгъуэщIхэри. Музыкэ театрым и репертуарым илъэс куэд дыдэ хъуауэ хэтщ Теувэжым игъэува «Летучая мышь», «Ханума», «Фиалка Монмартра» спектаклхэр. Теувэж СулътIан и IэдакъэщIэкIщ Айтматов Чингиз, Каитов СулътIан, Мурат Чэпай сымэ я тхыгъэхэм къытращIыкIа «Материнское поле», «Анэм игу», «КъулыкъущIэкъуухэр» спектаклхэр. Теувэж СулътIан лъэпкъ театрым хуищIа IуэхуфIхэм, шэч хэмылъу, хэббжэ хъунущ Адыгэ Республикэм и театрым ирагъэблагъэу абы щигъэуваурэ щыта спектаклхэр: Нало Заур и «Хьэбалэ и пхъэ гуащэмрэ» IутIыж Борис и «Жьэмыгъуэ - Африкэмрэ».

Мы тхыгъэ кIэщIым зи гугъу щытщI режиссеритIми куэд дыдэ яхужыпIэфынущ, я лэжьыгъэм, я гуащIэм, яхузэфIэкIам теухуауэ. Нэхъыщхьэращи, цIыху хэтыкIэ екIу зиIэ, гуащIафIэу зи Iуэхум пэрыта IэщIагъэлIхэр, абыхэм я лэжьыгъэхэр цIыхухэм ящIэж. Абыхэм я лэжьыгъэхэр ди театрхэм щIэгъэкъуэн быдэ яхуэхъуащ.

ИСТЭПАН Залинэ.

# Къапэщылъыр мащIэкъым


СурэтыщI, график Бгъэжьнокъуэ Заурбэч


КъБР-м и цIыхубэ сурэтыщI, скульптор БжэIумых Хьид


Урысей Федерацэм щIыхь зиIэ и сурэтыщI Ваннах Михаил


СурэтыщI-график Къып Мухьэмэд


КъБР-м и цIыхубэ сурэтыщI КIыщ Мухьэдин


Япэ адыгэ скульптор Къалмыкъ Федор

Зыужьыныгъэм хуэкIуэ тхыдэ гъуэгуанэ кIыхь икIи гугъу къэзыкIуа, гъуазджэм и цIыху гуащIафIэхэр зэхуэзышэса УФ-м и СурэтыщIхэм я зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэр 1956 гъэм къэунэхуащ. Нобэ абы художник 80-м щIигъу щолажьэ.

ЖАНР ЗЭХУЭМЫДЭХЭМ зи зэфIэкI щызыгъэлъагъуэ сурэтыщIхэм я IэдакъэщIэкIхэр ди республикэм, Урысейм и щIыналъэхэм, нэгъуэщI къэралхэм къыщызэрагъэпэщ гъэлъэгъуэныгъэхэм хэтщ.

УФ-м и СурэтыщIхэм я зэгухьэныгъэм и республикэ къудамэм и лэжьакIуэхэр щIыналъэм къыщыхъу Iуэхугъуэхэм сыт щыгъуи дызэрыпэджэжым къыдэкIуэу, махуэшхуэхэм ирихьэлIэу дегугъуу гъэлъэгъуэныгъэ гъэщIэгъуэнхэр къызыдогъэпэщ. Псалъэм папщIэ, 2007 гъэм, ди зэгухьэныгъэр илъэс 50 щрикъум, СурэтыщI гъуазджэхэмкIэ, Лъэпкъ музейхэм, КъБР-м ЩэнхабзэмкIэ и фондым щыдгъэлъэгъуахэр ди художественнэ щэнхабзэм къикIуа гъуэгуанэм, абы зэрызиужьам и щыхьэтщ.

60-70 гъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и сурэтыщI гъуазджэм къыхыхьа художникхэр ноби жыджэру зэрылажьэр дызыгъэгуфIэ Iуэхущ. Абыхэм я IэдакъэщIэкIхэм IупщIу щыболъагъу ди сурэтыщIхэр зыхуэIэижь Iуэхухэр.

ЖыIапхъэщ, зэгухьэныгъэм хэт гупым и фIыпIэр республикэм и гъуазджэм 70, 80, 90 гъэхэм къыхыхьа сурэтыщIхэрауэ зэрыщытыр. Ауэ иужьрей зэманым а нэхъыжьыIуэхэм къахыхьащ иджырей Iэмалхэр тегъэщIапIэ зыщIурэ лажьэ художник щIалэхэр. Апхуэдэхэщ, Пащт-Хъан Алим, Новиковэ Еленэ, Хьэжу Мурат, Аккизовэ-Къущхьэ Имарэ, Жылэ Къантемыр, Аккизов Чэрим, Хьэжы ФатIимэ сымэ, нэгъуэщIхэри. СурэтыщI Iэзэу зыкъэзыгъэлъэгъуа художник щIалэхэри диIэщ. Ахэр Мэзло Руслан, Дэцырхъуей Рузаннэ, Тумэ Залым, Абей Iэсият сымэщ.

КуэдкIэ дызыщыгугъ а сурэтыщI щIалэхэр диIэ пэтми, гу лъыдотэ, нэхъапэм ебгъапщэмэ, гъуазджэм зезыпщытхэм я бжыгъэм фIыуэ зэрыкIэрыхуам. Ар Iуэхугъуэ куэдым епхащ. Нэхъапэхэм сурэтыщIхэр щылэжьэну пэшхэмкIэ къызэгъэпэщыныр къэралым и пщэ дилъхьэжауэ, нэгъуэщI гулъытэхэри яхуищIу щытамэ, нобэ художникхэм езыр-езыру я щхьэ ягъэпсэужын хуей мэхъу. ЗэрытщIэщи, гъуазджэм и цIыхухэм мылъкушхуэ ябгъэдэлъкъым. Абы къыхокI, зэчий зиIэу республикэм ис цIыху куэд нэгъуэщI щIыпIэхэм Iэпхъуэныр.

УФ-м и СурэтыщIхэм я зэгухьэныгъэм и республикэ къудамэм и унафэщI Темыркъан Геннадий зэрыжиIэмкIэ, ар республикэм и щэнхабзэм и унэтIыныгъэ псоми хэплъагъуэ Iуэху зэIумыбзщ. - А Iуэхур зы пIэм имыуджыхьу щыкIуэтэнур, япэрауэ, къэралым, КъБР-м я унафэщIхэм гъуазджэм нэхъапэм иIа пщIэр къызэраIэтыжыну хэкIыпIэ къалъыхъуэрэ къагъэщIэрэщIэжмэщ, - къелъытэ Темыркъаным. - ЕтIуанэрауэ, гъуазджэмрэ щэнхабзэмрэ я лэжьакIуэхэр зыхущыщIэ щымыIэу псэууэ къыдэкIуэтей щIэблэм ялъагъумэщ абы зэхъуэкIыныгъэфI щиIэнур. Къэралым и нэIэ гъуазджэмрэ щэнхабзэмрэ къытет пэтми, къыхуищIэр мащIэщ. МыдэкIэ, гъуазджэм и цIыхухэм я гъащIэр нэхъ дахэ, екIу хъун папщIэ, дэ тхузэфIэкI длэжьыну дыхьэзырщ.

Нобэ ирихьэлIэу ди республикэм и художник 11-м щIыхь зиIэ цIэ лъапIэр къыхуагъэфэщащ. Апхуэдэщ, УФ-м щIыхь зиIэ и сурэтыщI ТхьэкIумашэ Михаил, Урысей Федерацэм и цIыхубэ художник Пащты Герман, Къэбэрдей-Балъкъэр, Къэрэшей-Шэрджэс, Ингуш республикэхэм я цIыхубэ художник КIыщ Мухьэдин, БжэIумых Хьид, Акъсырэ МуIэед, Денисенкэ Алексей, Кочергин Владимир, Баккуев Владимир, Джанкишиев Ибрэхьим сымэ.

Пащты Германрэ КIыщ Мухьэдинрэ ХудожествэхэмкIэ Урысей Академием и член-корреспондентщ; ЩIДАА-м я академикхэщ. ХудожникитIри нэгъуэщI щIыпIэхэм щолажьэ, республикэм пыщIэныгъэ быдэ хуаIэу.

СЫНДЫКУ Нелли,
*УФ-м и СурэтыщIхэм я зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм жэуап зыхь и секретарь.*


КъБАССР-м гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Гусаченкэ Николай


КъБР-м щIыхь зиIэ и сурэтыщI Маргъущ Анатолэ


Урысей Федерацэм и цIыхубэ сурэтыщI Пащты Герман


КъБР-м и цIыхубэ сурэтыщI СэвкIуий Хьэмид


КъБАССР-м щIыхь зиIэ и сурэтыщI Сындыку Тобий


СурэтыщI Щэмей Руслан


Урысей Федерацэм щIыхь зиIэ и сурэтыщI ТхьэкIумашэ Михаил


КъБР-м и цIыхубэ сурэтыщI Црым Руслан


СурэтыщI Жылэ Анатолэ

1921 2011

# Шу пашэ КIыщокъуэ Алим

КъБР-м и цIыхубэ усакIуэ, УФ-ми КъБР-ми я Къэрал саугъэтхэм я лауреат, Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь КIыщокъуэ Алим къызэралъхурэ мы гъэм илъэс 97-рэ ирикъуащ.

КIЫЩОКЪУЭ Алим зэчиишхуэ зыбгъэдэлъ усакIуэу, тхакIуэу, драматургыу щытащ, адыгэ прозэмрэ усыгъэмрэ я зыужьыныгъэм и цIэр къыгуэхыпIэ имыIэу епхащ, и къалэнхэм хуэпэжу къэрал, жылагъуэ IэнатIэхэм илъэс куэдкIэ пэрытащ.

ТхакIуэшхуэм и гукъэкIыжхэм ящыщ зым хэтщ мыпхуэдэу: «Къулыкъу нэхъыщхьэ дыдэу слъытэр лэжьыгъэр фIыуэ зылъагъу уи лъэпкъ цIыкIум ухуэусэнырщ».

Алим и тхыгъэхэращ къэбэрдей литературэм и цIэр къэрал псом щызыгъэIуар. Ди литературэр зи лъабжьэр куу, зи пщIэр лъагэ художественнэ хъугъуэфIыгъуэ хъуамэ, ар псом япэрауэ зи фIыщIэр КIыщокъуэращ.

Адыгэ литературэм къыщIэтаджэ щIэблэхэм сыт щыгъуи гъуазэ яхуэхъурт Алим. УсакIуэм лъэкI къигъэнакъым ахэр иущиин, гъуэгу захуэ тригъэувэн щхьэкIэ. Ди литературэм нобэ щылажьэ дэтхэнэри шу пашэм и щапхъэм къыщIэтэджащ.

- ГукъэкI бжыгъэншэрэкIэ гупсысэ мыухыжкIэ гъэнщIащ КIыщокъуэ Алим и тхыгъэхэмрэ и гъащIэмрэ, кууагъ и лъэныкъуэкIэ абы бжьыпэр щиIыгъщ бгырыс лъэпкъ литературэхэм, хуэфащэу къыхужаIэ «иджырей Кавказым и акъылыфIэ» псалъэр, - хужиIэгъащ усакIуэм Сокъур Мусэрбий. - Дызэрыт лIэщIыгъуэм къикIуа гъуэгуанэм и фIыпIэри и дыджри КIыщокъуэм къигъэлъэгъуэн хузэфIэкIащ.

КIыщокъуэр къыщалъхуа махуэр гъэ къэс республикэм и къуажэхэмрэ къалэхэмрэ щагъэлъапIэ, и тхыгъэхэмрэ и гъащIэ гъуэгуанэмрэ щIэблэм я щапхъэщ.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.





Бещтокъуэ Хьэбас

# Сытым дежи щIэщыгъуэ

Зи Iэдакъэм къыщIэкI тхыгъэ купщIафIэхэмкIэ, Iурылъ адыгэбзэ шэрыуэмкIэ, и щхьэм щызэригъэзахуэу тхылъымпIэм гъэщIэгъуэнышэу къытригъэхутэ гупсысэ щIэщыгъуэхэмкIэ къулей усакIуэ гъуэзэджэщ ди щIыналъэм и мызакъуэу нэгъуэщI щIыпIэхэми фIыуэ къыщацIыху Бещтокъуэ Хьэбас.

БЕЩТОКЪУЭ Хьэбас Къэрней и къуэр 1943 гъэм Бэхъсэн районым хыхьэ Ислъэмей къуажэм къыщалъхуащ. КъБКъУ-м щеджащ, абы иужькIэ Москва къэрал университетым журналистикэмкIэ и факультетри аспирантурэри къиухащ. Телевиденэм, «Нур» журналым я редакцэхэм щылэжьащ, илъэс зыбжанэ хъуауэ и унафэщIщ езыр жыджэру хэту къызэрагъэпэща Литературэ музейм.

Бещтокъуэ Хьэбас ящыщщ нобэрей адыгэ усыгъэм нэхъ зэпIэзэрыту зи макъ къыщыIухэм. И тхыгъэхэм я нэхъыбапIэр философие гупсысэ куукIэ, поэзие хэплъыхьам и дамыгъэ наIуэкIэ гъэнщIащ.

И япэ тхылъыр («Ракетэдромхэр») 1969 гъэм къыдэкIащ. Абы иужькIэ дунейм къытехьащ усэхэр, поэмэхэр щызэхуэхьэса сборникхэр: «Розэм и чэзущ» (1973), «Бынунагъуэ» (1976), «Красный всадник» (1977), «Адэжь щIыналъэ» (1978), «Нарт макъамэхэр» (1981), «Мывэ лъэхъэнэ» (1985), «ФIылъагъуныгъэ тхылъ» (1988), нэгъуэщIхэри. Лирикэ усэхэм я тхылъ зэпэщщ «Дуней телъыджэ» зыфIищар (2003). Печатым къытехуащ Хьэбас Iэзэу адыгэбзэкIэ зэридзэкIа тхыгъэшхуэ куэди.

УсакIуэ, публицист Бещтокъуэ Хьэбас лъэпкъым и напщIэм телъынущ, и псалъэми и щхьэми пщIэ яIэщи.

БЛИЙ Даянэ.



Къэбэрдей литературэм и классик ЩоджэнцIыкIу Алий



Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ усакIуэ Кулиев Къайсын



ТхакIуэ, драматург, щIэныгъэлI Шортэн Аскэрбий



ТхакIуэ, IуэрыIуатэдж КъардэнгъущI Зырамыку



КъБАССР-м и цIыхубэ тхакIуэ Теунэ Хьэчим



УсакIуэ КIуащ БетIал



КъБР-м и цIыхубэ тхакIуэ Нало Ахьмэдхъан



КъБР-м и цIыхубэ тхакIуэ Нало Заур



КъБР-м и цIыхубэ тхакIуэ Къэрмокъуэ Мухьэмэд



Критик, литературовед Сокъур Мусэрбий



Литературовед, критик ХьэкIуащэ Андрей



УсакIуэ АфIэунэ Лиуан



Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ усакIуэ Тхьэгъэзит Зубер



Драматург Акъсырэ Залымхъан



ТхакIуэ, усакIуэ, публицист Хьэх Сэфарбий



ТхакIуэ, зэдзэкIакIуэ, критик, литературовед Къэрмокъуэ Хьэмид



ТхакIуэ, критик, литературовед КхъуэIуфэ Хьэчим



УсакIуэ Бицу Анатолэ



ТхакIуэ, публицист Мэзыхьэ Борис



ТхакIуэ, щIэныгъэлI Бейтыгъуэн Сэфарбий



УсакIуэ, публицист, зэдзэкIакIуэ Уэрэзей Афлик



УсакIуэ Мыкъуэжь Анатолэ



КъБР-м и цIыхубэ усакIуэ Балъкъэр Фоусэт



Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ усакIуэ Зумакуловэ Танзиля



ТхакIуэ, тхыдэ щIэныгъэхэм я доктор МафIэдз Сэрэбий



КъБР-м и цIыхубэ тхакIуэ IутIыж Борис

# Лэжьыгъэр щымыужьых Iуэхущ1апIэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ усакIуэ, КъБР-м и къэрал саугъэтым и лауреат, «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм и унафэщI Ацкъан Руслан зыхуэдгъэзащ 2011 гъэм къыдагъэкIа тхылъхэмрэ дяпэкIэ зэлэжьыну я мурадхэмрэ тедгъэпсэлъыхьыну.



Ацкъан Руслан

«ЭЛЬБРУС» тхылъ тедзапIэм мы гъэм бзищымкIэ - адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэ, урысыбзэкIэ, тхылъ 67-рэ къыдигъэкIынущ. Абы щыщу 32-р адыгэбзэщ, 17-р балъкъэрыбзэщ, 14-р урысыбзэщ. Зэхэту тхылъхэм я тиражыр мини 162-рэ мэхъу.

Ацкъан Руслан зэрыжиIэмкIэ, тхылъ тедзапIэр тхэн щIэзыдзагъащIэ щIалэгъуалэм ядоIэпыкъу, абыхэм я тхыгъэхэр япэ ирагъэщ. Псалъэм папщIэ, апхуэдэщ «МакъыщIэхэр» серием хэту къыдагъэкIа КIарэ Альбинэ и «Си Iэлъыныр узот», Къэжэр ФатIимэ и «МахуэщIэ» тхылъхэр.

КIуащ БетIал и «Усэхэмрэ поэмэхэмрэ», КхъуэIуфэ Хьэчим и «Бгъэр уэгум иту малIэ» повестыр, Алъхъэс Светланэ и повестхэмрэ рассказхэмрэ щызэхуэхьэса «Сталинский шоколад», Тау Нинэ сабиийхэм яхуэгъэзауэ итха «ПщафIэ Iэзэ», Мамбэт Хьэлым и «Адыгэхэмрэ балъкъэрхэмрэ я хабзэхэр» тхылъхэр «Школ библиотекэ» серием хэту дунейм къытехьащ. Бицу Анатолэ илъэс 65-рэ щрикъум ирихьэлIэу «Мы гъащIэм и Iущагъыр хьэлэмэтщ» тхылъыр ягъэхьэзыр. Ар «ГъащIэмрэ гуащIэмрэ» серием щыщщ.

«Адыгэ тхыдэ» серием хеубыдэ Бгъэжьнокъуэ Барэсбий и «История и этнография адыгов» монографиер, Гъут Iэдэм и «Контексты в культурном пространстве» тхылъыр. «Ди цIыху цIэрыIуэхэр» серием хохьэ: «Исхьэк Машбаш Формула нравственности», «Алий Шогенцуков: По свидетельству времени» тхылъхэр. Ахэр ХьэфIыцIэ Мухьэмэдрэ ХьэкIуащэ Мадинэрэ ягъэхьэзыращ.

ШколакIуэхэм папщIэ тхылъ, зэреджэ пособие, зэрылажьэ Iэрытхыу 26-рэ хьэзыр хъуащ. Апхуэдэщ Балэ Людмилэ IыхьитIу зэхилъхьа зэрылажьэ Iэрытххэр, адыгэбзэ ямыщIэу 3-4-нэ классхэм щIэсхэм папщIэ Бекъан Масирэт зэхигъэува «Изучаем кабардинский язык» тхылъыр. Абы сурэт куэд и гъусэщ, зэрылажьэ Iэрытххэри щIыгъущ. КъыдэкIащ егъэджакIуэхэм дерсхэр зэрырагъэкIуэкIыну планхэри. Курыт школхэм я 6 - 10-нэ классхэм щIэсхэм адыгэбзэр зэрырагъэдж, Урыс Хьэталийрэ Iэмирокъуэ Ильясрэ я IэдакъэщIэкI тхылъхэм хэлэжьыхьыжауэ, ирагъэфIэкIуауэ къыдагъэкIыжащ. 6-8-нэ классхэм адыгэ литературэр зэрыщрагъэдж тхылъхэри къыдагъэкIыжащ, Ержыб Аслъэн, ТIымыжь Хьэмыщэ, БищIо Борис сымэ ягъэхьэзырауэ.

Къыхэгъэщыпхъэщ, «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм и лэжьакIуэхэм ди къуэш Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм ядэIэпыкъуу IуэхуфI зэралэжьри. Адыгэхэмрэ шэрджэсхэмрэ адыгэбзэмрэ адыгэ литературэмкIэ тхылъхэр зы программэм тету ягъэхьэзыр. КъищынэмыщIауэ, шэрджэс тхакIуэхэми гулъытэ хуащI, я тхылъхэри щхьэхуэу къыдагъэкIыну я мурадщ.

БЖЬЫХЬЭЛI Розэ.

Япэ итахэр

# ХэкулI Бэрбэч ХьэтIутIэ



Къэралым и еджапIэ нэхъыщхьэхэм ящыщу нэхъыфIхэм хабжэ КъБКъУ-р къызэIухыныр Iуэху тынштэкъым. Ауэ Бэрбэч ХьэтIутIэ хузэфIэкIащ а зэманым къэрал унафэщIхэм захуигъазэу, зи ужь ихьа Iуэхур зэрыIэмалыншэр къагуригъэIуэн. Апхуэдэу 1957 гъэм Къэбэрдей пединститутыр и лъабжьэу, факультетиплIу зэхэту (тхыдэ-филологие, физико-математикэ, инженер-техникэ, мэкъумэш) ди щIыпIэм къэрал университет къыщызэIуахри, республикэм и щIэныгъэр гъуэгуанэщIэ теуващ.

**АР ХУАБЖЬУ мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхут - Кавказ Ищхъэрэм и лъэпкъ автономиехэм ящыщу университет япэу къыщызэIуахар ди дежт. КъищынэмыщIауэ, IэщIагъэ зэхуэмыдэ куэдым щыхурагъаджэ университетхэр къэралым къыщызэIухыныр къыщежьари абдежщ. КъБКъУ-р къызэIухыныр ирихьэлIат Къэбэрдейр Урысейм зэрыгухьэрэ илъэс 400 щрикъум.**

**КъБКъУ-м и япэ ректору щытащ нобэ университетым зи цIэр зэрихьэ Бэрбэч ХьэтIутIэ МутIэ и къуэр. ЕджапIэ нэхъыщхьэм и статусыр зэрахъуэжам къалэну къыхуигъэувыр зыхуэдизыр фIыуэ зыщIэ ректорым а лъэхъэнэм зэфIигъэкIар мащIэкъым. Псом япэу IэщIагъэлI нэсхэр яIэн зэрыхуейр къызыгурыIуэ унафэщIым къэралым щыпашэ еджапIэхэм я щIэныгъэлIхэр, профессор цIэрыIуэхэр кърригъэблэгъащ. Абыхэм зэфIагъэуващ физикэмкIэ, химиемкIэ, биологиемкIэ щIэныгъэ школхэр, егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэм, щIэныгъэкъэхутэныгъэм я унэтIыныгъэхэр яубзыхуащ. Бэрбэчым и жэрдэмкIэ къэралым и университетхэм щагъэхьэзыру щIадзащ КъБКъУ-р зыхуэныкъуэ IэщIагъэлIхэр.**

**И лъэпкъым зиужьыным гукIи псэкIи хуэлэжьа цIыхут Бэрбэчыр. Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и къызэгъэпэщакIуэрщ адыгэхэм ящыщу япэу тхыдэ щIэныгъэхэм я доктор хъуар. Профессор цIэрыIуэм, щIэныгъэлI щыпкъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым ис лъэпкъхэм я тхыдэр джыным, зэфIэгъэувэжыным ехьэлIа къэхутэныгъэ лэжьыгъэ куэд иригъэкIуэкIащ.**

**Бэрбэчым Iуэху зехьэкIэ хьэлэмэт иIэт, и дуней тетыкIэри адрейхэм ещхьтэкъым, и хьэл-щэнымкIи цIыхухэр къыдихьэхыфырт. Ар щыпсалъэкIэ уемыдэIуэну гугъут, сыту жыпIэмэ и псэлъэкIэ къудейм удихьэхырт, езым тхылъымпIэ гуэри къимыгъэсэбэпу, жиIэр къазэрыщыхъур зригъащIэу цIыхухэм я нэгу иплъэу и Iуэху еплъыкIэр къиIуатэрт. ХьэтIутIэ кIий-гуохэм ящыщтэкъым - хуэму, ауэ пхыкIыу псалъэрт. ЛIы зэпIэзэрытым, лъагъугъуафIэм и теплъэ къудейми и псэлъэгъухэр дихьэхырт.**

**Лъэныкъуэ куэдкIэ зэфIэкIышхуэ зиIа щIэныгъэлIт Бэрбэч ХьэтIутIэ. МызэмытIэу ар хахащ партым и обкомым и бюром, КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и УнафэщIу щытащ, орденитIрэ медаль зыбжанэри къыхуагъэфэщат.**

**Бэрбэч ХьэтIутIэ Iуащхьэмахуэ и щыгум ихьауэ щытащ. Бгым и лъагапIэм зэрынэсам ещхьыркъабзэу щIэныгъэм, щэнхабзэм я щыгуми ихьэфащ Бэрбэчыр.**

КIУЭКIУЭ Жэмалдин,
***КъБКъУ-м и профессор.***





# Еш зымыщIэ Лъостэн Владимир

Къэралым и щIыпIэ ку[illegible] къыщацIыхуу щыта щIэныгъэлI, зэман кIыхькIэ КъБКъУ-м и ректору лэжьа, республикэр, ди лъэпкъыр зэрыгушхуэ цIыху щэджащэ Лъостэн Владимир Чэлимэт и къуэм и гъащIэр уафэхъуэпскIым ещхьу нэхут икIи гукъинэт. Дунейм къыщытехьэм къэунэхуауэ щыта а вагъуэр лъэхъэнэкIэрэ щIэблэм яхуоблэ, щIэныгъэм и нурыр дэтхэнэми лъигъэIэсу.



ЛЪОСТЭНЫР Шэрэдж куейм хыхьэ Аушыджэр адыгэ къуажэм 1931 гъэм и накъыгъэ мазэм къыщалъхуащ. Налшык курыт еджапIэ №2-р ехъулIэныгъэкIэ къиуха нэужь, Москва дэт горнэ институтым щIэтIысхьащ. Къыхиха IэщIагъэр и псэм къыдыхьэу зэрыщымытым щIэхыу гу лъызыта щIалэщIэм и еджэныр нимыгъэсу абы къыщIэкIыжащ икIи къыкIэлъыкIуэ илъэсым и студент хъуащ Ломоносовым и цIэр зэрихьэу Москва дэт къэрал университетым и философие факультетым. А лъэхъэнэм наIуэ къэхъуакIэт Владимир къызэгъэпэщакIуэ зэфIэкI лъагэхэр зэрыбгъэдэлъыр.

ЩIэныгъэ нэхъыщхьэ зэзыгъэгъуэтауэ республикэм къэзыгъэзэжа Лъостэныр япэ щIыкIэ КПСС-м и Къэбэрдей обкомым и къудамэхэм ящыщ зым инструктору, иужькIэ партым и Прималкэ райкомым и етIуанэ секретару ягъэуващ. Лэжьыгъэм хуэIэижьу гу зылъата IэщIагъэлIым мыгувэу къыхуагъэфэщащ партым и Тэрч куей комитетым и япэ секретарь къулыкъур, итIанэ Тырныауз вольфрам-молибден комбинатым и парткомым и секретарь къалэныр. Сыт хуэдэ IэнатIэ пэрытами, Лъостэным зыкъигъэлъэгъуащ жэуаплыныгъэр ткIийуэ зыхэзыщIэ унафэщIу, лэжьыгъэм и къызэгъэпэщакIуэ IэкIуэлъакIуэу. Къыдэлажьэхэм ар къызэралъытэр унафэщI къудейуэтэкъым, атIэ дэтхэнэми чэнджэщэгъуфIу, гу зэIуха зиIэ ныбжьэгъу пэжу къалъытэрт.

1961 - 1969 гъэхэм Лъостэным и щIэныгъэм щыхигъэхъуащ Жылагъуэ щIэныгъэхэмкIэ Урысей Академием. Философие щIэныгъэхэм я кандидат хъуа нэужь, Владимир философиемкIэ абы и кафедрэм и егъэджакIуэу, и унафэщIу лэжьащ.

Владимир Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтым и унафэщIу щагъэувам щыгъуэ, абы лэжьыгъэм «бэуэкIэщIэ» хилъхьауэ щытащ. Еш зымыщIэ щIэныгъэлIым и унафэм щIэт институтыр зэман кIэщIым кърихубыдэу езым хуэдэ Iуэхущ IапIэхэу Кавказ Ищхъэрэм щыIэхэм я нэхъыфI хъуащ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым щIэныгъэм нэхъри зыщегъэужьыным сыт щыгъуи пылът Лъостэныр. Москва, Петербург, нэгъуэщI къалэшхуэхэм я еджапIэ нэхъыщхьэхэм я аспирантурэхэм я щIэныгъэм щыхагъэхъуэну КъБКъУ-р къэзыуха щIалэгъуалэ лъэрызехьэхэр игъакIуэрт. Ди щIыналъэм хиубыдэ дэтхэнэ зы жылагъуэми я тхыдэр джын щIадзауэ щытащ Владимир и жэрдэмкIэ. Ар езыри жыджэру хэтт апхуэдэ къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэм.

1973 гъэм Лъостэн Владимир КъБКъУ-м и ректору ягъэуващ. Илъэс 21-кIэ ирихьэкIащ абы а къулыкъур. А лъэхъэнэм къриубыдэу нэхъ наIуэж къэхъуащ Лъостэным зэчийуэ бгъэдэлъым и инагъыр, иIэ щIэныгъэм и куугъыр. Республикэм и еджапIэ нэхъыщхьэр езым хуэдэхэм фIыкIэ къахэщ ищIащ. Абы къыщызэригъэпэщащ докторантурэ, кандидат, доктор диссертацэхэр пхыгъэкIынымкIэ совет щхьэхуэхэр. А лъэхъэнэм щIадзащ техникэ лъэрызехьэхэр университетым щыгъэувынми.

Апхуэдиз лэжьыгъэшхуэм ехъулIэныгъэфIхэри къыпэкIуащ икIи 1980 гъэхэм и пэщIэдзэм КъБКъУ -м Лъэпкъхэм я зэныбжьэгъугъэм и орден къэрал дамыгъэ лъапIэр къыхуагъэфэщауэ щытащ. Университетыр Кавказ Ищхъэрэм щIэныгъэмкIэ, щэнхабзэмкIэ, егъэджэныгъэмкIэ и IуэхущIапIэ нэхъыфIхэм хабжащ.

Профессор, щIэныгъэлI, егъэджакIуэ, гъэсакIуэ ахъырзэманым и къалэнхэм дэщIыгъуу жылагъуэ мыхьэнэ зиIэ лэжьыгъэшхуи кърихьэлIэу щытащ. Ар мызэ-мытIэу СССР-м, КъБР-м я Совет Нэхъыщхьэхэм я депутату хахащ. Илъэс зыбжанэкIэ республикэм и Совет Нэхъыщхьэм и тхьэмадэм и къуэдзэу щытащ, «Хэку» зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм, республикэм и еджапIэ нэхъыщхьэхэм я ректорхэм я Советым я унафэщIу лэжьащ. Апхуэдиз зэфIэкI зыбгъэдэлъа Лъостэным къэралым дамыгъэ лъапIэ куэд къыхуигъэфэщащ. Абыхэм ящыщщ Бэракъ Плъыжь, «ЩIыхьым и Дамыгъэ» орденхэр, медаль, щIыхь тхылъ зыбжанэр. Абы зэрихьэрт КъБР-м, Адыгэ Республикэм щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ цIэ лъапIэхэр, ИнформатикэмкIэ дунейпсо академием и академикт, профессорт.

Лъостэн Владимир Чэлимэт и къуэм и цIэр дыщэпскIэ къэралпсо щIэныгъэм и тхыдэм хэтхащ. Абы и фэеплъ нэхур цIыху минхэм ягухэм щоблэ.

ТАМБИЙ Линэ.



## РекторитI

Бэрбэчхэ ХьэтIутIэ,
Лъостэнхэ Владимир,
Аушыджэр лIыфIхэр,
Лъэпкъ набдзэ дахитI,
КъэвгъэщIар зэшитIми
ЗылI гъащIэ къудейми,
Уахътыншэ зи гуащIэм
ИщIахэм фахэтщ.

Лъахэм и дыгъуасэм
ФщIэрт фэ и лъы уасэр.
Лъахэм и къэкIуэнур
Зэлъытари фщIэрт.
ЩIэныгъэр я гъуазэу
ЩIалэгъуалэр вгъасэу,
Гъуэгуу зэрыкIуэнур
Сэтей дахэ фщIырт.

ЕгъэджакIуэ Iущхэ,
Еджагъэшхуэ лъэщхэ,
Сыт хъунт тIэкIунитIэ
Фызыщысхьыжам.
Махуэ, жэщ фимыIэу,
Унэ, жьэгу жывмыIэу,
ФыIутащ IэнатIэ
Гугъу фызыхьыжам.

Фыхэтащ лэжьыгъэм,
Хуэдэу мафIэ лыгъэм,
Фиту зауэ губгъуэ
ФыкIуэдам ярейщ.
ФызилIыгъэ щапхъэщ.
Къэзгъэнэнкъым сщIапхъэ,
Къалэм жаныр сIыгъыу
Сытетыху дунейм.

Схьынщ сэ сызелъатэу,
Фэ фыстетщи дамэу.
СыпIэщIэнщ хуэсщIэну
Си лъэпкъ мащIэм куэд.
Бэрбэчхэ ХьэтIутIэ,
Лъостэнхэ Владимир,
Си шынэхъыжьыфIхэ,
Фи кIуэдыр си кIуэдщ!



КъБКъУ-м и профессор
Къумыкъу Тыгъуэн



КъБКъУ-м и профессор
Задумкин Сергей



КъБКъУ-м и профессор
Апажэ Мухьэмэд



КъБКъУ-м и профессор
Мусукаев Ахьмэт



КъБКъУ-м и профессор
ХъуэкIуэн Хьэзрэталий



КъБКъУ-м и профессор
КIуэкIуэ Жэмалдин



КъБКъУ-м и профессор
ЦIыпIынэ Аслъэн

# Къэмылэнджэж КIарэ Анатолэ


Урысейм и ЛIыхъужь КIарэ Анатолэ.

КъБР-м щыIэ МВД-м и тхыдэм щы-япэу Урысейм и ЛIыхъужь цIэр къыфIащащ лIыгъэрэ хахуагъэрэ къигъэлъагъуэу 2008 гъэм щIышылэм и 12-м хэкIуэда милицэм и полковник КIарэ Анатолэ СулътIан и къуэм. Хабзэхъумэ къэмылэнджэжым и цIэр зэрехьэ ар щеджа Налшык къалэ дэт курыт школ №4-м. Ар тратхащ ЗэгурыIуэныгъэм и утым деж щыт Совет Союзым и ЛIыхъужьхэм я цIэр къызытещ ЩIыхь пхъэбгъум.

**КIАРЭ АНАТОЛЭ 1957 гъэм щэкIуэгъуэм и 10-м Налшык къалэ къыщалъхуащ. 1975 гъэм лэжьэн щIидзащ Налшык и Республикэ сабий-ныбжьыщIэ спорт школым и тренер-инструктору. ИужькIэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и спорт факультетыр къиухащ. 1990 гъэм СССР-м юрист IэщIагъэ Мэзкуу щызригъэгъуэтащ. СтIолыщхьэ теннисымкIэ спортым и мастер цIэр къыфIащауэ ар республикэмрэ РСФСР-мрэ я командэ къыхэхахэм хэтащ, Къэбэрдей-Балъкъэрым, МВД-м я щIыхьыр зэхьэзэхуэ зэмылIэужьыгъуэхэм щихъумащ.**

**1981 гъэм хабзэхъумэ лэжьыгъэм щыпищащ Октябрь РОВД-м и милицэм и участковэу. ИужькIэ къулыкъу зэмылIэужьыгъуэхэр ирихьэкIащ.**

**2005 гъэм и шыщхьэIум КъБР-м щыIэ МВД-м и Криминальнэ милицэм и УБОП-м и унафэщIу ягъэуващ. IэнатIэ гугъум щыпэрыта зэманым милицэм и полковник КIарэ Анатолэ Iуэхум кууэ хэзыщIыкI IэщIагъэлIу, къызэгъэпэщакIуэ IэкIуэлъакIуэу, офицер нэсу зыкъигъэлъэгъуащ.**

**Анатолэ сыт щыгъуи пэрыту щыщытащ щIэпхъаджащIэхэм ебэныным, гъащIэм шынагъуэ къезыт щытыкIэхэм къихутэми, сыунафэщIщ жиIэу, абы зэи зыкъуигъэпщкIуакъым и лэжьэгъухэм, къалэныр езыхьэкIхэм я щIыбагъ. А псори абы наIуэ ищIауэ щытащ 2005 гъэм жэпуэгъуэм IэщэкIэ зэщIэузэда бзаджащIэхэр Налшык къыщытеуам. Абы щыгъуэ зэрихьа хахуагъэмрэ лIыгъэмрэ папщIэ Путин Владимир Кремлым къыщритащ ЛIыгъэм и орденыр. Абы и хахуагъэм пщIэшхуэ къыхуащIащ: КIарэ Анатолэ къратащ «Хэкум и пащхьэм щиIэ фIыщIэхэм папщIэ» медалым и 2-нэ нагъыщэр, «Жылагъуэ хабзэр хъумэным и Iуэхум къызэрыщыхэжаныкIам папщIэ» медалыр. 2008 гъэм мэлыжьыхьым и 18-м УФ-м и Президентым къыдигъэкIа Унафэм ипкъ иткIэ (мыпсэужу), абы къыхуагъэфэщащ Урысей Федерацэм и дамыгъэ нэхъ лъапIэ дыдэр - Урысейм и ЛIыхъужь цIэр.**

**ЛIыгъэшхуэ зыхэлъ икIи куэд зэфIэзыгъэкIыф цIыхут КIарэр. Ди щIыналъэм мамыр псэукIэр щызэтезыкъутэну хэт бзаджащIэхэм жэщи махуи псэхупIэ езымыт хабзэхъумэ къэмылэнджэжыр щIэпхъаджащIэхэм яIэщIэкIуэдащ. Анатолэ гъащIэшхуэ иIакъым, ауэ къигъэна лъэужьыр щапхъэщ. Шэджэм къалэм дэт Музейм и блыным къыщызэIуахащ УБОП-м и унафэщIу щыта, Урысейм и ЛIыхъужь КIарэ Анатолэ и фэеплъ пхъэбгъу. Апхуэдэуи къалэм и уэрам нэхъ инхэм ящыщ зым, НабережнэкIэ зэджэу щытам, фIащащ КIарэ Анатолэ и цIэр.**

**Москва, Горькэм и цIэр зезыхьэ жыг хадэм итщ зи къалэн зыгъэзащIэу хэкIуэда хабзэхъумэ, Урысейм и ЛIыхъужь 19-м я цIэр зытетха фэеплъ пхъэбгъу. Абы щагъэуващ КIарэ Анатолэ ейри, къыдэлэжьахэм я мызакъуэу, адрейхэми ягу къагъэкIыжын икIи хуэфащэ пщIэ хуащIын папщIэ.**

УЭРДОКЪУЭ Женя.

ДыщэкI КIунэ, ТIыхъужь Алий, Сонэ Мухьэрбий, Токъуий Хъусен... Ахэр УФ-м и цIыхубэ артистхэт, егъэлеиныгъэ лъэпкъ хэмылъу цIыхубэм ейт. А цIэ-унэцIэхэм иджыри зыбжанэ къыпыпщэ хъунущ, Къэбэрдей лъэпкъ театрыр иригушхуэу, я гуащIэ хэмылъу а IуэхущIапIэр уи нэгу къыпхущIэмыгъэхьэу. ПщIэшхуэ зыхуэтщIын, щIэх-щIэхыурэ дигу къэдгъэкIыжын хуей а артист гъуэзэджэхэм я гугъу пщIыну тыншкъым. Сыту жыпIэмэ, «фIыщ» жыпIэ къудейкIэ зэфIэкIыркъым, атIэми псалъэр къомэщIэкI абыхэм ябгъэдэлъа зэчийр кърибгъэлъэгъуэну. ЯхузэфIэкIар уи нэгу къыщыщIэбгъэхьэфынур, я ехъулIэныгъэхэр къызэрыдгъэлъагъуэ псалъэхэм я кууагъыр щызыхэпщIэнур абыхэм я джэгукIэм зэ нэхъ мыхъуми укIэлъыплъыну къыпхуихуамэщ.

# Урысей Федерацэм и цIыхубэ артистхэр

МОСКВА къыщызэрагъэпэщауэ щыта МХАТ-м зи насып къиихьу щеджа актер гупым лъэкIыныгъэшхуэ яIэт. Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и лъабжьэр зыгъэтIылъа нэхъыжь гупыр а еджапIэм актер IэщIагъэр щызэзыгъэгъуэтахэм текIуэн, пеуэн жыпIэу щытащ.


ДыщэкI КIунэ


ТIыхъужь Алий


Сонэ Мухьэрбий


Токъуий Хъусен

Иджыпсту зэманыр гугъущ, нэгъуэщI зыгуэр хъуащ жаIэ, ауэ зызыхъуэжар цIыхухэрщ. КIунэ, Алий, Мухьэрбий, Хъусен сымэ щылэжьа зэманми гунукъуэгъуи гукъеуи щыIащ, ауэ а псори зыщагъэгъупщэурэ зэхуэгуапэт, зэхуэжумартт, фIыуэ зэ- рылъагъурт. КIэщIу жыпIэмэ, зэрыIыгът, зэкъуэтт.

1935 гъэм къызэIуахауэ щыта колхоз-совхоз театрым лэжьапIэ увауэ щыта щIалэгъуалэм а зы IэнатIэращ я гъащIэ псор тыхь зыхуащIар - ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрырщ.

НэхъыжьыфIхэм уалъэщIыхьэнутэкъым артист лэжьыгъэм нэхъыщхьэ дыдэу хэлъхэм ящыщ зымкIэ: абыхэм я псэлъэкIэр гъэхуат, пэшым щIэсхэм зы псалъэ къагурымыIуэу къыхэмыкIыу, дэтхэнэ зы псалъэри IупщIт.

ИщхьэкIэ зэрыжытIащи, ДыщэкI КIунэ, ТIыхъужь Алий, Сонэ Мухьэрбий, Токъуий Хъусен сымэ хуэдэ нэхъыжьыфIхэр лъэпкъым и цIыхухэм ящыгъупщэ хъунукъым. Абы щхьэкIэ артистхэм я джэгукIэм, я гъащIэм теухуа тхыгъэхэр диIапхъэщ. НэхъыфIыжт ахэр щыджэгуа спектаклхэр ди телевиденэм и гъэтIылъыгъэхэм хэлъу щытамэ е езы театрым хуэхъумамэ. Абы Iэмал къуитынут артистхэм я джэгукIар къытщIэхъуэ щIэблэм щапхъэ яхуэпщIыну. Ауэ, ди жагъуэ зэрыхъунщи, ахэр гъуэтыгъуей дыдэщ. Сэ ди Iыхьлы нэхъыжь зыбжанэ къызэлъэIуат адыгэ спектаклхэр зытет дискхэр, щыIэххэмэ, яIэрызгъэхьэну. АрщхьэкIэ ящэуи ятуи къысхуэгъуэтакъым.

Ди жагъуэ зэрыхъунщи, ди артист щэджащэхэр гулъытэншэу къонэ. Артист пажэхэм я цIэхэр е уэрамым, е щеджа школым, е щэнхабзэ IуэхущIапIэ гуэрхэм фIащамэ фIыт. Ар куэдым я гуапэ хъунт.

ИСТЭПАН Залинэ.


Урысейм и ЛIыхъужь Красиков Александр.

# Пщыгъупщэ хъунукъым

2005 гъэм жэпуэгъуэм и 13-м зи гъащIэр къызэтеувыIа хабзэхъумэхэм яхэтщ Урысейм Шынагъуэншагъэмкlэ и федеральнэ къулыкъум и управленэу КъБР-м щыIэм и лэжьакIуэхэри. Абыхэм ящыщщ сабиищым я адэ, плъыр комендантым и дэIэпыкъуэгъуу щыта прапорщик Красиков Александр Владимир и къуэр.

**КРАСИКОВ Александр 1958 гъэм жэпуэгъуэм и 25-м Налшык къыщалъхуащ. КъБР-м щыIэ УФСБ-м 1995 гъэм лэжьэн щыщIидзащ. Зы махуэм нэхърэ къыкIэлъыкIуэм нэхъри зиужьу, и пщэрылъхэм кууэ зыхигъэгъуазэу Сашэ хьэлэлу и лэжьыгъэм пэрытащ. Ар фIыкIэ ягу къагъэкIыж и лэжьэгъухэми и ныбжьэгъухэми. «Апхуэдэ цIыхухэр пщыгъупщэ хъунукъым, я дуней тетыкIамрэ цIыху хэтыкIамрэ дерс къызыхэпхынщ», - жаIэ абыхэм.**

**Жэпуэгъуэм и 13-м IэщэкIэ зэщIэузэда бзаджащIэхэр зытеуа хабзэхъумэ IэнатIэхэм ящыщт КъБР-м щыIэ УФСБ-м и къудамэр. Прапорщик Красиков Александр и хэщIапIэм щIыхьэну бзаджащIэхэм Iэмал яритакъым икIи хахуагъэрэ лIыгъэрэ къигъэлъагъуэу а зэхэуэм хэкIуэдащ.**

**Красиков Александр Урысейм и ЛIыхъужь цIэ лъапIэр къыфIащащ, щеджа Налшык дэт гимназие №13-м и цIэр зэрехьэ.**

**Зи цIэр тхыдэм къыхэнахэм ящыщщ Красиков Александр. Абы и цIэр тратхащ ЗэгурыIуэныгъэм и утым деж щыт къэралым и ЛIыхъужьхэм я цIэр къызытещ ЩIыхь пхъэбгъум.**

АБЕИКЪУЭ ТIалиб.


СССР-м и цIыхубэ артист Темыркъан Юрэ


УФ-м и цIыхубэ артист Кучуков Магомед


УФ-м щIыхь зиIэ и артист Жыгун Тимэ


УФ-м щIыхь зиIэ и артисткэ Шэру Соня


КъБР-м и цIыхубэ артист Къаздэхъу СулътIан


УФ-м и цIыхубэ артист Ульбашев МутIай


УФ-м и цIыхубэ артисткэ Къашыргъэ КIурацэ


УФ-м щIыхь зиIэ и артист ПщыхьэщIэ Мухьэжыр


КъБР-м щIыхь зиIэ и артисткэ Хьэкъул Розэ


УФ-м щIыхь зиIэ и артист Юсупов Хьэмид


УФ-м и цIыхубэ артист Темыркъан Борис


КъБР-м и цIыхубэ артисткэ Щэрмэт Людмилэ


КъБР-м и цIыхубэ артисткэ Мэшыкъуэ Феня


УФ-м щIыхь зиIэ и артист Шыбзыхъуэ Басир


УФ-м щIыхь зиIэ и артист Хъупсырджэн Албэч


КъБР-м, Адыгейм, КъШР-м я цIыхубэ артист Нэхущ Чэрим


УФ-м щIыхь зиIэ и артист Батыр Мухьэдин


УФ-м щIыхь зиIэ и артист Ташло Алий

КЪАНДУР Мухьэдин

## Си Налшык

Налшык къалащхьэ, къалэ дыщэ,
Псэр зыгъэгуфIэ, Iыхьэлей,
Сэ пхужысIэнут хъуэхъу куэдыщэ,
Ухъуащ уэ щIасэ, псом я лей.

Уи гуапэр, гуфIэр, къалэ хахуэ,
Си нэгум хуиту къыщIэпсэху,
КъысфIощI мычэму Iуащхьэмахуэ
БлэкIар и бзийхэм къагъэнэху.

БлэкIар си лъэпкъым хъуащ
хуэмыгъуэ:
Тепхъащ хэкуэгъухэр дуней псом.
ЩIобэг си лъэпкъыр гурыфIыгъуэ -
Ар сфIэфIт хамэщIым щымыпсэум.

Си къалэ дахэ, къалэ махуэ,
Нэр гуфIэ нэпсхэм холыдыкI.
ХузощIыр щхьэщэ Iуащхьэмахуэ,
Уи IэплIэ гуапэр гум пымыкI.

Уи бын, уи тIасэр зэрыцIыкIурэ
Уи напэ лъагъум нышIохъуэпс...

ХуэлIащ уи быныр куэдрэ, куэдрэ
Адыгэ уафэм и дыгъэпс.

Пащтыхь бжьы хьэлъэм
и нэпкъыжьэр,
Фашист дзэ фIыцIэм и лъэужь...
ГуIэгъуэт уэркIэ блэкIа жыжьэр,
БлэкIам слъагъуэжкъым и Iэужь.

Къапех мэ гуакIуэ уи гъэгъахэм.
Уи куэдщ уэ ноби нарт лIыхъужь...
Къыщопщэ гуапэу уи уэрамхэм
ГугъапIэ дахэм и акъужь.

Сэ сфIэфIт лъэпкъ уардэр
зы дыхъужмэ,
Мыр тафэ бейхэм къызаIуэкI:
«ХамэщI щыпсэухэм къагъэзэжмэ,
Насыпу щыIэм ар йофIэкI».

Мис а макъамэр жэщи махуи
Ди псыжь толъкъунхэм къыдапэс.
Ар щыгъупщакъым Iуащхьэмахуи:
И бынхэм поплъэ - гущIэр мэс.

Налшык къалащхьэ, къалэ гуапэ,
Черкесск къуэшыгъэр къыбдегуэш.
Уи псалъэ щхьэпэ хуейщ Мейкъуапэ,
Ар куэдрэ, куэдрэ къыпхуозэш.

Тэрчыжьи, Лаби, Бахъсэныжьи
Сэ зэхызохыр я даущ,
А псори зэуэ зэщIэжьыуэ
ИщIыну сожьэ псалъэ Iущ.

ХамэщI щыпсэуми,
си лъэпкъ дыщэм
ЩыкIуэд къэхъуакъым и нэмыс,
И лIыгъэр, щIыхьыр къэралищэм
Къэхъуауэ сщIэркъым щынэмыс...

БлэкIам си гущIэр ирелыгъуэ.
БлэкIар гъэ кIуахэм щIрелъхьэж.
Сыхуейщ сэ нобэ къэралыгъуэ,
Ар хъунщ лъэпкъ дыгъэ
къуэмыхьэж.

Налшык къалащхьэ, къалэ махуэ,
КъысфIощI бгырысхэм къагъэзэж.
Тэджау э маплъэ Iуащхьэмахуэ...
О, ди Тхьэу Тхьэшхуэ, ар гъэпэж.

ГурыщIэ IэфIхэр бгъэм щоушэ,
Сэ зэхызохыр шы лъэ макъ...
ЩIрет си лъэпкъыр куэдрэ, куэдрэ
Ди къэралыгъуэм и бэракъ.

*Инджылыз, Уиндзор*

Илъэс еханэ хъуауэ Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и командэ нэхъыщхьэ «Спартак-Налшыкыр» Урысей Федерацэм и премьер-лигэм ехъулIэныгъэкIэ хэтщ. Къэралым и командэ нэхъыфI дыдэхэм яхыхьэфын папщIэ налшыкдэсхэм гъуэгуанэ кIыхь икIи гугъу якIуащ. Илъэс 52-рэ ипэкIэ, 1959 гъэм мэлыжьыхьым и 18-м, СССР-м футболымкIэ «Б» классым щекIуэкIа зэхьэзэхуэм и япэ зэIущIэм щича лъэбакъуэм лъандэрэ налшыкдэсхэм зэIущIэ 1766-рэ ирагъэкIуэкIащ. Абы щыщу 476-р япэ дивизионым (лигэм) щыджэгуащ.

# Дыпщогугъ, «Спартак-Налшык»!




КЪЭРАЛПСО утыку зэрихьэрэ ди щIалэхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIыхьыр лъагэу яIэтащ. Футболист ахъырзэманхэу Iэпщэ Александр, Туаев Къазбэч, Наурзокъуэ Юрэ, Ещтрэч Владимир, Лъэрыгу зэкъуэшхэу Викторрэ Къазбэчрэ, Мирзоев Виталий, КIурашын Олег, Биджий Хьэсэнбий, Хьэпэ Заур, Исаев Щамил, Саркисян Альберт, Дзэмыхь Анзор сымэ, нэгъуэщI куэди къэрал псом къищынэмыщIа, хамэ щIыпIэхэми щыцIэрыIуэщ. Ди «Спартак»-м текIуэныгъэ ин дыдэхэри иIащ. Къапщтэмэ, сыт и уасэ 1965, 1970 гъэхэм етIуанэ лигэм хэт командэхэм я зэхьэзэхуэм псоми щефIэкIыу РСФСР-м и чемпион зэрыхъуар! Сыт хуэдиз дэрэжэгъуэ къратат абы Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэм!

Зи цIэ къитIуа щIалэхэр, нэгъуэщI куэди Совет Союзым, иужькIэ Урысей Федерацэм и командэ нэхъыфIхэу Москва и «Спартак», «Динамо», «Локомотив», Тбилиси и «Динамо», Дон Iус Ростов и СКА, Баку и «Нефтчи», Донецк и «Шахтер», Владикавказ и «Спартак-Алание» командэ лъэщхэм щыджэгуащ. Дэтхэнэ зы гупри ягъэбжьыфIэфынут ТыIэщ Хьэсэнбий, Настаев Щамил, Дерёмов Евгений, Бэч Руслан, Наурыз Басир, Гъубж Вячеслав, Трубицын Сергей... Дэтхэнэм и цIэр къипIуэн?!

Нэхъапэм ди футболист къыхэжанықIхэм хамэ щIыпIэхэм я командэхэр ягъэбжьыфIэурэ къекIуэкIамэ, иджы дэ езым апхуэдэ гуп зэкъуэт лъэщ диIэ хъуащ. Гум зэи ихужынкъым ди «Спартак»-р премьер-лигэм зэрыкIуар щызэхэкIа 2005 гъэм щэкIуэгъуэм и 3-м стадионым и джэгупIэ губгъуэм и кугъэм и курыкупсэм адыгэ джэгушхуэ къыщызэIузыха цIыху минхэм я нэгум илъа гуфIэгъуэр. Абы хуэбгъэдэфынур налшыкдэсхэр РСФСР-м и чемпион щыхъуа 1965, 1970 гъэхэрщ.

Премьер-лигэр иджыри къэс налшыкдэсхэр зыхэтахэм куэдкIэ къызэрыщхьэщыкIыр гурыIуэгъуэщ. Зым и дежкIи щэхукъым абы ахъшэшхуэ дыдэ зэрыщызекIуэр икIи ар ирикъуу уимыIэмэ, къэралым и командэ нэхъыфIхэми уазэрыхэмызэгъэнур. Къапщтэмэ, Санкт-Петербург и «Зенит»-м, Москва и «Спартак»-м, ЦСКА-м, «Локомотив»-м, Къэзан и «Рубин»-м, уеблэмэ, Мэхъэчкъалэ и «Анжи»-м я язынықъуэ футболистхэм я уасэр «Спартак-Налшыкым» илъэс псокIэ и бюджетым хуэдэ зыбжанэкIэ щIегъу. Абы къыхэкIыу дэ къытхуэнэжыр абыхэм ди зэкъуэтыныгъэмрэ псэемыблэжыныгъэмрэ япэдгъэувынырщ. ИкIи премьер-лигэм къыхэнэн папщIэ бэнэныгъэ гуащIэ ди щIалэхэм нобэкIэ ирагъэкIуэкIми, нэгъабэрей зэхьэзэхуэм еханэ увыпIэр къызэрыщахьам къегъэлъагъуэ абыхэм ди пщIэр зэрамыгъэпудыр икIи ехъулIэныгъэщIэхэр адэкIи зэраIэнур.

ЖЫЛАСЭ Заурбэч.

# Лъэпкъым и пщащэ гъэфIэн




Мэз Каринэ

Мы илъэсым Адыгэхэм я Фэеплъ махуэр Гугъэм и махуэ хъуауэ пхужыIэнущ. Ар и фIыгъэщ дуней псом нэхъ лъагэ дыдэу тет Джомолунгмэ (Эверест) бгым Налшык щыщ пщащэ Мэз Каринэ накъыгъэм и 21-м дэкIыу адыгэ ныпыр абы и щыгу зэрытригъэувам.

КАРИНЭ школымрэ лицеймрэ къыщIэкIа нэужь, КъБКъУ-м и экономикэ къудамэм щIэтIысхьэри, ар диплом плъыжькIэ къиухащ. IэщIагъэм дихьэхыу зэман гуэр тригъэкIуэдами, икIэм-икIэжым хъыджэбзым къыгурыIуащ ар ахъшэ бжын Iуэхум къызэрыхуимыгъэщIар. «Зы закъуэ фIэкIа мыхъу гъащIэр адрейхэм ящIар зэпэслъыту, сэ зыри къэзмыгъэхъуу дауэ зэрызгъэкIуэнур?» - а упщIэм и жэуапыр къилъыхъуэурэ, Каринэ экономист IэщIагъэр ихъуэжащ. Iуащхьэмахуэ лъапэм къимыкI адэ-анэм я гъусэу зи сабиигъуэр абы щызыхьа адыгэ пщащэр хуэм-хуэмурэ езыри бгым дихьэх хъуащ. Иджы Мэзым туризмымкIэ инструкторхэр щагъэхьэзыр еджапIэр къиухыжауэ, илъэсипщIым щIигъунщ цIыхухэр Iуащхьэмахуэ дришеин зэрыщIидзэрэ. Езыр абы лъандэрэ щэм щIигъурэ а бгым дэкIащ. Куэд щIакъым Каринэ Тянь-Шань бгы Iэрамэм хыхьэ, метр 7.010-рэ зи лъагагъ Хан-Тенгри къуршым зэрыдэкIрэ. Езым зэрыжиIэмкIэ, апхуэдэу абы Эверест и метр 8.848-м зыхуигъэхьэзыру арат. Къищынэмыщlау э, Каринэ ски-альпинизм жыхуаIэ спорт лIэужьыгъуэми хуэIэзэщ. 2010 гъэм Домбай щекIуэкIа зэпеуэм Мэз Каринэ ски-альпинизмымкIэ дыжьын медалищ къыщихьауэ щытащ.

Ауэ иджы, псоми зэращIэщи, Каринэ и ехъулIэныгъэ нэхъыщхьэр 2011 гъэм накъыгъэм и 21-м Эверест зэрыдэкIуеяращ. Лъэпкъым и Фэеплъ махуэр Махуэшхуэ зыщIыфа Мэзхэ я пхъум хуэфэщэн пщIэи игъуэтащ. Къэбэрдей-Балъкъэрым къикIа гупышхуэм ар Минводы аэропортым къыщрагъэблэгъэжащ асыхьэтым щрагъэтIэгъа адыгэ фащэр яIыгъыу.

Иджы адыгэ пщащэм и мурадщ «ЦIыхуукI» цIэр зыгъ уэта Чогори къуршым дэкIыну. Каракорум бгы Iэрамэм лъагагъкIэ и етIуанэ къуршу зэрыщытым щхьэкIэ К-2 зыфIащам удэкIыныр куэдкIэ нэхъ гугъуу къалъытэ Эверест нэхърэ, езыр тIэкIу нэхъ лъахъшэ пэтми. Чогори и лъагагъыр зэрыхъур метр 8.611-щ. Нобэр къыздэсым абы дэкIыфар цIыху 249-рэ къудейщ, ауэ щыхъукIэ Эверест 1.500-рэ дэкIащ. ДэкIуеину зезыпщытхэм ящыщу цIыхуиплI къэс зыр хэкIуадэу къалъытэ. Каринэ Эверест дэкIуеиным текIуэда мылъкур Дунейпсо Адыгэ Хасэмрэ адыгэ щIалэ зыбжанэмрэ къабгъэдэкIамэ, абы и мурадыщIэр КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен къыдиIыгъыну къигъэгугъащ пщащэр игъэлъэпIэну щригъэблагъэм.

Дэнэ щыIэ адыгэми и щхьэр лъагэу езыгъэIэта Мэз Каринэ илъэсым и кIуэцIкIэ лъэпкъым и пщащэ гъэфIэн хъуащ. Ар Iэпкъ-лъэпкъ бэшэч зиIэ хъыджэбз лъагъугъуафIэм и мызакъуэу икIи хьэл-щэн дахэ зыхэлъ, гупсысэкIэ щIэщыгъуэ зиIэ пщащэ хьэлэмэтщ. Абы и щыхьэтщ Эверест тету абы игу къэкIауэ жиIэжахэр: «Дэтхэнэ бгыми и щыгум ущытехьэкIэ, япэу уигу къихьэр Псом Нэхърэ Нэхъ Лъагэращ. Сэ сщIэрт а дакъикъэм абы сыткIэ семылъэIуами зэрызэхихынур. Ауэ зыкIи селъэIуну сыхуейтэкъым, фIыщIэ зэрыхуэсщIыр жесIэну фIэкIа».

ЧЭРИМ Марьянэ.

Ди газетым и къыкIэлъыкIуэ номерыр къыщыдэкIынур фокIадэм и 3-рщ.

1921 2011

Редактор нэхъыщхьэхэр: ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд ТХЬЭГЪЭПСЭУУвжыкъуэ ДЕРБЭ Тимур

ДИ ХЭЩIАПIЭР
360030, Налшык къалэ, Лениным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 5 , епщIанэ къат

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ,
Лениным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 33,
тел. 42-35-75.

Газетым Iэ тедзэн хуейщ сыхьэт 20.00-м.
Щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.
Номерыр “Адыгэ псалъэм” и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.

№ Н-0065
Индексыр 51531
Тираж 10.005
Заказ №3155